**O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**SOTSİALLIQ PA’NLER KAFEDRASI**

Tariyx-huqıq fakulteti filosofiya bag’darının’ 4-kurs studenti Qayıpnazarov Aydostın’ pitkeriw qa’nigelik jumısı

# MIYNET ISKERLIGI TURMIS OBRAZININ’ QURAMLAS BO’LEGI SIPATINDA

İlimiy basshı ____________________ F.i.k., dots. Yu.Alimbetov
qolı

Kafedra baslıg’ı ______________________ F.i.d. A.K.Berdimuratova
qolı

**No’kis -2014**

## MAZMUNI


Kirisiw ……………………………………………………………………...3

I bap. Miynet iskerliginin’ turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarları ..……………………..…………………… 9

§ 1.Turmıs obrazı sotsiallıq-filosofiyalıq tu’sinik sıpatında………………...9

§ 2. Turmıs obrazında miynet iskerliginin’ ornı ha’m roli ………...………34

II Bap. G’a’rezsizlik tusında elimiz turmıs obrazının’ jan’alanıwında miynet iskerliginin’ tu’pkilikli o’zgeriske tu’siwi ma’seleleri ………………..……….55

§ 1. Rawajlanıwdın’ «o’zbek modeli» ha’m miynet iskerligi ……..……….55

§ 2. Elimizde miynet iskerliginin’ ha’zirgi halatı ha’m tiykarg’ı tendentsiyaları (opros tiykarında) ………………………………………………...68

Juwmaqlaw ………………………………………………………………..84

Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi ………………………..……………….88

Qosımshalar

# Kirisiw

G'a'rezsiz elimiz rawajlanıwının' ha'zirgi basqıshlarında ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferaları boyınsha burın bolmag'an da'rejede alg'a ilgerilewlerdin' gu'wası bolmaqtamız. Bul adamlardın' miynet ha'm miynetten tısqarı o'mir su'riw, jasaw sharayıtların ha'm olardı o'ndiriw, qayta o'ndiriwge baylanıslı aktivligin, do'retiwshilik iskerligin o'z ishine alatug'ın turmıs obrazının' da ayrıqsha jan'a, insan iygiligine qaratılg'an sapag'a o'tkenligin ha'm rawajlanıp atırg'anlıg'ın an'latadı.

Turmıs obrazı tutas, pu'tin sotsiallıq qubılıs. Ol ja'miyettin' rawajlanıwının' ma'lim basqıshına ta'n o'mir su'riw, jasawdın' sharayıtları negizinde qa'liplesedi. Og'an tiyisli o'ndiris usılı, o'ndiriwshi ku'shler ha'm o'ndiris qatnasları, miynetti sho'lkemlestiriwdin' ayrıqsha forması, tariyxıy qa'liplesken adamlardın' turaqlı formaları ha'm olardın' o'z-ara qatnasları h.t.b. bul ja'miyet ta'repinen qa'liplesetug'ın adam o'mir su'riwi, jasawı ha'm bolmısı usılının' obektivliginin' nızamı ha'm printsipi. Sonın' menen birge turmıs obrazı bul obektiv sharayatlardın' a'piwayı "tuwındısı" emes, al adamlardın' aktivliginin', do'retiwshiliginin' na'tiyjesi de. Bul boyınsha insannın' miynet iskerliginin' ornı ha'm roli ayrıqsha. Miynet ha'mme waqıt adam bolmısının' tiykarı, sheshiwshi faktorı, adamlardın' jasaw, o'mir su'riwinin', adamnın' sotsiallıq ta'biyatın belgilewshi faktor bolg'an, bola beredi de.

G'a'rezsizlik adam iskerliginin' bul tiykarg'ı sferasında onın' ishki imkaniyatları, talant ha'm uqıpları, do'retiwshilik potentsialı materiallasıwı ushın ken' jol ashıp berdi. Elimizde miynetke qatnas, miynetke ta'rbiya, miynetke a'detleniw, onın' pu'tkil ja'miyettin' o'mir su'riwinde rolin qollap-quwatlaw, ha'rbir adamnın' jeke baxıtqa erisiwinin' birden-bir jetekshisi miynetkeshlik turmıs obrazı bolıp tabıladı. Onı g'a'rezsiz elimiz mısalında ayqınıraq ko'riwimiz mu'mkin. O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.Karimov O'zbekistan Respublikası Konstitutsiyasının' qabıl etilgenliginin' 21 jıllıg'ına bag'ıshlang'an saltanatlı ma'resimdegi bayanatında g'a'rezsizlik jılları qolg'a kirgizilgen

tabıslardı ayta kelip bılay deydi: “A’yne waqıtta biz bir haqıyqattı jaqsı an’laymız: a’lbette zamanago’y Konstitutsiyag’a, onda ko’rsetip berilgen maqsetlerge erisiw ushın islep shıg’ılg’an strategiyag’a iye bolıw mu’mkin. Biraq, miynetkesh ha’m a’liyjanab xalqımız bul jolda tawday tayanısh bolıp turmasa, o’zin’iz aytın’, a’ziyz doslarım, qa’dirdanlarım, biz mine usınday joqarı sheklerdi qolg’a kirgize alarma edik?

Tek xalqımızdın’ ma’rtligi ha’m shıdamı, janku’yerligi ha’m qaysarlıg’ı, adamlarımızdın’ qaharmanlıq miyneti ba’rshemizge haqılı ra’wishte maqtanısh tutatug’ın u’lken tabıs ha’m na’tiyjelerge erisiw imkaniyatın berdi”.[1]

Xalıqtın’ turmıs obrazın jetildiriwde tariyxıy turmıs ukladı, oylaw obrazı, da’stu’r, u’rp-a’detlerin na’zerde tutıw ha’tteki negiz etiw esapqa alınar eken,[2] bul protsesste de miynet iskerliginin’ turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında ornı ha’m roli basım. Aqırı, miynet, demek adamnın’ o’zin-o’zi a’melge asırıwı, o’z ma’nisin o’zi ashıwı, xalıqtın’ oylaw obrazı, da’stu’r, u’rp-a’detlerine enisip ketken. O’tiw da’wirinin’ qıyınshılıqların ha’m problemaların sheshiwde, o’tmish penen zamanago’yliktin’ miyraslıg’ın saqlawda ma’ha’lle ha’m shan’araqtın’ mentalitetimizdin’ tayanıshı sıpatında rolinin’ basımlıg’ına[3] baylanıslı usını ayta alamız.

Solay etip, turmıs obrazı, miynet iskerligi problemalarının’ ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme sferaları problemaları menen o’z-ara tıg’ız baylanıslıg’ın ko’remiz. Bul baylanıslardı ja’miyet bolmısı rawajlanıwının’ spetsifikası, demek tariyxıy protsesstin’ konteksinde analizlew ha’m sheshimler jasaw za’ru’rligi payda boladı.

Bir mısal. Elimizde ko’p jıllardan berli ha’r jılg’a at qoyıladı ha’m sog’an ılayıq iske asırılatug’ın wazıypalar ko’rsetilip, olarg’a ılayıq ilajlar a’melge asırıladı. Aytayıq, 2014-jıl “Salamat bala jılı”. Bul jıldın’ ha’m o’zine jarasa wazıypaları bar, olar ha’zir xalqımızdın’ bir awızdan qollap-quwatlawı, pidakerlik miyneti na’tiyjesinde tabıslı iske asırılıp atır.

---

[1] Қараңыз: Каримов И. Амалга ошираётган ислоҳотларимизни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти қуриш – ёруғ келажагимизнинг асосий омилидир. Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 21 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. 2013 йил 7 декабрь. Т., 2013, 14-15 б.
[2] Каримов И. Узбекистан национальная независимость, экономика, политика, идеология. Т.: Ўзбекистон, 1996, с. 40-41.
[3] Қараңыз: Каримов И.А. Родина священна для каждого. Соч. Т.3. Т.: Ўзбекистон, 1996, с. 263.

Bul ha’m usı taqıletles g’a’rezsiz elimizdegi tu’pkilikli o’zgerislerdin’ ju’zege keliwi menen birge ma’lim mashqalalardı analizlew ha’m ma’lim region mısalında konkretlestiriw ju’da’ za’ru’rli.

Ulıwmalastıra aytqanımızda, miynet iskerliginin’ praktikalıq ha’m ilimiy aktuallıg’ın tastıyqlaytug’ın tiykarlar jetkilikli. A’sirese, onı izertlewdegi basqa ilimlerdin’ ornın ha’m rolin hesh ha’m biykarlamastan aytıwımız kerek, bul fenomendi tariyxıy ha’m sistemalıq aspektte, olardın’ birliginde analizlewde sotsiallıq-filosofiyalıq qatnastın’ biliwlik imkaniyatları molıraq. Ol ma’lim sotsiallıq organizmnin’ ja’miyetlik o’mir su’riw, jasawındagı ulıwmalıq, ayrıqshalıq ha’m jekeliktin’ quramalı dialektikasın ashıp, ku’ndelikli adam o’miri ha’m iskerligi prizması arqalı qa’liplesken ha’m reallıqta ha’rekettegi ja’miyetlik qatnaslardın’ o’zgesheliklerin ko’rsete alıw imkaniyatına iye.

Turmıs obrazın, miynet iskerligin izertlew ma’nawiy, ideologiyalıq ju’klemege de iye. Heshkimge sır emes, ma’lim ku’shler, toparlar elimizdin’ g’a’rezsizlik tusında erisken tabıslarına qızg’anshaqlıq penen, ko’re almawshılıq penen qatnas jasawg’a umtıladı. Bul ha’rtu’rli muqamda ko’riniske iye. Elespesiz, a’piwayı videoroliklerden baslap ashıqtan-ashıq “beyish o’mirdi” wa’de etken shaqırıqlarg’a deyin baradı. Bul a’sirese, ele buwını qata qoymag’an, ashshı-dushshını tatıp u’lgermegen, onın’ u’stine, burıng’ı Awqamdı aytpag’anda ha’zirgi du’nyanı internettegi xabarlar, kinofilm, ha’rqıylı videoklipler, ulıwma massalıq ma’deniyat produktsiyaları, barg’an-kelgenlerden u’zik-u’zik informatsiyag’a iye bolıwı arqalı bolmasa, ha’mmesin analizlep, juwmaq jasawı mashaqatlı jaslar ushın ju’da’ qa’wipli. “Biz, - dep jazadı Jurtbasshımız – xalqımızdın’ du’nyada heshkimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin’ bizden de ku’shli, bilimli, dana ha’m a’lbette baxıtlı bolıp jasawı ushın bar ku’sh ha’m imkaniyatlarımızdı bag’ıshlap atırg’an ekenbiz, bul boyınsha ruwxıy ta’rbiya ma’selesi, hesh shubhasız, ten’i-tayı joq a’hmiyetke iye boladı. Eger biz bul ma’selede sergeklik ha’m sezgirligimizdi, talaplılıg’ımız ha’m juwapkershiligimizdi jog’altsaq, bul og’ada a’hmiyetli jumıstı o’z halına, o’zi boladılıqqa taslap qoyatug’ın bolsaq, muqaddes qa’driyatlarımızg’a suwg’ıralg’an ha’m olardan azıqlang’an ruwxıy

du'nyamızdan, tariyxıy o'tmishimizden ayrılıp, aqır-aqıbetinde o'zimiz umtılg'an ulıwmainsanıy rawajlanıw jolınan shetke shıg'ıp qalıwımız mu'mkin".[4]

Prezidentimiz ta'repinen 2014-jılı 9-may Eslew ha'm qa'dirlew ku'ni g'alaba xabar quralları wa'killeri menen sa'wbetlesiw paytında bilimge, ilimge itibar, ku'sh-g'ayratlı jaslarımız erten'gi ku'nimizdin', jaqsı niyetlerimizge erisiwimizdin' tiykarg'ı faktorı ekenligine tag'ı bir ma'rtebe jurtshılıqtın' itibarın qarattı.[5]

**Problemanın' izertleniw da'rejesi.**

Turmıs obrazı ha'm onın' quramlas bo'lekleri, ma'selen, miynet iskerligi burıng'ı Awqam tusında sotsiallıq-gumanitar ilimlerdin', sonın' ishinde sotsiallıq filosofiyanın' da izertlew obekti bolg'an. Biraq olarda ideologiyalıq ju'kleme basım bolg'anlıg'ın heshkim de biykarlamasa kerek. A'sirese, o'tken a'sirdin' 60-jıllarınan baslap filosofiya, sotsiologiya, ekonomikalıq teoriya (ol waqıtları siyasiy ekonomiya dep ataladı) h.t.b. ilimler wa'killeri bul ma'sele menen ko'birek shug'ıllanıp basladı. Jumıslar tiykarınan "ulıwmasovetlik turmıs obrazın" qa'liplestiriwut, sotsiallıq jaqtan bir tekli ja'miyetke-kommunizmge o'tiwge bag'darlanar edi. Biraq sol waqıtlarda jazılg'an ma'lim jumıslar ele ilimiy-teoriyalıq imkaniyatın birotola jog'alta qoyg'anı joq.

O'tken a'sirdin' 90-jıllarına kelip, burın bul ma'sele menen shug'ıllang'an, shug'ıllanbag'anları bar, ma'lim avtorlar ta'repinen jan'a realiyler tiykarında o'z ko'z-qarasların bildirip baslaw V.A.Artemov, A.G.Butenko, A.A.Vozmitel, Yu.V.Kolesnichenko h.t.b. miynetlerinde ko'rinis taptı.[6]

Bu'ginliginde ha'm bul ma'selege itibar joq emes. Jan'a da'wirdin' jan'a problemaları ha'm olardı sheshiwdin' talapları ma'selege jan'asha qatnastı talap etedi. A'sirese, elimizdin' g'a'rezsizlik rawajlanıw protsesi ko'z-qarasınan turmıs obrazın izertlewge bag'darlang'an miynetler bar.[7]

---

[4] Қараңыз: Каримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. Т.: "Маънавият", 2008, 4-бет.

[5] Қараңыз: Тынышлық ҳәм татыўлық – елимиз раўажланыўының ҳәм халқымыз пәраўанлығының тийкары // Еркин Қарақалпақстан, 2014-жыл 13-май

[6] Қараңыз: Артемов В.А. Изменение условий и образ жизни // Социологические исследования. 1995, №1; Бутенко А.П., Колесниченко Ю.В. Менталитет россиян и евразийства: их сущность и общественно-политический смысл // Социологические исследования 1996 №9; Возмитель А.А. Образ жизни: от старого подхода к новому // Социально-политические наука – 1992 №1

[7] Қудайбергенова П.Т. Миллий турмуш тарзи, унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари. Автореф. Т. 2005; Алимбетов Ю. О структуре образа жизни народа. // Вестник Каракалпакского отделения АН РУз. 2006 №2. Алимбетов Ю. Некоторые теоретико-методологические вопросы исследования образа жизни народа. // Вестник Каракалпакского отделения АН РУз. 2009 №1.

Miynet iskerliginin’ turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında o’zgesheligine baylanıslı problemalar K.V.Javakova, M.İ.İsomov, K.Kosanbaevlar ta’repinen jaqlang’an dissertatsiyalarda ha’m o’z sa’wleleniwin tapqan.[8]

Turmıs obrazının’ ma’lim aspektlerin, aytayıq, onın’ jeke adam ha’m ma’deniyat, da’stu’rler ha’m u’rp-a’detler, milliy qatnaslar menen baylanısların izertlewde S.Otamuratov, A.Ch.Geldıeva, İ.Djabbarov, J.D.Jabbarov, G.Nadjimov, M.N.Nishanov, O.P.Umirzakova, Yu.Shodimetov h.t.b. u’lesi biraz salmaqlı.

Qaraqalpaqstan materialı tiykarında jazılg’an turmıs obrazının’, miynet iskerligi, turmıs, dem alıw, kewil ko’teriw sferalarına baylanıslı D.Saburova, J.Sag’ındıkovlardın’ monografiyalıq jumısları da bar.[9]

A’lbette bul jumıslarda turmıs obrazı, onın’ birden-bir elementi bolıp tabılatug’ın miynet iskerliginin’ ornı ha’m roline baylanıslı tujırımlar biraz salmaqlı. Ma’selenin’ teoriyalıq-metodologiyalıq ma’selelerin qaraw boyınsha da olardın’ qosqan u’lesin biykarlaw qıyın. Sonda ha’m turmıs obrazın tu’sindiriw boyınsha usı bu’ginge deyin turaqlasqan pikirdin’ joqlıg’ı onın’ quramlas elementlerinin’, sonın’ ishinde miynet iskerliginin’ pu’tinlikte ornın ha’m rolin anıqlawda biraz qıyınshılıq tuwg’ızadı. Onın’ u’stine bul ma’sele boyınsha O’zbekistan, a’sirese Qaraqalpaqstan materialı boyınsha izertlew kemde-kem, joq esabı. Usı ha’m basqa da sebeplerdin’ tiykarında bul ma’seleni qa’nigelik jumısımızg’a obekt sıpatında talqılang’an halda alg’anbız.

**İzertlewdin’ maqseti ha’m wazıypaları.**

Pitkeriw qa’nigelik jumıstın’ maqseti miynet iskerligin xalqımız turmıs obrazının’ quramlas bo’legi sıpatında analizlew negizinde onın’ bul fenomennin’ basqa quramlas bo’lekleri menen o’z-ara baylanısın, o’zgeshelik ha’m ulıwmalıqların tariyxıy protsesstin’ kontekstinde sotsiallıq-filosofiyalıq aspektte ashıw bolıp tabıladı. Qoyılg’an maqset to’mendegi wazıypalardı sheshiwge qaratılg’an.

[8] Қараңыз: Отамуратов С. Национальное самосознание и интернациональное воспитание. Т., Ўзбекистон – 1991; Гельдыева А.Ч. Национальная культура и личность. Т.: Ўзбекистон, 1993; Джаббаров И. Ўзбек халқи этнографияси. Ўқитувчи. Т., 1994; Джаббаров Ж.Д. Язык как фактор развития духовной культуры народов. Т., 1991; Наджимов Г.Н. Народные традиции и культуры. Т., Ўзбекистон, 1992; Нишанов М.Н. Обновления духовной жизни наций. Фан. Т., 1992; Умирзакова О.П. Общечеловеческие ценности: национальные традиции и обычаи в развитии // Общественные науки в Узбекистане. 1991, №2; Шодиметов Ю. Научно-технический прогресс образ жизни и здоровые. Т.: Ўзбекистон, 1987.

[9] Қараңыз: Сабурова Д. Женщины Каракалпакстана: труд, быть, равноправие. Нукус, Каракалпакстан. 1989; Сагындыков Ж. Проблема совершенствования форм досуга и духовного общения сельских тружеников. Нукус, Каракалпакстан, 1990

Turmıs obrazın sotsiallıq-filosofiyalıq tu'sinik sıpatında analizlew;

Turmıs obrazında miynet iskerliginin' ornın ha'm rolin anıqlaw;

Rawajlanıwdın' "o'zbek modeli" ha'm miynet iskerligi ma'selesin analizlew;

Elimizde miynet iskerliginin' ha'zirgi halatı ha'm tiykarg'ı tendentsiyaların konkret-sotsiologiyalıq izertlew (sawal o'tkiziw) tiykarında ulıwmalastırıw.

**İzertlewdin' metodologiyalıq ha'm teoriyalıq tiykarları.**

O'zbekistan Respublikası Prezidenti İ.Karimovtın' fundamentallıq miynetlerinde, bayanatlarında, shıg'ıp so'ylewlerinde, Qaraqalpaqstan basshılarının' bayanatlarında, ra'smiy hu'jjetlerdegi xalqımız tariyxın, sotsiallıq-ekonomikalıq ha'm ma'deniy rawajlanıwın u'yreniw boyınsha metodologiyalıq juwmaqlar, ilimiy obektivlik konkret tariyxıy izertlewler printsipleri, sonday aq sotsiallıq-filosofiyalıq, tariyxıy-filosofiyalıq ilimlerdin' jetiskenlikleri, Oraylıq Aziya oyshıllarının' intellektuallıq pikirleri esaplanadı. Jumıstın' jazılıwı barısında avtor turmıs obrazı ha'm miynet iskerligi boyınsha monografiyalıq miynetler, ilimiy jurnallardag'ı maqalalar, baspa so'z materiallarınan paydalandı.

Jumıstın' jan'alıg'ı en' aldı menen miynet iskerligin turmıs obrazının' komponenti sıpatında tariyxıy protsesstin' kontekstinde sotsiallıq baylanıs tiplerinin' tiykarında qaraw menen baylanıslı. Sonday aq elimizde miynet iskerliginin' ha'zirgi halatı ha'm tiykarg'ı tendentsiyaların anıqlawg'a baylanıslı konkret-sotsiologiyalıq izertlew o'tkizildi ha'm juwmaqları jumısta realizatsiyalandı.

**Jumıstın' teoriyalıq ha'm praktikalıq a'hmiyeti.**

Miynet iskerligin turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında o'zgeshelikleri ha'm onın' adamlardın' ku'ndelikli bolmıs usılının' basqa elementleri menen ulıwmalıg'ı ha'm ayrıqshalıqları tariyxıy protsesstin' kontekstinde qaraladı.

Jumısımızdın' tiykarg'ı juwmaqları joqarı ha'm orta arnawlı oqıw orınlarında ja'rdemshi material sıpatında paydalanılıwı mu'mkin.

Jumıstın' du'zilisi: kirisiw, eki bap, juwmaqlaw ha'm paydalanılg'an a'debiyatlar diziminen turadı.

## I bap. Miynet iskerliginin' turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarları

### § 1. Turmıs obrazı sotsiallıq-filosofiyalıq tu'sinik sıpatında

Turmıs obrazı ko'p g'ana ilimlerdin' – filosofiya, sotsiologiya, ekonomika teoriyası, etnografiya h.t.b. izertlew obekti sıpatında arnawlı a'debiyatlarda o'z sa'wleleniwine iye. Degen menen olardın' ha'mmesi a'sirese teoriyalıq-metodologiyalıq aspektte birdey da'rejede tiykarlanılg'an dep pikir ju'ritiw biraz nadurıs bolg'an bolar edi. Bul shaması, basqa sebeplerdi aytpag'anda, ko'binshe, pikirimizshe, turmıs obrazı tu'siniginin' sotsiallıq-gumanitar bilimler sistemasındag'ı ornın ha'm rolin anıqlawdag'ı u'stirtinlik penen de baylanıslı bolsa kerek. Bul jag'day, so'z joq, izertlewinin' aldına, en' aldı menen turmıs obrazının' ma'lim ilimiy, sonın' ishinde, sotsiallıq-filosofiyalıq tu'sinik sıpatında o'zgesheliklerin konkretlestiriw ha'm bul ushın qa'liplesken sotsiallıq bilimler sistemasındag'ı shegaralaslıq ornın ha'm rolin anıqlaw wazıypasın qoyadı.

A'dette tu'sinik teoriyası eki ma'niste qollanıladı. Ken' ma'niste haqıyqatlıq tuwralı barlıq bilimlerdi o'z ishine aladı ha'm bul boyınsha ol praktikag'a qarsılas. Usı ma'niste turmıs obrazının' teoriyasına ma'lim ja'miyettegi adamlardın' turmısının' turaqlı formaların sa'wlelendiriwshi ha'mme ko'z-qaraslar, pikirlewler, izertlewler h.t.b. na'zerde tutıladı. Sonın' menen birge turmıs obrazı teoriyasının' gnoseologiyalıq plandag'ı rawajlanıwın a'melge asırıw wazıypası da izertlewshinin' wazıypasına kiredi. Belgili rossiyalı filosof-alım V.A.Shtoff bılay deydi: "Teoriya degende ilimiy bilimnin' sapalı o'zinshe forması sıpatında anaw ya mınaw predmetlik tarawdın' tiykarg'ı, nızamlı ulıwma ha'm za'ru'rli ishki baylanısların sa'wlelendiretug'ın o'z-ara logikalıq baylanısqan sistemalıqqa iye haqıyqıy bilimdi tu'sinemiz".[10]

Demek, teoriya ilimiy bilimnin' ayrıqsha forması. Ol haqıyqatlıqtı sa'wlelendiriwdin' ma'lim da'rejesin minezleydi ha'm praktikag'a emes, al haqıyqatlıqtın' empiriyalıq formasına qarama-qarsı qoyıladı.

[10] Штофф В.А. Проблемы методологии научного познания. М., 1987, с. 216-217.

Empiriyalıq da'rejede obekt onın' sırtqı baylanıs ha'm ko'rinisleri ta'repinen sa'wlelense, teoriyalıq da'rejede onın' ishki baylanısları ha'm nızamlıqları ta'repinen sa'wlelenedi. Empiriyalıq da'rejede qubılıstın' sıpatlaması a'melge asırılsa, teoriyalıq da'rejede, tiykarınan, onın' tu'sindiriliwi a'melge asırıladı.

Bul eki da'reje de bir-biri menen baylanısqan. Empiriyalıq bilim teoriyanı qurıwdag'ı tiykarg'ı punkt bolıp tabıladı. Teoriya biliw protsesinin' ma'lim juwmag'ı sıpatında boladı. Empiriyalıq ha'm teoriyalıq – bular ilimiy bilimnin' otnositelli, derlik shekli o'zinshe da'rejeleri, olardın' shegaraları biraz sha'rtli de. Empiriyalıq teoriyalıqqa, teoriyalıq empiriyalıqqa o'tip otıradı. Empiriyalıq bilimde tu'sindiriwdin' elementleri bolsa, teoriya obektti sıpatlawdı engize aladı.

Sonday-aq teoriyanı, obektti biliwdin' tamamlanıwı sıpatında absolyutlestiriw de durıslıqqa kelmeydi. İlimnin' rawajlanıwının' ha'r bir etabında bizin' bilimlerimiz otnositelli, shekli ha'm shınlıqtı biliw obektiv haqıyqatlıqqa bizin' bilimlerimizdin' sheksiz jaqınlasıw protsesi. Teoriya tek biliwdin' juwmag'ı g'ana emes, qubılıslardın' ma'lim toparın izertlewdin' jan'a, biraz teren'lesken etabı. Aqırı, adamnın' oyı qubılıstan tiykarg'a qaray, birinshi da'rejeli tiykardan ekinshi da'rejeli tiykarg'a qaray teren'leser eken, usı protsessler tiykarında g'ana empiriyalıq bilimnen teoriyalıqqa deyin ko'terilemiz, al son'ınan o'mir su'rip turg'an teoriyag'a tiykar bolg'an empiriyalıq izertlewlerge mu'ra'ja'a't qılamız.

Bu'ginliginde turmıs obrazı, onın' a'sirese zamanago'y halatı, rawajlanıwı, tendentsiyaları empiriyalıq da'rejede ha'm teoriyalıq da'rejede ha'm izertlenedi.

Turmıs obrazın izertlewdin' tiykarg'ı punktı sotsiallıq filosofiya bolmawı mu'mkin emes. Nege degende, filosofiyanın' bul quramlas bo'legi turmıs obrazı atlı sotsiallıq fenomendi biliwdin' strategiyasın belgileydi. Sotsiallıq filosofiya ulıwma filosofiyanın' ajıralmas bo'legi sıpatında sotsiologiyanın' da yadrosı bolıw imkaniyatına iye ha'm ulıwmasotsiologiyalıq teoriya wazıypasın atqaradı. Onın' izertlew predmeti – ja'miyet tutas sistema sıpatında, usı sistemanın' du'zilisi, onın' o'mir su'riw ha'm rawajlanıwının' nızamları. Turmıs obrazı kategoriyası o'z ishine ja'miyettegi individlerdin' o'mir su'riwinin', jasawının' barlıq tiykarg'ı ta'replerin ja'mlep, sotsiallıq filosofiya kategoriyası sistemasına kiredi.

Turmıs obrazı kategoriyası, durıs, keshe, bu'gin ju'zege kelgeni joq. Ol tuwralı tu'sinik, bul sotsiallıq fenomennin' qalay atalıwına onshelli a'hmiyet bere bermey qarasaq, adamzat bina bolg'alı, onın' o'z jasawına, ku'n ko'risine qatnasısız, bahalawısız jasag'an ku'ni joqlıg'ın esapqa alıwdın' o'zi jetkilikli bolsa kerek.

Durıs, bul tu'sinikti onın' ilimiy aynalısqa tu'siwin dialektikalıq-materialistlik ta'liymattın' ju'zege shıg'ıwı menen baylanıstırıw, a'sirese, bul sotsiallıq qubılıstı izertlew ju'da' sa'n bolg'an o'tken a'sirdin' 70-80-jılları ju'da' ku'sheydi.[11]

Aytıw kerek, tiykarınan, bul izertlewler a'bden siyasatlasqan jag'dayda, sotsializmnin' ha'm du'zim, ha'm ta'liymat, ha'm ha'reket sıpatında artıqmashlıg'ın ko'rsetiw menen baylanıslı bolar eken, "ulıwma sovet turmıs obrazının'" artıqmashlıg'ın tiykarlaw menen tamamlandı. Bul ushın menshiklik qatnaslardın' ku'sheyiwi, menshik tu'rlerinin' bir arnag'a quyıwı, rabochiy ha'm diyqanlardın' buzılmas awqamı, ulıwmaxalıqlıq ma'mleket, milletlerdin' gu'lleniwi ha'm jaqınlasıwı ulıwma sovetlik ma'deniyat h.t.b. siyasatlasqan, ideologiyalasqan tujırımlar tiykar etip alınar edi.

Bu'ginliginde, jigirma jıldan ko'birek g'a'rezsizlikte jasap atırgan xalıqlar mısalında o'tmishke ko'z jibersek, burıng'ı Awqamnın' sol ideologiyalasqan ja'miyettin' qanshelli da'rejede utopiyag'a qurılg'anlıg'ı ha'm insan o'mirinin', ku'ndelikli turmıs obrazının' talapların, olardın' ma'pte realizatsiyalanıwının' problemalı jag'dayda iske asqanlıg'ının' gu'wası bolamız.

Endi tiykarg'ı ma'selelemizdi tag'ı da konkretlestirsek, metodologiyalıq planda turmıs obrazın ulıwmasotsiologiyalıq ha'm arnawlı yakiy jeke sotsiologiyalıq teoriya sıpatında ha'm qaraw mu'mkin. Artıg'ıraq bolsa da, tag'ı da qaytalaymız, sotsiologiyalıq izertlewlerdin' orta ha'm jeke da'rejeleri bag'darlamaları qatan' tu'rde turmıs obrazının' tu'sinik apparatına tiykarlanıwı sha'rt. Basqasha qatnas ju'zege kelse, izertlew obektinin' ma'nisi ha'm o'zgeshelikleri, xarakterli belgileri, qa'liplesiw, rawajlanıw nızamlıqları h.t.b. adekvat sa'wleleniwden sırtta qalıwı ta'a'jip emes. Bunday teoriyalıq tiykarlarsız

[11] Қараңыз: Возмитель А.А. Образ жизни: от старого подхода к новому // Социально-политическое науки. 1992, №1, с. 61-63

turmıs obrazın izertlew bo'lek-bo'lek turg'an, bir-biri menen baylanısı shamalı faktlerdin' jıynag'ı ha'm olardı a'piwayı sıpatlawdan arı bara almaydı. Al bul geyde natuwrı juwmaqlar jasawg'a alıp keledi.

Qullası, turmıs obrazı tuwralı teoriyalıq-metodologiyalıq aspektte izertlewlerdin' juwmaqları ekili-birlilikke iye bolmawına, tartıslı pikirlewdi payda etpewine heshkimnin' de kepillik beriwi qıyın. Ha'tteki bag'darlamaları biraz jaqsı islenip shıg'ılg'an konkret-sotsiologiyalıq izertlewler ha'm teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarlanıwdan biraz uzaqlasar eken, juwmaqqa ma'lim nuqsanlar bolıwı ta'a'jip emes. Aytayıq, miynetke qatnas penen shan'araqqa qatnastın' ara-qatnasında shan'araqqa qatnastın' ornı ha'm roline baylanıslı sorawnamag'a unamlı juwaptın' basımlıg'ı ju'zege kelgen jag'dayda insannın' ku'n-ko'risinin' tiykarı bolg'an miynettin' onın' turmıs obrazındag'ı tiykarg'ı sheshiwshi roldi oynaytug'ınlıg'ı esapqa alınsa da, basqalarının' sayasında qalıp qoyg'an bolar edi. Durıs, respondentlerdin' shan'araqtın' turmıs obrazındag'ı ornına baylanıslı miynetke qarag'anda artıqmashlıg'ın ko'rsetiwi ha'm reallıq. Biraq bunı tiykarlaw ma'selesi de belgilewshilik ha'm belgileniwshilik arasındag'ı shım-shıtırıq baylanıslardın' en' baslısın, jetekshisin tabıw ha'm og'an su'yeniw talap etiledi. Usı sebepli de respondentlerdi jasalma situatsiyalarg'a tıg'ıw, ma'selelenkiden, "Siz neni ko'birek bahalaysız, miynetti me, semyan'ızdı ma, balaların'ızdı ma?" dep tikkeley ha'm miynettin', ku'n-ko'ristin' deregi ekenligine onshelli itibar bere bermew bolıp tabıladı. Durıs, shan'araqqa, balalarg'a talaplar ha'm ju'da' a'hmiyetli, biraq olarg'a miynettin' za'ru'rligi, og'an talap hesh ha'm qarsı turmaydı.

Bul aytılg'anlardan ma'lim juwmaqlar jasasaq, mınalardı aytıwg'a tiyislimiz. So'z joq, jeke adamnın' bahalaw orientatsiyaların izertlew anketa arqalı soraw metodın qollanıw menen baylanıslı. Biraq, birinshiden, ol jeke adamnın' ruwxıy du'nyasın izertlewdin' jalg'ız g'ana metodı emes, jeke adamnın' bahalaw orientatsiyasın izertlewdin' basqa metodları, ma'selen, waqıttın' real byudjetin analizlew menen ushlasıwı tiyis. Ekinshiden, anketanın' sorawlarına juwaplar ha'm real haqıyqatlıq ten' emes ekenligi na'zerde tutılıwı kerek. Aqırı real jeke

adamlardın’ sezim, oy, pikir tolg’anısların olardın’ ha’reketlerisiz, iskerliklerisiz ha’m olardı inabatqa almay tu’sindiriw problemalı.

Solay etip, adamlardın’ real turmıs obrazı boyınsha qa’legen empiriyalıq izertlewler ulıwmasotsiologiyalıq teoriya – sotsiallıq filosofiyanın’ metodologiyalıq pozitsiyaları ko’z-qarasınan qaralıwı jo’n. A’lbette bul turmıs obrazın izertlew boyınsha arnawlı sotsiologiyalıq teoriyanın’ a’hmiyetin biykarlaw emes, al ol toplag’an juwmaqlar sotsiallıq-filosofiyalıq izertlewlerdin’ poliparadigmalıq tujırımlarg’a keliwine imkaniyat beredi. Onın’ u’stine, aytıwımız kerek, turmıs obrazı teoriyasının’ rawajlanıwının’ o’zi empiriyalıq sotsiologiyalıq izertlewler ha’m basqa da ja’miyetlik ilimler – ekonomikalıq teoriya, etnografiya, demografiya, psixologiya h.t.b. ilimler bazasında keshedi.

Jeke ja’miyetlik ilimler turmıs obrazın sotsiologiyalıq kategoriya sıpatında ken’ qollanadı. Biraq olar turmıs obrazın tutas qubılıs sıpatında emes, al onın’ anaw ya mınaw aspektin, onın’ ja’miyetlik turmıstın’ belgili protseslerine ta’sirin g’ana izertleydi. Ma’selen, ekonomikalıq teoriya turmıstın’ da’rejesin, adamlardın’ materiallıq talapların o’ndiristin’ rawajlanıwı menen baylanıslı, ja’miyette tutınıwdın’ forma ha’m protsesslerin, olardın’ turmıs obrazı menen o’z-ara baylanısın izertleydi. Demografiyanı turmıs obrazındag’ı o’zgerislerdin’ tuwılıwg’a, o’limge, xalıqtın’ migratsiyasına h.t.b. ta’siri qızıqtıradı.

Sotsiologiya menen etnografiya arasında baylanıs ha’m spetsifikalıq xarakterge iye. Etnografiya sotsiologiya sıyaqlı sotsiallıq toparlardın’, turmıs obrazının’ o’tmishin ha’m bu’ginligin ha’m ha’r ta’repleme izertleydi. Degen menen sonı na’zerde tutıw jo’n, sotsiologiya menen etnografiyanın’ izertlew zonaları ma’lim o’zgesheliklerge iye. Aytayıq, sotsiologlardı en’ aldı menen ha’rqıylı etniklik ortadag’ı sotsiallıq protsessler qızıqtırsa, etnograflar ushın jeke sotsiallıq toparlardag’ı etniklik protsessler izertlew predmeti.

Qullası, turmıs obrazı teoriyasının’ sotsiallıq bilimler sistemasındag’ı ornın qaraw protsesinde sotsiallıq filosofiyanın’ ulıwmasotsiologiyalıq teoriya sıpatında ornı ha’m rolinin’ ayrıqshalıg’ın tag’ı bir ma’rtebe atap o’temiz. Sonın’ menen birge sotsiologiyalıq teoriyanın’ orta da’rejesi konkret sotsiologiyalıq izertlewler

menen birlikte jeke ilimlerdin' – ekonomikalıq teoriya, etnografiya, psixologiya, demografiya h.t.b. turmıs obrazın izertlewdegi sotsiallıq bilimler sistemasındag'ı ornı ha'm rolinin' a'hmiyetliligin na'zerde tutamız.

A'lbette turmıs obrazı tu'sinigi tuwralı ma'sele bul aytılg'anlar menen tamamlanbaydı. Turmıs obrazın belgilewshi faktorlar, bul fenomennin' du'zilisi, funktsiyaları h.t.b. ma'selelerge arnawlı toqtawg'a tuwra keledi. Onın' u'stine, bul problemanı izertlewge bag'darlang'an jumıslardın' sanının' ko'p bolıwına qaramastan, onın' anıqlanıwı usı bu'ginge deyin diskussiyalı. Bul tu'sinik sonshelli ko'p tu'rlilikke iye bolar eken, onın' birden-bir definitsiyasına umtılıw o'nbeytug'ın talap, sonın' ushın definitsiya ma'selesi toqtatıp, bul fenomen konkret izertlewge o'tken maqul degen ko'z-qaraslar ha'm bolg'an. Bunday ko'z-qaras sıng'a da alıng'an.[12] Durıs, bunday sın ko'z-qaraslar ko'birek burıng'ı Awqam tusında jarıq ko'rgen ma'lim ilimiy jumıslarg'a ta'n. Bul jag'day "ulıwmasovetlik turmıs obrazın" ornıqtırıwg'a qaratılg'an ideologiya hu'kimdarlıq qılg'an tustag'ı tubalawshılıq penen de baylanıslı ekenligin na'zerde tutıwımız kerek.

Ba'ribir sol na'rseni taqıyqlap alıw za'ru'rli, turmıs obrazı teoriyasının' tiykarg'ı tu'siniklerin filosofiyalıq analizlemey, ashpay onın' qa'liplesiw, jetiliw ha'm rawajlanıwının' real protsesslerin konkret izertlew ha'm mu'mkin emes.

Shınında da, "turmıs obrazı" tu'sinigin anıqlawdın' qıyınshılıqları real fenomennin' o'zinin' quramalı ha'm ko'p qırlılıg'ı menen baylanıslı. Logikalıq anıqlaw problemesı izertleniwdegi obekttin' tiykarg'ı ha'm spetsifikalıq belgilerin bo'lip ko'rsetiwge, fiksatsiyalawg'a barıp taqaladı. Biraq bunday qa'siyetlerdin' tiykarg'ısının' kriteriyi ne boladı? Bug'an juwaptı formal logikadan emes, al dialektikadan, dialektikasın logikadan izlew kerek. Bunday kriteriy, o'lshem, a'lbette, adamzat praktikası boladı. Pu'tkil adamzat praktikası predmettin' tolıq anıqlamasına ha'm shınlıqtın' kriteriyi ha'm predmettin' adamg'a za'ru'rlisinin' anıqlag'ıshı sıpatında enedi.

Qullası, dialektikalıq logikanın' usı printsipinen shıg'a otırıp g'ana "turmıs obrazı" tu'siniginin' ma'nisi, onın' sotsiallıq filosofiyanın' basqa kategoriyaları

[12] Бутенко А.П. Образ жизни: проблемы и суждения. М., 1978, с. 29.

ishinde ornın ha'm rolin, spetsifikasın, onın' ilim ha'm praktika ushın metodologiyalıq a'hmiyetin ashıw kerek. Ko'p g'ana avtorlar o'zlerinin' jumıslarında turmıs obrazı kontseptsiyasın islep shıg'ıw ushın turmıs obrazın ayrıqsha sotsiallıq qubılıs sıpatında anıqlap, onın' spetsifikalıq funktsiyasın ashıw za'ru'rligin aytadı.

Ga'p ha'm sonda, turmıs obrazı kategoriyasının' praktikalıq ha'm teoriyalıq za'ru'rligi ha'm onın' sotsiallıq filosofiyanın' basqa kategoriyaları menen almastırılmaslıg'ı onın' ja'miyet rawajlanıwının' ma'lim basqıshındag'ı individlerdin' turmısının' tutas minezlemesin beriwinde g'ana emes, al anaw ya mınaw ja'miyetlik-ekonomikalıq formatsiyanın' individlerdin' o'mir su'riw, jasawının' da'rejesindegi ko'rinisi de boladı. Tap usınday qatnas turmıs obrazı boyınsha jarıq ko'rgen miynetlerdin' derlik ha'mmesine de ta'n. Basqasha aytqanda, ha'tteki ma'lim o'ndiris usılıp individlerdin' jasaw, turmısının' da'rejesinde qarawg'a deyin taqalg'anda ha'm tiykarg'ı individlerdin' ku'ndelikli ha'm ja'miyetlik bolmısının' sintezi ko'riniske iye boladı. Bul ulıwmalıq, onın' u'stine, turmıs obrazın ja'miyetlik rawajlanıwdın' ma'lim basqıshının' qa'liplesiw ha'm rawajlanıwının' tiykarg'ı ta'replerin qaraw bolıp konkretlesedi de.

Degen menen, ayırmashılıqlar ha'm bar. Turmıs obrazının' konkret ulıwma mazmunı, onın' du'zilisi h.t.b. tuwralı pikirlewler baslanar eken, ayırmashılıqlar da'rhal ko'zge taslanadı. Turmıs obrazı talaplar o'ndiriliwinin' ha'm qanaatlandırılıwının' usılı,[13] jasaw usılı,[14] o'mir su'riwdin', jasawdın' formaları ha'm usılı[15] ja'miyetlik qatnaslardın' sho'lkemlesiw usılı,[16] adamnın' o'z o'mirin o'zi sho'lkemlestiriw usılı.[17]

Bular ha'm usı taqıletles ko'z-qaraslardın' bolıwı ta'biy: pikirler ko'p tu'rliligi izertlew obektine ja'n-jaqlama qatnas jasawg'a ha'm ulıwmalastırıwlar jasawg'a tu'rtki bolatug'ını dawsız. Bul bag'darda turmıs obrazın anıqlawdı teren'lestirer ekenbiz, onın' du'zilisin anıqlaw za'ru'rligi ju'zege keledi.

---

[13] Қараңыз: Здравомыслов А.Г. Методология и процедура социологических исследований. М., 1989, с. 22.
[14] Қараңыз: Келле В.Ж., Ковальзои М.Я. Теория и история. М., 1981, с. 1999.
[15] Қараңыз: Шодиметов Ю.Ш. Научно-технический прогресс, образ жизни и здоровье. Т., 1987, с. 17.
[16] Қараңыз: Савруцкая В.Н. Образ жизни и исторические формы общения. К., 1989, с. 6-17
[17] Қараңыз: Қудайбергенова П.Т. Миллий турмуш тарзи, унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари. Автореферат. Т., 2005, 1 бет.

Ken’ ma’niste “turmıs obrazı” tu’sinigi tirishiliktin’ o’ndiriliwi, qollap-quwatlanılıwı, qa’legen tirishilikti alıp keliw o’mir su’riw, jasawının’ ayrıqshalıqları ha’m formaları na’zerde tutıladı. Bul ma’niste bul tu’sinik tek g’ana ja’miyetlik ilimler emes, al tiri materiyanı izertlewshi ta’biyattanıw ilimleri da’rejesinde de qollanıladı.

Belgili, materiyanın’ ha’reket etiwinin’ en’ joqarg’ı ha’m quramalı forması sotsiallıq bolar eken, adamzat ja’miyetinin’ tirishiligin minezleytug’ın turmıs obrazı bay ha’m ko’p qırlı mazmung’a iye boladı. Usınday ken’ligine qaray “turmıs obrazı” tu’sinigi en’ aldı menen sotsiallıq filosofiyanın’ kategoriyası bolıp tabıladı.

Sotsiallıq filosofiya ko’z-qarasınan turmıs obrazı kategoriyası sotsiallıq turmıstın’ o’zinin’ ko’p tu’rliligindegi ma’lim tipin an’latadı. Turmıs obrazın “tarıltıw” ma’nisinde ku’ndelikli minez-qulıq, qatnaslar menen sheklew yakiy onı ruwxıy qubılıslar, ma’selen, a’dep-ikramlıq penen sheklew misli sotsiallıq turmısta onın’ jeke ko’rinisleri menen sheklew sıyaqlı bolıp, haqıyqatlıqqa tuwrı kelmeydi. Bu’ginliginde, turmıs obrazın anıqlawda bunday birta’repleme qatnas biraz keyin serpildi ha’m alımlardın’ ko’pshilik bo’legi bul qubılıstın’ tutas ha’m pu’tinligine, onın’ o’zine adam o’mirinin’ ha’mme ta’replerin engizetug’ınlıg’ın hesh ha’m biykarlamaydı. Bul boyınsha turmıs obrazın obektiv sharayıtlar menen belgileniwi menen birge adamlardın’ o’z bolmısın jaratıw aktivliginin’ birliginde tu’siniw biraz o’nimli bolsa kerek.[18]

Turmıs obrazı tirishiliktin’ ha’mme usılların minezleydi. Sonın’ menen birge turmıs obrazı sotsiallıq turmıstın’ sapalıq o’zgeshelikke iye tu’ri ha’m onda o’mirdin’ ko’rinisinin’ ha’rtu’rli usılları o’z-ara baylanıslı. Nızamlı tu’rde turmıs obrazının’ du’zilisi qanday degen soraw payda boladı. Bul ma’seleni anıqlaw en’ aldı menen iskerliktin’ ma’nis, mazmunın ashıw menen baylanıslı. Tirishiliktin’ o’zi, iskerlik aqırı. Belgili rossiyalı psixolog-alım A.N.Leontev “insan o’miri – bul, en’ aldı menen birin-biri almastıratug’ın iskerliktin’ jıyındısı, anıg’ırag’ı,

---

[18] Қараңыз: Алимбетов Ю. О структуре образа жизни народа // Вестник Каракалпакского отделения АН РУз №2, 2006, с. 76-77; Қудайбергенова П.Т. Миллий турмуш тарзи, унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари. Автореф. Т., 2005, 1 б.

sistemasɪ”[19] dep jazg’an edi. İskerlik – bul adamnɪn’ turmɪslɪq aktivliginin’ ko’rinisi, onɪn’ bolmɪsɪnɪn’ usɪlɪ. Turmɪslɪq aktivliliktin’ a’piwayɪ elementi ha’reket, postupok. İskerlik adamnɪn’ ha’reketlerinin’ shɪnjɪrɪ. Ol belgili maqsetke jetiwge bag’ɪng’an o’z-ara ma’lim turmɪslɪq funktsiyanɪ orɪnlaw menen baylanɪslɪ. Bul o’z-ara baylanɪsta ha’reketler shɪnjɪrɪ turaqlɪ xarakterge iye ha’m iskerliktin’ tu’rleri sɪpatɪnda ko’riniske iye. Adamnɪn’ o’miri, jasawɪ, en’ aldɪ menen iskerlik tu’rlerinin’ sisteması boladɪ ha’m ol turmɪs obrazɪn minezleydi.

O’z-ara baylanɪsqan ha’reketlerdin’ shɪnjɪrlarɪn bo’liw iskerliktin’ tu’rlerin anɪqlawdɪ, demek adamnɪn’ iskerligin klassifikatsiyalawdɪ an’latadɪ. Adamnɪn’ o’miri sheksiz ha’rqɪylɪ ha’reketlerden turadɪ. Sol sebepli iskerlikti klassifikatsiyalaw qɪyɪn ma’selenin’ biri. Sonɪn’ menen birge turmɪs obrazɪ iskerlik tu’rlerinin’ sisteması bolar eken, onɪn’ klassifikatsiyası turmɪs obrazɪn izertlewde birinshi da’rejeli metodologiyalɪq a’hmiyetke iye.

Belgili, qa’legen ha’rekettin’ deregi ha’rqashan qarsɪlɪqlar menen baylanɪslɪ. Olar sonday-aq metodologiyalɪq ha’rekettin’ sotsiallɪq forması sɪpatɪnda adamlardɪn’ iskerliginin’ tiykarg’ɪ sebebi boladɪ. Bul qarsɪlɪqlar sotsiallɪq haqɪyqatlɪqta en’ aldɪ menen talaplar tu’rinde boladɪ. Talap – bul adamda bar menen og’an nenin’ za’ru’rligi arasɪndagɪ qarsɪlɪq. Belgili, adamlar o’zlerinin’ ha’reketin o’zlerinin’ tikkeley oylawɪnan shɪg’aratug’ɪnlɪg’ɪ bar. Biraq ol adamlardɪn’ talabɪnan kelip shɪg’adɪ.

Talaplardɪn’ ko’p tu’rliligi adamzat iskerliginin’ ko’p tu’rliligin belgileydi.[20] Adamnɪn’ talapları sotsiallɪq xarakterge iye. Olar o’zgerissiz qalmaydɪ. Bir talaplardɪn’ qanaatlandɪrɪlɪwɪ ekinshilerin payda etedi. O’ndiristin’ rawajlanɪwɪ, ja’miyettin’ sotsiallɪq sho’lkemlesiwi, ruwxɪy ma’deniyattɪn’ rawajlanɪwɪ menen tek g’ana individuallɪq talaplar emes, al ja’miyetlik talaplar da o’zgeriske tu’sedi. Materiallɪq talaplar ha’m materiallɪq iskerlik tiykarɪnda sotsiallɪq siyasiy ha’m ruwxɪy talaplar ha’m olardɪ qanaatlandɪrɪw boyɪnsha iskerliktin’ sa’ykes tu’rleri ju’zege keledi.

[19] Леонтьев А.Н. Деятельность сознание личность. М., 1995.
[20] Фалсафа. Қомусий луғат. Т., 2004, 468 б.

İskerliktin’ tu’rlerin klassifikatsiyalawdı ha’rqıylı o’lshemler arqalı a’melge asırıw mu’mkin. En’ aldı menen iskerlik tu’rleri talaplardın’ xarakteri menen belgilenedi. A’dette adamlardın’ talapları ha’m iskerliklerinin’ tu’rlerin olar arqalı qanaatlandırılıw menen baylanıstırıw bar. Adamzat talapları – uzaq tariyxıy rawajlanıwdın’ produktı. Olar o’zinin’ predmeti (adam nege za’ru’r?) ha’m subekti (kim za’ru’r?) boyınsha ajıralıp turadı. Predmeti boyınsha talaplar biologiyalıq ha’m sotsiallıq, materiallıq ha’m materiallıq emes (sotsiallıq-siyasiy ha’m ruwxıy) al subekti boyınsha ja’miyetlik, sotsiallıq-toparlıq ha’m jeke bolıp bo’linedi.

Talaplardın’ bul klassifikatsiyası iskerliktin’ ja’miyettegi fundamental tu’rlerin metodologiyalıq, o’ndirislik, sotsiallıq-siyasiy ha’m ruwxıy bo’liwdin’ tiykarı esaplanadı. İskerliktin’ subekti boyınsha sotsiallıq turmıstı analizlew ushın ja’miyettin’ o’mir su’riw ha’m rawajlanıwın tutas, pu’tin sistema, sotsiallıq-toparlıq iskerlik ha’m individuallıq iskerlik sıpatında bo’liw mu’mkin. Bul klassifikatsiya adamzat iskerligi teoriyasın islep shıg’ıw, ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme sferaların izertlew ushın ju’da’ a’hmiyetli. Bunday qatnas ko’p tu’rli adamzat iskerligi ishindegi en’ tiykarg’ısın, genetikalıq jaqtan birinshi tu’rin ha’m og’an basqa tu’rlerinin’ tiykarlanatug’ının, demek ol arqalı basqa tu’rlerinin’ ju’zege shıg’aratug’ının bo’lip ko’rsetiw orınlı. Bul – adamlardın’ materiallıq o’ndirislik iskerligi bolıp tabıladı.

Turmıs obrazı teoriyası ushın bul klassifikatsiya ma’lim konkretlestiriwdi talap etedi. Bul jag’day a’dette turmıs obrazı sistemasında individler da’rejesinde belgilengen za’ru’rlikke iye. İndividler iskerligi sistemasında tiykarg’ı individ ta’repinen ku’n-ko’ris, jasawg’a iyelik etiwge bag’darlang’an. Eger ja’miyet da’rejesinde pu’tinley alg’anda iskerliktin’ bunday tu’ri materiallıq-o’ndirislik, al individtin’ o’mir su’riw, jasawının’ da’rejesinde bul ha’m ja’miyetlik-siyasiy ha’m ruwxıy iskerlik, yag’nıy miynet iskerligi tek materiallıq-o’ndirislik emes, al onnan da ken’ ma’niste qollanıladı.

Aytıw kerek, ja’miyette ha’mmenin’ miynet etiw sisteması tek g’ana materiallıq o’ndiris penen baylanıslı bolmaydı. İskerliktin’ bir g’ana tu’rleri birewler ushın ku’n-ko’ristin’ ko’zi, deregi, professionallıq miynet iskerligi, al

basqalar ushın – jumıstan tısqarı waqıttag'ı erkin tu'ri boladı. Bul a'sirese g'a'rezsiz elimiz ushın ju'da' xarakterli. İskerliktin' tiplik tu'rleri adamlardın' ja'miyetlik islerdi basqarıwg'a qa'tnası, ko'rkem do'retiwshilik, ilimiy do'retiwshilik h.t.b. bolmaqta. Bularda ha'm bas roldi professionallıq iskerlik oynaydı. Professionallıq iskerlik ko'p jag'dayda bos waqıttag'ı iskerlikti, ja'miyet ag'zalarının' bilimlik, ma'deniy da'rejesin, olardın' bahalaw orientatsiyaların, turmısının' o'zgesheliklerin h.t.b. belgileydi. Aqırı, ma'mleketlik ha'm ja'miyetlik islerdi basqarıwg'a qatnasıw, ko'rkem ha'm ilimiy do'retiwshilik h.t.b. ja'miyetimiz da'rejesinde iskerliktin' tiplik tu'rleri bolmaqta. Aqırı "Ma'mleketimizde demokratiyalıq reformalardı ja'ne de teren'lestiriw ha'm puqaralıq ja'miyetti rawajlandırıw kontseptsiyasına" ılayıq Jurtbasshımız usıng'an u'stinlikke iye altı bag'dardın' – ma'mleket ha'kimiyatı ha'm basqarıwın demokratiyalastırıw, sud-huqıq sistemasın reformalaw, xabar tarawın reformalaw, xabar ha'm so'z erkinligin ta'miyinlew, O'zbekistanda saylaw erkinligin ta'miyinlew ha'm saylaw nızamshılıg'ın rawajlandırıw, puqaralıq ja'miyet institutların qa'liplestiriw ha'm rawajlandırıw, demokratiyalıq bazar qatnasların ha'm ekonomikasın liberallastırıwdı tag'ı da teren'lestiriwdin' a'melge asıwı bul protsessti tag'ı da ku'sheytpekte.[21] A'lbette professionallıq miynet iskerliginin' adam turmıs obrazındag'ı ornı ayrıqsha. Son'g'ısı ko'p jag'dayda bos waqıttın' iskerliginin' xarakterin ja'miyet ag'zalarının' bilim alıw, ma'deniy da'rejesin, olardın' bahalaw orientatsiyaların, turmısının' o'zgesheliklerin h.t.b. belgileydi.

O'ndirislik-miynetlik iskerlik ja'miyette o'mir su'riw, jasaw ushın imkaniyatqa iye bolıwda birden-bir derek. İndividler da'rejesinde ol tap usı aytqanday bolmawı da mu'mkin. Mu'lkiy ten'sizliktin', a'sirese jeke g'a'rezsizlikke tiykarlang'an ja'miyetler tusında ma'lim toparlar ha'm qatlamlardın' jatıp isherlik turmıs obrazına iye bolg'anlıg'ı hesh ha'm sır emes. Olardın' o'mir su'riwi, jasawı "to'mengi" qatlam ha'm toparlardın' miyneti esabınan a'melge asırıldı. Bul jag'day olardın' turmıs obrazının' pu'tkil sistemasın

[21] Каримов И. Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси: Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза. 2010 йил 12 ноябрь. Т., "O'zbekiston" НМИУ, 2010, 8-бет.

xarakterleydi. Olardın' turmıs obrazı sistemasının' en' baslısı miynetkeshlerdin' miynetinin' jemisin iyelew ha'm bul imkaniyattı ta'miyinlep turg'an ja'miyetlik du'zimdi saqlawg'a bag'darlang'an iskerlik bolıp tabıladı.

Aytıw kerek, sotsializm tusındag'ı ten'lestiriwshilik printsipi miynet iskerliginin' a'melge asıwında ha'm onın' na'tiyjelerine baylanıslı unamsız situatsiyalardı boldırdı. Aqırı, jumıs islegen menen islemegennin' arasındag'ı parıq ten'lestiriwshilik printsipinin' sayasında qalıp qoya berdi. V.P.Lapinnin' pikirinshe, miynet salasında aktivlik ko'rsetiw qılg'anınan adamlardın' iskerligin materiallıq ha'm ma'nawiy xoshametlewge ju'zeki qarag'anlıqtan miynet a'sirese insan ushın ha'mme na'rsenin', sonın' ishinde ta'rbiyanın' quralı-o'lshemi sıpatında a'hmiyetin jog'altıp alg'anlıg'ın aytadı.[22]

G'a'rezsizlik tusında sotsializmdegi ekonomikanın' ideologiyalasıwı toqtatıldı. Menshiklik qatnaslar menshiktin' ha'mme tu'rleri menen bayıdı. Bu'ginliginde ha'rbir menshik tu'rinin' burın ko'rinbegen imkaniyatları ju'zege shıg'ıp atır. Sebebi, miynet shın ma'nisinde o'zinin' ornına ha'm roline iye boldı. Onın' ekonomikalıq, siyasiy, ma'nawiy h.t.b. parametrleri erkin jag'dayda ja'mlendi. Miynet ja'miyettegi ha'mme topar ha'm qatlam wa'killeri bolg'an jeke adamlardın' ku'n-ko'ris, o'mir su'riw, jasawının' deregine aynalıp atır. Degen menen bul sharayıtlarda da jeke individlerdin' ma'lim birewlerinin' ja'miyetti aldaw, miynetsiz tabıs tabıw esabınan jatıp isherlik turmıs obrazın keshiriwi ju'da' joq emes. Sonda da g'a'rezsizlik tusında turmıs obrazının' du'zilisinde miynet iskerligin individtin' jasaw, o'mir su'riwinin' deregin ta'miyinleytug'ın tiykarg'ı iskerlik sıpatında qaraw orınlı. Ja'miyetimiz ushın miynet iskerligi bas iskerlik bolıp tabıladı. Turmıs obrazı strukturasındag'ı materiallıq iskerlikke materiallıq iygiliklerdi tutınıw menen adamdı biologiyalıq organizm sıpatında quwatlaw ha'm qayta o'ndiriw menen baylanıslı ha'rqanday iskerlikti na'zerde tutamız. Haywannan adamnın' parqı onda iskerlik onın' biologiyalıq talapların qanaatlandırıwg'a bag'darlang'anı menen ol taza, shın ma'nisinde biologiyalıq xarakterge iye bolmaydı. Bul iskerliktin' konkret usılları sotsiallıq ta'repten

[22] Лапин П.В. Социальные ценности и реформы в кризисной России // Социологические исследования. 1999, №9, 18-19 бетлер.

belgilengen. En’ aldı menen biologiyalıq talaplar negizinde ju’zege kelgen individlerdin’ materiallıq iskerligi tek g’ana awqatlıq zatlardı tayarlaw ha’m onı qabıllaw menen sheklenbeydi. Ol o’z ishine iskerliklerdin’ basqa da ken’ spektrin o’z ishine aladı. Ma’selen, olar balalarg’a qaraw, zatlar satıp alıw, jasap atırg’an orındı tazalaw, u’y texnikasın remontlaw, aktiv demalıs h.t.b. sıyaqlı turmıslıq atamalarg’a iye iskerlikler h.t.b. İskerliktin’ turmıs obrazı sistemasındag’ı tag’ı bir toparı adamnın’ ja’miyetlik maqluqat, qubılıs sıpatında talapların qanaatlandırıwı menen baylanıslı iskerlikler. Bul toparda en’ aldı menen individlerdin’ ja’miyetlik-siyasiy iskerligi, ol ele professionallıq xarakterge iye emes, jasawdın’, o’mir su’riwdin’ deregi emes jag’dayında bolıw mu’mkin. İskerliktin’ bul tu’ri turmıs obrazı strukturasında ayrıqsha orıng’a iye.

Adamnın’ ja’miyetlik ta’biyatınan onın’ insanlar aralıq qarım-qatnasqa tiyisli talabı, za’ru’rli tu’rde ju’zege keledi. Eger Aristoteldin’ adamdı siyasiy haywan dep atag’anına bir tu’rli, a’detten tısqarı qatnas jasag’anımızda ha’m onın’ ja’miyetlik qubılıs ekenligin tastıyqlaw menen ta’biyatı boyınsha haywanlıq, biraq adamzatlasqan ma’nisin na’zerde tutamız. Qarım-qatnas (obshenie) adamnın’ qa’legen iskerliginin’ za’ru’rli ta’repi. Ol o’ndirislik-miynet ha’m ja’miyetlik iskerliktin’ ajıralmas elementi sıpatında tiykarg’ı iskerliktin’ za’ru’rli sha’rti ha’m tiykarg’ı iskerliktin’ quralı boladı. İndivid bul jag’dayda qarım-qatnastın’ (obshenie) obektin tan’lamaydı, ol og’an obektiv da’rejede berilgen.

Biraq qarım-qatnas iskerliktin’ o’z betinshe, spetsifikalıq tu’ri sıpatında jeke adamlar aralıq xarakterge iye boladı ha’m tiykarg’ı maqsetine aynaladı. Bunday jag’dayda miynet, ja’miyetlik, ruwxıy iskerlik jeke adamlar aralıq qarım-qatnastın’ ha’m sharayıtı ha’m quralı bola aladı.

Jeke adamlar aralıq qarım-qatnas en’ aldı menen adamnın’ o’zin-o’zi tanıp biliwi, o’zin-o’zi tastıyqlawı, ekinshi adamg’a baylanıslı tileklesligi, informatsiya almasıw, o’z-ara ja’rdem ha’m birge islesiw, kewil ko’teriw, dem alıstı birge o’tkiziw h.t.b. talapları tiykarında ju’zege keledi. Jeke adamlar aralıq qarım-qatnas subektlerinin’ aktivliginin’ da’rejesi ha’rqıylı bolıwı mu’mkin. Biraq bul jag’day qarım-qatnas turaqlı xarakterge iye me, iye emes pe, sonın’ menen baylanıslı. Eger

ol turaqlı xarakterge iye bolsa, jeke adamlar aralıq qarım-qatnas, tiykarınan individlerdin’ ruwxıy talapların qanaatlandırıwg’a qaratılg’an. Durıs, bunda ha’m materiallıq talaplardın’ elementleri bolıwı so’zsiz.

Turmıs obrazının’ strukturasında iskerliktin’ ayrıqsha tu’ri sıpatında jeke adamnın’ ruwxıy ma’deniyat qa’driyatlarına talapları menen belgilengen ruwxıy iskerligin ayrıqsha bo’lip ko’rsetiw mu’mkin. Bul iskerlik, birinshiden, individler ta’repinen, ja’miyet ta’repinen do’regen ruwxıy qa’driyatlarg’a iyelik etiw (oqıw, o’z betinshe bilim alıw, iskusstvo qa’driyatların qabıllaw) ha’m ekinshiden, ruwxıy qa’driyatlardı jaratıwg’a professionallıq emes qatnasıw (tiykarg’ı miynetten tısqarı bos waqıt), og’an ja’miyettin’ basqa ag’zaların tartıw (ko’rkem, ilimiy, texnikalıq do’retiwshilik iskerlik, ko’rkem ha’m ilimiy qa’driyatlardı na’siyhatlaw h.t.b.).

Solay etip, turmıs obrazının’ strukturasına miynet iskerligi, ja’miyetlik-siyasiy, turmıslıq iskerlik, qarım-qatnas, professionallıq emes ruwxıylıq iskerlik kiredi. Turmıs obrazının’ du’zilisinde olar o’z-ara baylanısqan ha’m ma’lim sistemanı quraydı.[23]

İskerlik turmıs obrazının’ a’hmiyetli strukturalıq da’rejesi bolg’anı menen tag’ı bir momentti na’zerde tutıwımız za’ru’rli. Ol ha’m bolsa tag’ı bir strukturalıq sistema ja’miyettegi individlerdin’ baylanıs ha’m qatnaslarının’ siteması.

O’z iskerliginde adam mudamı o’zge adamlar menen baylanıslı, olar menen belgili qatnaslarg’a tu’sedi. Bul turaqlı ha’m mudamı o’ndirilip otıratug’ın baylanıslar. Olardı ja’miyetlik qatnaslar dep ataydı. Ja’miyetlik qatnaslar adamlardın’ ha’reketi tiykarında qa’liplesedi ha’m olarda ko’rinedi. Ja’miyetlik qatnaslar adamlardın’ ha’reketlerinen qa’liplesip, olarda ko’riniwine qaramastan, olardı iskerlik penen ten’lestirip bolmaydı.[24]

Sotsiallıq aspektte ja’miyetlik qatnaslar adamlardın’ iskerligi emes, al olardın’ birgelikli iskerliginin’ usılları ha’m formaları. Ma’selen, o’ndiris qatnasları o’ndirislik iskerliktin’ usılı ha’m forması. Adamlar arasında qatnaslardın’ ma’lim forması – bul ja’ma’a’lik.

[23] Алимбетов Ю. Турмыс образы. Н., 1992, 3-бет.
[24] Крапивенский С.Э. Социальная философия. Волгоград. 1994, с. 58-59

Ja'miyetlik qatnaslar iskerliktin' sotsiallıq xarakterin belgileydi, talaplardı ha'm ma'plerdi, olardın' iskerliginin' stimulların qa'liplestiredi.

Turmıs obrazı, adamlardın' bolmısının' belgili usılı sıpatında olardın' arasındag'ı baylanıs ha'm qatnaslardı engizedi. Sonın' ushın da adamnın' ma'nisin en' aldı menen ja'miyetlik qatnaslardın' jıyındısı sıpatında qarawda u'lken ma'ni bar. Adamnın' ma'nisi, tiykarı tek g'ana ja'miyetlik qatnaslar menen determinatsiyalanıp qoymaydı, sonın' menen birge olarda ko'rinedi, rawajlanadı, obektivlesedi. Usı ma'niste ja'miyet bul adamnın' ja'miyetlik qatnaslardag'ı ko'rinisi boladı dep tu'sindiriw bar.

Adam shaxsın onı qa'liplestiriwshi ja'miyetlik qatnaslardan ajıratıp qaraw mu'mkin emes bolg'anlıgı sıyaqlı turmıs obrazın da ja'miyetlik qatnaslardı analizlemey, olar jaylasqan sotsiallıq baylanıslardı analizlemey mu'mkin emes.

Turmıs obrazın izertlew ja'miyetlik qatnaslardı individlerdin' o'mir su'riw, jasawının' da'rejesinde analizlewdi talap etedi. Ha'rbir adam o'z iskerligi protsesinde basqa adamlar, kollektivler, ma'mleket, ja'miyet penen ko'p tu'rli baylanıslarg'a tu'sedi. İndividlerdin' bul qatnasları ja'miyetlik qatnaslardın' pu'tkil jıyındısı menen sa'ykes kelmeydi. Sonın' menen birge ja'miyetlik qatnaslar individuallıq qatnaslardan tısqarı misli ulıwmalıqtı jekelikten tısqarı o'mir su'rmeytug'ınlıg'ı sıyaqlı o'mir su'rmeydi. Ma'selen, o'ndiris qatnasları konkret o'ndiriwshilerdin' o'ndiris quralları menen baylanısının' usılın belgileydi. Menshik – bul tek yuridikalıq nızamlar, huqıqıy aktler g'ana emes, al ku'ndelikli qatnaslar, individlerdin' ha'reketlerinin' usılı. Basqasha aytqanda, individlerdin' bir-birine jeke, o'z-ara individler sıpatında qatnası ku'ndelikli o'mirde o'mir su'rip turg'an qatnaslardı jaratadı.

Ja'miyetlik qatnaslardın' ko'rinisi sıpatında ju'zege keletug'ın individuallıq qatnaslardı jeke adamlar aralıq qatnaslardan ajıratıw za'ru'r. İndivid ushın ja'miyetlik qatnaslar sırtqı reallıq boladı ha'm og'an adam o'mir su'riw, jasaw protsesinde enisedi. Ol jekelik, betlik xarakterge iye emes. Olarg'a enisiw individtin' erkinen biyg'a'rez, al anaw ya mınaw ja'miyetke, sotsiallıq toparg'a, klassqa, qatlamg'a h.t.b. qatnaslıg'ı menen belgilenedi. Jeke adamlar aralıq

baylanıslar individlerdin' erki ha'm tilekleri, olardın' du'nyag'a ko'z-qarası, a'dep-ikramlıq ha'm estetikalıq oy-pikirleri, xarakterinin' o'zgeshelikleri, bahalaw orientatsiyalarınan h.t.b. g'a'rezlilikte qa'liplesedi. Sebebi individuallıq ko'rinisler ja'miyetlik qatnaslardın' ko'rinisi bolar eken, turmıs obrazının' strukturasın analizlew ja'miyetlik qatnaslardı klassifikatsiyalawg'a su'yeniwi tiyis. Biraq ja'miyetlik qatnaslardı klassifikatsiyalawdı filosofiyanın' tiykarg'ı ma'selesinen kelip shıqqan halda sheklenbesten basqa da parametrlerdi inabatqa alıwg'a tuwra keledi. Ga'p bul jerde ma'selege baylanıslı qatnas ja'miyetlik qatnaslardı olardın' subekti ha'm obekti, olardı ta'rtipke salıwdın' quralları ha'm usılları boyınsha toparlaw tuwralı.

Subekti boyınsha ja'miyetlik qatnaslardı ma'mleketler, klasslar ha'm sotsiallıq toparlar, milletler, xalıqlar ha'm basqa da etnik birlikler, qala ha'm awıl xalqı, kollektivler, sho'lkemler, jeke adam ha'm kollektiv, individler aralıq qatnaslarg'a bo'liw mu'mkin.

Ja'miyetlik qatnaslardın' obektine qaray ruwxıy iskerlik penen baylanıslı o'ndirislik-miynetlik, ja'miyetlik-siyasiy, turmıslıq, semyalıq-nekelik, kommunikativlik qatnaslar qa'liplesedi.

Ta'rtipke salıw usılı boyınsha ja'miyetlik qatnaslar a'dep-ikramlıq ha'm huqıqıy bolıwı mu'mkin. İlimiy a'debiyatta olar jiyi-jiyi a'dep-ikramlıq ha'm huqıqıy iskerlik protsesinde qa'liplesetug'ın ja'miyetlik qatnaslardın' o'zinshe tu'ri sıpatında qaraladı. A'dep-ikramlıq ha'm huqıqıy qatnaslardın' pu'tkil barlıq ja'miyetlik qatnaslardan bo'liniwin maqullay otırıp, sonın' menen birge olardın' ja'miyetlik turmıstag'ı spetsifikalıq rolin, o'zinsheliginin' otnositelligin, shekliligin inabatqa alamız. Biraz erte ko'z jumsa da, originallıqqa iye fundamentallıq jumısı menen du'nyag'a atı mashhur bolg'an orıs filosof-alım O.G.Drobnitskiydin' bunnan qırq jıl burın aytqan pikiri bu'gin de ju'da' aktuallıqqa iye. Ol jazadı: "A'dep-ikramlıq qubılıslardın' anaw ya mınaw predmetlik bo'leklengen, ken'isliklik yakiy basqasha lokallasqan sferası menen sheklenbeydi. Kerisinshe, moral ja'miyetlik turmıstın' ha'mme tarawlarında – jeke turmıs ha'm siyasiy, ma'mleketler aralıq ha'm jeke adamlar aralıq, klasslıq ha'm shan'araqlıq

qatnaslarda qatnasadı; ol materiallıq o'ndiris ha'm ekonomikalıq operatsiyalar, ruwxıy do'retiwshilik ha'm ilimiy-biliwlik iskerlik, qorshap turg'an menen qarım-qatnas ha'm individtin' o'zine o'zinin' qatnasına ta'n adamnın' minez-qulqın qamtıydı".[25] A'dep-ikramlıq qatnaslardın' spetsifikalıq roli sonda, olar turmıstın' ha'mme tarawlarındagı adamlardın' iskerligin ta'rtipke salıwshı ayrıqsha usıl sıpatında boladı. Usıg'an uqsas funktsiyanı huqıqlıq qatnaslar ha'm atqaradı, biraq olardın' ha'reket etiw sferası a'dep-ikramlıq qatnaslarg'a salıstırg'andı biraz tar. Sonın' ushın huqıqıy iskerlikti iskerliktin' ayrıqsha tu'ri sıpatında tar ma'niste yag'nıy huqıqıy normalar islewshi ha'm olardın' saqlanıwın qadag'alawdı a'melge asırıwshı huqıqıy ma'kemeler tuwralı aytıw mu'mkin. A'dep-ikramlıq iskerlik tikkeley moral normaların saqlaw, a'dep-ikramsız qılıqlardı karalaw, morallıq norma ha'm printsiplerdi na'tiyhatlawg'a bag'darlang'an.

Ja'miyetlik qatnaslar individler, sotsiallıq birlikler (klass, ma'mleket, kollektiv h.t.b.) arasındag'ı o'z-ara g'a'rezsizlik halattı sa'wlelendiredi. O'mir su'riw, jasaw, turmıs obrazı sistemasında bul g'a'rezsizlik obektivlikke ha'm subektivlikke ha'm iye. Ma'selen, o'ndiris qatnasları adamlardın' sanasınan biyg'a'rez qa'liplesetug'ın qatnaslar. Adamnın' anaw ya mınaw ja'miyetlik sho'lkemge kiriwi (partiya, profsoyuz, sport ja'miyeti h.t.b.) individler ha'm kollektivler arasında belgili o'z-ara g'a'rezsizlikti ju'zege keltiredi. Biraq bul qatnaslar subektiv xarakterge iye yag'nıy olardın' ornawı adamnın' erkinen g'a'rezli.

Usılar menen birge tag'ı bir na'rseni aytıw za'ru'rli, ha'm obektivlik ha'm subektivlik ja'miyetlik qatnaslardın' turaqlılıg'ı sotsiallıq institutlardın' ma'lim sisteması – huqıq, moral normaları, da'stu'rler, siyasiy partiyalar ha'm basqa da ja'miyetlik sho'lkemler ustavları h.t.b. ta'miyinlenedi. O'mir su'rip turg'an minez-qulıq normaları, qa'deler, ko'rsetpelerdin' saqlanıwı sotsiallıq sho'lkemler ha'm ma'kemelerge de (ma'mleket, ja'miyetlik sho'lkemler), ja'miyetlik pikirge ha'm adamlardın' ishki isenimine su'yenedi. Materiallıq iygiliklerdi o'ndiriw usılı menen determinatsiyalang'an ja'miyetlik qatnaslar individlerge qatnaslı bul

[25] Дробницкий О.Г. Понятие морали. Историко-критический очерк. М., 1974, с. 229.

obektivlesken sotsiallıq institutlar arqalı olardın’ talapların qanaatlandırıwg’a bag’darlang’an adamlardın’ ha’reketlerinin’ usılların belgileydi. Demek, turmıs obrazı tiykarınan, sezilerli da’rejede individlerdin’ o’mir su’riw, jasawında ma’lim ja’miyettegi ja’miyetlik qatnaslardı a’melge asırıw bolıp tabıladı. Bul jag’day birpara izertlewshiler ushın turmıs obrazı menen ja’miyetlik qatnaslardı ten’lestiriwge tiykar boldı. Ja’miyetlik qatnaslar adamlardın’ iskerliginin’ sotsiallıq usılı bolar eken, turmıs obrazın bul avtorlar ja’miyetlik qatnaslardın’ tiplerine ha’m formalarına sayadı. Bunday ha’m usı taqıletles ko’z-qaraslar a’sirese burıng’ı Awqam tusında jazılg’an miynetlerdin’ ishinde barshılıq.[26] Ha’tteki turmıs obrazın ja’miyetlik qatnaslardın’ jıyındısının’ en’ aldı menen o’ndirislik qatnaslardın’, adamlardın’ ku’ndelikli turmısındag’ı o’zlerinin’ sotsiallıq funktsiyaların atqarıw protsesindegi qatnaslar sıpatında qaraw bar. Bul jerde ma’selege qatnasta tikkeley ideologiyalıq qısımnın’ ta’sirin seziw mu’mkin ha’m usı tiykarda turmıs obrazın anıqlaw boyınsha ilimiy qatnas biraz keyin serpilgen. Turmıs obrazının’ a’hmiyetli komponentleri - o’mir su’riw, jasawdın’ tu’rleri ha’m usılları o’z ma’nisin jog’altqan. O’mir su’riw, jasawdın’ usılı sıpatında tek ja’miyetlik qatnaslar emes, al iskerliktin’ tu’rleri ha’m ko’riniske iye.

Adamnın’ iskerligi tek ja’miyetlik xarakterge emes, al sanalı, sapalı tu’rde tanıp bilingen xarakterge de iye. Artıg’ıraq bolsa da, qaytalaymız, sanalı o’mir su’riw, jasaw adamdı haywanlıq turmıs obrazınan ajıratıp turadı. Bul jag’day turmıs obrazının’ strukturasına sananın’ eniwin belgileydi. Bunnan da joqarıraq ma’niste aytatug’ın bolsaq, bunday qatnastın’ za’ru’rligi adamnın’ o’mir su’riw, jasawının’ barlıq sistemasında sananın’ roli menen tu’sindiriledi. Adamlardın’ ha’rtu’rli toparlarının’ turmısı ha’reket, iskerlik obrazı arqalı g’ana emes, al oylaw obrazı, ruwxıy oyı, iskerliginin’ motivleri boyınsha da ajıralıp turadı. Solay eken, sananı, oylawdı, ulıwma sanalıq qubılıslardı adam turmıs obrazının’, real turmıs keshiriwdin’ subektiv sharayatları sıpatında qaraw menen shekleniw nadurıs bolg’an bolar edi. Aqırı, sana ha’m ku’ndelikli o’mir su’riw, jasawdın’ ko’rinisi g’oy! Eger oylawdı o’mir su’riwdin’, jasawdın’ a’piwayı adamnan tısqarı da

[26] Қараңыз: Ким М.П. Советский народ – новая историческая общность. М., 1972, с. 238; Шершунов А.Д. Категории исторического материализма. М., 1975, с. 38.

turg'an faktor sıpatında emes, al onın' ko'rinisinin' biri, onın' elementlerinin' biri, olsız adamzattın' o'mir su'riw, jasawı mu'mkin emes bolar eken, sananın' xarakterin turmıs obrazının' strukturasında qaraw jo'n.

Ja'miyetlik sanag'a ta'n nızamlıqlar bar. A'sirese onın' o'zinsheligi, shekli erkinligi nızamın na'zerde tutar ekenbiz, bul jag'day individuallıq sanag'a da ta'n ekenligin umıtpawımız kerek. Bul degen so'z turmıs obrazının' du'zilisinde adamnın' sanasında shekli erkinlikke iye, bul strukturanın' basqa elementlerine baylanıslı ma'lim g'a'rezsizlikke iye bolg'anı. Durıs, bul boyınsha, ba'ribir, tiykarınan onın' turmıs obrazının' materiallıq elementleri ha'm ja'miyetlik sananın' ulıwma halatı menen belgilenetug'ınlıg'ı biykarlanılmaydı. Adamnın' quramalı ishki du'nyası ideyalardın', ko'z-qaraslardın', qarama-qarsılıqlı sezimler ha'm qayg'ırıwlar, ko'n'il-ku'ylerdin' gu'resi ha'm bular real o'mir su'riw, jasawdın' a'piwayı subektiv sharayıtı emes, al real turmıstın', demek turmıs obrazının' za'ru'rli strukturalıq elementi. O'zinin' o'mirine qanaatlanıw ha'm qanaatlanbaw psixologiyalıq komfort yamasa diskomfort, baxıtlı yakiy baxıtsızlıqta turmıstın' tolıq yamasa tolıq emesligin seziw, turmıs obrazın belgilewshi bas indikatorlar bolmasa da, olardın' turmıs obrazı strukturasındag'ı ornı, roli a'hmiyeti ju'da' salmaqlı.

İndividler o'z turmıs obrazın subektiv bahalawların ha'rqashan obektiv ko'rsetkishler menen mudamı salıstırıwı ta'biyiy. Turmıs obrazının' strukturasına adamlardın' oyların ha'm ruwxıy tuyg'ısın engizbey turmıs obrazına tutas minezleme beriw ha'm onı tipologiyalastırıw ha'm qıyın. Sonın' ushın da insan turmıs obrazındag'ı optimizm, gumanizm, ruwxıy ma'deniyattın' qa'driyatlarına orientatsiyanın' joqarg'ı da'rejesi, basqasha aytqanda oylaw obrazı adamlardın' ruwxıy kelbetin xarakterleytug'ın belgilerdi bo'lip ko'rsetiw ju'da' za'ru'rli. Bul boyınsha turmıstın' ma'lim kontseptsiyası, du'nyag'a ko'z-qaras ma'lim da'rejede turmıs obrazının' du'zilisine kiriwi tiyis. Aqırı, individtin' turmıslıq kontseptsiyası onın' bahalaw orientatsiyaların, ideallarын o'z ishine aladı ha'm turmıs obrazının' ha'mme formaların birlikke qaray kepserleydi, olardı tutas sistemag'a aynaldıradı.

Endi adamlardın’ oylaw obrazın quraytug’ın tiykarg’ı elementlerdi, olardın’ ruwxıy kelbetin na’zerde tutatug’ın bolsaq, du’nyag’a ko’z-qaras tuwralı pikirlew ju’ritiwimiz za’ru’rli. A’dette du’nyag’a ko’z-qarastı bizdi qorshap turg’an du’nyag’a ha’m ondagı adamnın’ ornına baylanıslı og’ada ulıwma ko’z-qaraslardı na’zerde tutamız. Ol adamnın’ du’nyag’a qatnasın an’latadı. Ma’lim du’nyag’a ko’z-qarastan shıg’a otırıp, adam en’ aldı menen (en’ aldı menen o’zine o’zi) ku’ndelikli, o’zinin’ ko’z aldında o’tip atırg’an waqıyalardı tu’sindiredi ha’m baha beredi. Du’nyag’a ko’z-qaras adamnın’ o’mirdin’ ma’nisi tuwralı ko’z-qarasın aldın-ala anıqlaydı, belgileydi. Basqasha aytqanda, adam aldına qoyg’an globallıq maqsetler tan’law ha’m  olarg’a jetilisiwdin’ jol ha’m qurallarын anıqlaydı, belgileydi. Bul degen so’z, du’nyag’a ko’z-qaras individtin’, jeke adamnın’ pu’tkil kelbetine, onın’ o’mir su’riw, jasawının’ pu’tkil du’zilisine ha’m xarakterine ayrıqsha ta’sir etedi ha’m individtin’ o’mirinin’ sapalı belgililiginin’ tiykarg’ı ta’repin quraydı.

Belgili, bir g’ana obektiv materiallıq sharayıtlarda adamlardın’ turmıs obrazında ju’da’ sezilerlik da’rejede ayırmashılıqlar bolıwı ta’a’jip emes. Bul parıqlar du’nyag’a ko’z-qarastın’ ayırmashılıgı menen ju’da’ baylanıslı. Ma’selen, g’a’rezsiz elimizde miynetke baylanıslı unamlı motivleniwdi ha’m bunın’ en’ aldı menen menshiklik qatnaslardag’ı tu’pkilikli o’zgerislerge taqalatug’ınlıg’ın hesh ha’m biykarlap bolmaydı. Degen menen hadal miynetti atqarıwda ja’miyetlik-siyasiy passivlik, jalg’an ruwxıy qa’driyatlarg’a birta’repleme o’zlerin bag’darlawshı adamlar ha’m joq emes.

Du’nyag’a ko’z-qaras penen morallıq ko’z-qaraslar, normalar ha’m sezimler de baylanıslı. Olar ko’p jag’dayda adamnın’ ja’miyettegi minez-qulqın ta’rtipke salıp otıradı, olardın’ basqa adamlarg’a, kollektivke, ja’miyetke qatnasın belgileydi. A’lbette, anaw ya mınaw ja’miyette hu’kim su’riwshi yakiy qabıl etilgen morallıq ko’z-qaraslar ha’m normalar jeke adam ta’repinen ha’rqıylı da’rejede qabıllanıwı ha’m o’zlestiriliwi ha’m onın’ isenimine aynalıwı mu’mkin. Adam olardı ulıwma qabıl etpewi mu’mkin, biraq morallıq normalardı ja’miyetlik pikirdin’ qısımı menen aq saqlawı mu’mkin. Ja’miyette qabıl etilgen moral

normaların biykarlaw – bul da ma'lim morallıq ko'z-qaraslar ha'm normalardı saqlamawdın' ko'rinisi. Sol sebepli de adamlardın' moralliq praktikada g'ana emes, al olardın' moralliq ko'z-qarasların ha'm analizlew turmıs obrazın minezlewde u'lken a'hmiyetke iye. Belgili, so'z benen sa'wleleniwshi moralliq ko'z-qaraslar ha'm normalar moralliq praktikag'a qarama-qarsı keliwi mu'mkin. Ma'selen'kiden, eki ju'zlilik, so'z benen istin' sa'ykes kelmewi ma'lim da'rejede o'zinin' ku'n-ko'risinen basqanı ko're almaytug'ın, bar ta'shiwishi o'zinin' otırıs-turısı shegarasınan shıqpaytug'ın tomag'a-tuyıq turmıs obrazına iye adamlarg'a ta'n ha'm bul jaramsız illet tilekke qarsı, o'mir su'riwin toqtata qoyg'anı joq. Qaytama ja'miyet rawajlanıwının' baslı basqıshlarına qarata modifikatsiyalanıp yag'nıy tu'rin o'zgertip bara beredi. Turmıs obrazın minezlewde adamlardın' ko'n'il-ku'yin, ulıwma du'nyalıq sezimlerin u'yrenip barıw za'ru'rli. Olar ko'p jag'dayda adamlardın' ku'tiwleri, rejeleri, jeke ha'm ja'miyetlik toparlar maqsetlerinen g'a'rezli boladı. Bul misli oylaw obrazının' emotsionallıq boyawı. Ko'n'il-ku'y ha'm du'nyanı seziw en' aldı menen haqıyqat bu'ginnin' ha'm keleshekti optimistlik ha'm pessimistlik qabıllawda ko'rinedi. Bul boyınsha optimizm ha'm pessimizm tikkeley du'nyalıq seziwdin' ha'm du'nyag'a ko'z-qarastın', ideologiyanın' ha'm ko'rinisi ha'm aqıbeti bolıwı mu'mkin.[27] Ga'p sonda, ko'n'il-ku'y, du'nyalıq sezim individlerdin' jeke praktikasının' ta'sirinde qa'liplesedi ha'm du'nyag'a ko'z-qaras ha'm adamlardın' o'zleri maqul ko'rgen ideologiya menen belgilenedi. Burıng'ı Awqam tusında miynetke qatnas, onın' ma'nisinin' motivleniwi ten'lestirilgen printsip tiykarında insannın' ku'tiwlerin hesh ha'm aqlamadı. Na'tiyjede ma'mleket mu'lkine baylanıslı nemquraydı qatnastı boldırdı.

Adamlardın' ruwxıy kelbetine olar maqullap, ku'ndelikli o'mirinde ustanovkalanatug'ın da'stu'rler ha'm u'rip-a'detlerdi de kirgizse boladı. Da'stu'rler a'dette, minez-qulıq iskerligin qayta o'ndiriwdin' ja'miyetlik qatnaslardın' ma'lim mexanizmi sıpatında qaraladı. Onda olardın' ha'zirde a'melge asırılıwı, aktuallasıwı o'tmishtegi o'mir su'riwi menen tiykarlanadı,

[27] Қараңыз: Абилов У. Оптимизм и пессимизм в диалектике развития, научно-философской мысли. Т.: Фан, 1992, 12-13-бетлер.

determinatsiyalanadı. Ekinshiden, da'stu'rler sıpatında minez-qulıq stereotipleri, qayta o'ndirilgen ja'miyetlik qatnaslar, ko'z-qaraslar da tu'siniledi. Qalay tu'sindirilgende de da'stu'rler minez-qulıq motivleri, adamlardın' ko'z-qarasları, sanası sferasına tiyisli. Ma'selen, g'a'rezsizlik sharapatı menen ko'p g'ana o'tmishtegi da'stu'rler qayta tiklenip, ku'ndelikli bolmısımızdın' normal keshiwinde salmaqlı ta'sir etip otır. A'zelden ata-babalarımız turmıs obrazında a'sirler boyı sınalg'an ko'mek bu'gingi ku'ni de ku'ndelikli bolmısımızg'a unamlı na'tiyje bermekte. Shembilikler ha'm sonday. Tegin miynet tikkeley pu'tkil ja'miyettin', kollektiv talapların qanaatlandırıwg'a qaratılar eken, ja'miyet ag'zalarının' misli Farabiy aytqan pazıyletli qala – ma'mleket turg'ınlarınday awızbirshilikli, doslıqta ha'm tatıwlıqta jasawdag'ı umtılıwların ko'z aldına keltiredi.[28]

Da'stu'rler turmıs obrazında ju'da' a'hmiyetli orındı iyeleydi, ol geyde onı minezlewde birinshi plang'a da shıg'ıp ketedi. A'sirese o'tmishtegi traditsiyalıq ja'miyetler tusında a'sirese qıyın-qıstalıq waqıtları adamlardın' shıdamlılıg'ı, birin-biri tın'lawı, til alg'ıshlıg'ı mısal bola aladı.

Da'stu'rge jaqın tu'sinik u'rip-a'det. U'rip-a'det, bul en' aldı menen sotsiallıq ta'jiriybeni (ma'deniyattı) a'wladtan a'wladqa ha'm ja'miyetten individke jetkiziw, sonday-aq, minez-qulıqtın' ulıwma maqullang'an normaları. Ma'lim avtorlardın' tu'sindiriwinshe, da'stu'rler ha'm u'rip-a'detler eki ulıwma funktsiyanı atqaradı. Olar ja'miyetlik qatnaslardı turaqlastırıw ha'm jan'a a'wladlardın' turmısında qaytadan jan'g'ırtıw. Biraq eger u'rip-a'detler bul funktsiyalardı tikkeley konkret situatsiyalarda detallasqan ko'rsetpeler menen a'melge asırsa, da'stu'rler adamnın' ruwxıy du'nyasına tuwrı qaratılg'an, o'zlerinin' funktsiyaların bul qatnaslardı individler ta'repinen a'melge asırıw ushın za'ru'rli bolg'an ma'lim ruwxıy sanalardı qa'liplestiriw ushın a'melge asıradı.

U'rip-a'detler – bul belgili adamlardın' a'piwayı ha'reketleri emes, al adamlardın' sanasında bekkemlengen ma'lim stereotipler, adamlardın' oylaw

[28] Қараңыз: Трактат о взглядах жителей добродетельного города. В кн: Григорян С.Н. Из истории Средней Азии и Ирана VII-XII веков. М., 1960, с. 136-137.

obrazının’, ruwxıy kelbetinin’ elementin an’latadı.[29] Eger ma’lim ja’miyette ha’reket etiwshi da’stu’rler ha’m u’rip-a’detler individuallıq sana arqalı enisip ketpegen bolsa, onda olar olardın’ iskerliginde, basqalar menen baylanıs ha’m qatnaslarında ko’rinbeydi yag’nıy olardın’ turmıs obrazının’ elementleri bola almag’anı.

Adamlardın’ ruwxıy kelbetin bildiriwi ha’m bahalaw orientatsiyaları bola aladı. İskerliktin’ tiykarında adamlardın’ talapları bar. An’lap jetilgen talaplar ma’pler sıpatında boladı. Eger talaplar obektiv xarakterge iye bolsa, subekt penen obekt arasındag’ı obektiv o’mir su’riwshi qarsılıqtı bildiretug’ın bolsa, ma’pler – bul subektiv-obektiv qatnas. Ma’plerdin’ deregi obektiv o’mir su’redi. Ma’p – bul sanalı tanılıp bilingen talap bolar eken, onın’ qa’liplesiwi obektten emes, al subekttin’ sanasının’ halatınan, o’zgesheliginen, xarakterinen g’ana g’a’rezli boladı. Ma’p adamnın’ sanasının’ materiallıq ha’m ruwxıy du’nyanın’ ma’lim qubılıslarına bag’darlanıwın an’latadı. Shınında da, sırtqı du’nyanın’ adamg’a ta’sirleri, onın’ basında qaldırıladı, onda sezimler, oylar, tilek-niyet, erktin’ ko’rinisi sıpatında sa’wlelenedi, qullası, bul jag’dayda “ideallıq umtılıwlar” bolıp, “ideallıq ku’shler” bolıp qa’liplesedi. Bul “ideallıq ku’shler” adamlardın’ ma’pleri boladı.

Du’nya ko’p qırlı bolg’anınday adamlardın’ ma’pleri ha’m ko’p tu’rli. Olar bahalıqlar ha’m bahalıqlar orientatsiyası tu’sinigindegi sanlıq ha’m sapalıq belgililikke iye. Bahalıq – bul adamlardın’ ma’plerinin’ obekti.

Ma’plerdin’ sanlıq belgililigi sonı an’latadı, bahalıqlar sıpatında ko’riniske iye predmetler adamnın’ o’mirinde ha’rqıylı rol oynaydı, ol ushın ten’ emes ma’niske iye boladı. Sonlıqtan ha’rbir adamg’a (yamasa sotsiallıq toparg’a) bahalıqlardın’ a’piwayı xaotik jıyındısı, konglomeratı emes, al ierarxiyalıq strukturag’a iye bahalıqlardın’ belgili sistemasın an’latadı. A’dette bahalaw orientatsiyasın ja’miyettin’ materiallıq ha’m ruwxıy ma’deniyatının’ anaw ya mınaw bahalıqlarına adamnın’ ustanovkası sıpatında tu’siniw bar. Bul boyınsha bahalaw orientatsiyası sananın’ ko’sherine uqsas ha’m onın’ do’gereginde adamnın’ oyları ha’m sezimleri

[29] Абдимуратов П. Қарақалпақ халқының үрп-әдет, дәстүрлери ҳәм оның жаслар тәрбиясындағы әҳмийети. Н., “Билим”, 1997, 8-9-бетлер.

aynalıp ju'redi ha'm onın' ko'z-qarasınan ko'p g'ana o'mirlik ma'seleler sheshiledi.

Adamnın' ruwxıy du'nyasının' elementleri – du'nyag'a ko'z-qaras, morallıq ko'z-qaraslar, normalar ha'm sezimler, ko'n'il-ku'y, du'nyalıq sezimler, da'stu'rler ha'm u'rip-a'detler, bahalaw orientatsiyaları individlerdin' real sanasında bir-birine bag'ınıshlı bola o'z-ara baylanıslı. O'zinin' birliginde olar belgili oylaw obrazı adamlardın' ruwxıy kelbetin an'latıp, belgili turmıs obrazın sa'wlelendiredi.

Aytıw kerek, "turmıs obrazı", "ruwxıy kelbet", "ruwxıy iskerlik" tu'sinigine ten' emes. Son'g'ısı adamnın' iskerliginin' mazmunın, onın' tu'rin an'latadı. "Oylaw obrazı", "ruwxıy kelbet" tu'sinikleri bul iskerliktin' formasın, usılın an'latadı. Ruwxıy iskerlik turmıs obrazının' strukturasında ayrıqsha orıng'a iye. Birinshiden, ol iskerliktin' ruwxıy, ruwxıy bahalıqlardı jaratıw ha'm tutınıw menen baylanıslı ayrıqsha, o'zinshe tu'ri boladı. Ekinshiden, ol o'zin-o'zi biliwi, o'zi menen o'zi "qarım-qatnasıg'ının'" baylanısqan adamnın' ishki, ruwxıy o'miri boladı. U'shinshiden, ruwxıy iskerlik adam iskerliginin' qa'legen turmıslıq ta'repi bola aladı. Bul barlıq jag'daylarda oylaw obrazı, ruwxıy kelbet biraz turaqlı, ma'lim bag'darlanıwdın' anaw ya mınaw problemanı sheshiwdin' ma'lim usılının' ko'rinisi. Bul boyınsha sonı atap o'tiw a'hmiyetlik, oylaw obrazı, ruwxıy kelbet ja'miyetlik sanag'a ten' emes, al ja'miyetlik sananın' individuallıqtag'ı ko'rinisi boladı. Ja'miyetlik sana turmıs obrazına individlerdin' sanasına o'tken da'rejede, ko'lemde kire almaydı.

Pa'mlewimizshe, jeke talaplar, isenimler ha'm orientatsiyalardın' o'zleri-aq eger olar ja'miyetlik za'ru'rli xarakterge iye bolsa ha'm olarda adamlardın' reallıqqa qatnasları ja'mlengen bolsa, turmıs obrazındag'ı ma'lim sanalı predmetlerdi an'latadı.

"Turmıs obrazı" tu'siniginin' mazmunın ashıw menen onın' spetsifikasın ko'rsetip, onın' strukturasın ashıp, biz og'an anıqlama beriw problemasına kelip jetemiz. Shaması, oylawımızsha, "turmıs obrazı" tu'sinigi, mınaday talaplarg'a sa'ykes keliwi kerek: praktikanın' talaplarına ha'm sotsiallıq-filosofiyalıq metodologiyalıq wazıypalarg'a juwap beriwi tiyis; "sotsiallıq turmıs" fenomeninin'

pu’tinligin esapqa alıwı, adam turmısının’ ha’mme tiykarg’ı ko’rinislerin sa’wlelendiriwi yag’nıy sintetikalıq xarakterge iye bolıwı; anıqlanıwdagı tu’sinikti sa’wlelendiriwi, onın’ sotsiallıq filosofiyanın’ basqa kategoriyaları menen almastırılmaslıg’ı; adamnın’ turmıs obrazının’ spetsifikasın esapqa alıw ha’m onı basqa tutas obektler menen shatastırmaw, individler turmısındag’ı turaqlılıqtı, za’ru’rlikti, tiplilikti sa’wlelendiriw.

Bul talaplardı esapqa alıw menen analizleniwshi tu’sinikke mınaday anıqlama beriw mu’mkin: turmıs obrazı, bul ja’miyetlik rawajlanıwdın’ ma’lim basqıshı sharayatındag’ı individlerdin’ turmısının’ sotsiallıq tipi, ol iskerliktin’ tu’rleri ha’m usıllarının’ birligi, adamlar arasındag’ı baylanıs ha’m qatnaslardın’ birligi menen, sonday-aq olardın’ oylaw obrazı ha’m ruwxıy kelbeti menen xarakterlenedi.

Turmıs obrazı ha’rqashan adamlardın’ ha’reket obrazı, qatnasları ha’m oylarının’, ruwxıy kelbetinin’ birligi. Turmıs obrazın minezlew – bul en’ aldı menen adam ne isleydi, iskerlik protsesinde basqa adamlar menen qalay baylanısqan ha’m bul jag’dayda ne tuwralı oylaydı ha’m sezedi, onın’ ju’ris-turısının’ motivleri qanday ekenligin ko’rsetiw degen so’z.

## § 2. Turmıs obrazında miynet iskerliginin’ ornı ha’m roli

Turmıs obrazın quramalı ha’m ko’p qırlı sotsiallıq qubılıs sıpatında qaray otırıp, bul boyınsha onın’ o’z quramına materiallıq ha’m ruwxıy turmıstın’ sharayatlarının’ ko’p g’ana elementlerin ayrıqsha tu’rde engizetug’ınlıg’ın taqıyqlar ekenbiz, miynet iskerligin, o’mir su’riw, jasawdın’, adam bolmısının’ ha’mme formalarınan bo’lip alıp u’yreniw wazıypasın qoyamız.

Aytıwımız kerek, turmıs obrazın izertlewshiler og’an ha’rqıylı anıqlamalar berip ha’m onın’ ta’replerin ha’rqıylı tu’sindiriwine qaramastan, olardın’ derlik basım ko’pshiligi miynet sferasının’ turmıs obrazı strukturasında bas orıng’a iye ekenligine hesh ha’m gu’manlanbaydı.

Miynet ja’miyet tuwralı ilimiy ta’liymatlardın’ qay-qaysısında da tiykarg’ı tu’sinik, onı ha’tte ha’rqıylı qısım menen yakiy subektiv tolg’anıslar menen ekinshi da’rejeli qılıwg’a urınıwshılar ha’m en’ son’ında onın’ a’hmiyetinin’ basımlıg’ına qaytıp aynalıp kele beredi. Anıg’ıraq aytsaq, miynet iskerligi adamlardın’ turmıs obrazının’ sotsiallıq tiykarın quraydı ha’m onın’ en’ za’ru’rli komponenti boladı. Sonda ha’m miynettin’ sotsiallıq-ekonomikalıq ma’nisin burmalap, onın’ ulıwma analizi menen miynettin’ ulıwma ta’biyatın adamnın’ anaw ya mınaw sferadag’ı a’piwayı ha’reketi menen sheklew joq emes. Ma’selen’kiden, ulıwma insan turmıs obrazın izertlewdegi unamlı ta’replerin hesh ha’m biykarlamastan aytıwımız kerek, “sotsiologiyanın’ frankfurt mektebi wa’killeri ushın miynettin’ ma’nisi ratsionallıqqa – maqsetke bag’darlang’an iskerlik sıpatında tu’sindiriledi”.[30] Biraq miynet bunday tu’sindiriw menen sheklenbeydi, o’ndiriwshi ku’shler ha’m o’ndiris qatnasları sistemasınan tısqarıda ol materiallıq-predmetlik iskerlik sıpatında qaralıwı mu’mkin emes.

Belgili, miynet adam iskerliginin’ ta’biy-tariyxıy protsessi sıpatında qaraladı ha’m bul tujırım ilimiy aynalısqa engen. Haqıyqatında da, miynet protsesinde adam o’zinin’ to’l iskerligi menen o’zi menen ta’biyat arasındag’ı zat almasıwdı boldıradı, ta’rtipke saladı ha’m qadag’alaydı. Usı sebepli de miynette adam

[30] Қараңыз: Новейший философский словарь Минск, 1999, с. 775-776.

bolmısının’ tiykarg’ı sha’rtin, onın’ du’nyag’a qatnasının’ belgilewshi usılın ko’remiz.

Qullası, miynettin’ ma’nisi, tiykarı onın’ maqsetke muwapıq iskerlik bolıwı menen baylanıslı. Basqasha aytqanda, miynet maqsetke muwapıq iskerlik sıpatında anaw ya mınaw formada miynet elementlerin o’zlestiriwge bag’darlang’an. Miynet adamnın’ o’mir su’riwinin’, jasawının’ ta’biy sha’rti, qa’legen sotsiallıq formadan biyg’a’rez, adam ha’m ta’biyat arasındag’ı zat almasıwdın’ sha’rti.

Miynet adamg’a onın’ ku’n ko’riwi, jasawı ushın za’ru’rli qural, usıl g’ana emes, al ol adamnın’ o’zin jarattı.

Pu’tkil jer ju’zlik tariyxtın’ o’zi adamzat miynetinen jaralg’an. Tek miynette g’ana adam o’zinin’ adamg’a ta’n rol, qa’siyetlerin jaratadı ha’m rawajlandıradı. Miynette ol ta’biyat nızamların tanıp biledi, olardı o’zlerinin’ talap, ma’plerine ılayıq paydalanıp biliwdi u’yrenedi, biraz effektivlikke iye miynet qralların jaratadı, o’ndirislik ta’jiriybeni jetildiredi, bilimler toplaydı. Miynet iskerligi adamnın’ erk, xarakter, uqıpların qa’liplestiredi ha’m rawajlandıradı. Turmıs obrazında miynettin’ xarakterinin’ tan’bası bolmawı mu’mkin emes. Aytayıq, fizikalıq miynet yakiy aqıl-oy miyneti onın’ menen shug’ıllanıwshılardın’ turmıs obrazının’ parqın sezilerli da’rejede boldıra aladı. Sanaat miyneti menen agrarlıq miynet penen shug’ıllanıwshılardı mısalg’a alsaq, agrarlıq miynetke ta’n mapazlıq o’zgesheliklerdin’ o’zi aq adamnın’ jasaw, o’mir su’riwinin’ formalarındag’ı ma’lim o’zgesheliklerdi belgileydi. Al ma’lim xalıqtın’ miynet iskerligi menen ba’ntliginin’ tiykarg’ı tu’ri ma’selen’kiden, paxta ya neft penen shug’ıllanıw onın’ ku’ndelikli bolmısına sezilerli ta’sir etedi, milliy o’zgesheligin belgileydi. Sonın’ ushın ha’m milliylik tu’sinigin milliylik jaratıwshı belgilerden izler ekenbiz, ol belgilerdin’ biri a’lbette etnostın’ ba’ntliginin’ spetsifikası.[31]

Miynettin’ adamnın’ abadanlıg’ının’, qurg’ınlıg’ının’ deregi ha’m jeke adamnın’ rawajlanıwının’ quralı sıpatında wazıypası ha’m maqseti, ma’lim sotsiallıq-ekonomikalıq sharayıtlarda a’melge asırıladı ha’m olardan adamnın’ iskerliginde miynettin’ qanday da’rejede a’melge asırılıwı g’a’rezli boladı. Pu’tkil

[31] Қараңыз: Алимбетов Ю. Взаимодеиствие национального и общечеловеческого // Мустақил Ўзбекистон: фалсафа ва ҳуқуқ фанларининг долзарб муаммолари. Т.: “Фан”, 1994, 93-94-бетлер.

adamzat tariyxı barısında miynet tirishiliktin’ ma’n’gi ha’m ta’biy deregi bolıp tabıladı. Durıs mu’lkiy ten’sizliktin’ shegaradan shıg’ıwı menen insan turmıs obrazı jekelik g’a’rezlilikke baylang’an da’wirlerde miynettin’ haqıyqıy ma’nisi gu’n’girtlesti. Bir jag’ınan miynetsiz baxıtlı turmıs mu’mkinligi illyuziyası ju’zege kelse, ekinshi jag’ınan miynet joqarıdan jiberilgen g’arg’ıs sıpatında bahalanadı.

A’lbette bunday jag’dayda a’sirese jeke g’a’rezlilikke tiykarlang’an ushına jetken ten’sizlikti bu’rkemelew, xalıqtın’ ku’ndelikli sanasın aldın-ala man’layg’a jazılg’an menen, tag’dir menen tiykarlaw ha’m bunın’ ra’smiy ha’m ra’smiy emes ko’rsetpeler menen tolıqtırılıwı bar.

Miynet mazmun ko’z-qarasınan shın ma’nisinde sotsiallıq sistemalardın’ xarakterinen biyg’a’rez. Sebebi ol o’mirlik iygiliklerdi jaratıwg’a bag’darlang’an bulshıq etlik ha’m intellektuallıq ku’sh salıwlardın’ jumsalıwı menen xarakterlenedi. Biraq o’zinin’ ja’miyetlik forması, sotsiallıq-ekonomikalıq minezlemesi ko’z-qarasınan ja’miyettin’ rawajlanıw basqıshlarında miynet ma’lim da’rejede parıqqa iye boladı. Eger elimiz g’a’rezsizligi tusındag’ı miynettin’, miynet iskerliginin’ insannın’ ku’ndelikli bolmısındag’ı ornı ha’m roline bir na’zer salar ekenbiz, onın’ sapalıq o’zgerisleri da’rhal ko’zge taslanadı. O’tken ja’miyetler, a’sirese, burıng’ı Awqam tusındag’ı adamlardın’ o’zlerine emes, al ekspluatatorg’a - ma’mleketke islewin mısalg’a alsaq, miynettin’ ha’m miynettin’ o’niminin’ ha’m biyganalasıw protsesin ko’remiz. Miynet protsesine jumsalg’an waqıt ta, onı atqarıwg’a jumsalg’an adamnın’ intellektuallıq, fizikalıq ha’m ruwxıy imkaniyatları ha’m biyganalastı.

Adamnın’ miynetten tısqarı waqıtta g’ana ma’lim da’rejede o’zin adam sıpatında seziniwi boladı. Biraq ol qıyır-shıyır turmıslıq ta’shiwishler menen, a’sirese jetpeslikler menen, qısqa jiptin’ gu’rmewge kelmewi menen baylanıslı. G’a’rezsizlik tusında bunday jag’dayg’a qarama-qarsı bag’darda is tutılg’anlıqtan ha’rbir adamnın’ miyneti shın ma’niste ja’miyettin’ miynetinin’ bir bo’legi bola aladı. Aqırı, ga’p sonda, ha’rbir adam total ja’miyetlestirilgen qısımnan qutılıp, o’ndiris quralların iyelewge imkaniyatqa iye bolar eken, onın’ aktivligi en’ aldı menen miynet protsessinde ju’z beredi. Bul degen so’z miynettin’ ekonomikalıq

sharayıtı tu'pkilikli o'zgeriske tu'sedi. Miynet etiwshi ha'rbir adam yag'nıy miynetkeshler shın ma'nisinde miynet qurallarının' iyeleri bolg'anday imkaniyatqa iye boladı. O'ndiris endi tikkeley total ja'miyetlestirilgen ja'miyettin' ma'mleketlik du'zimine onın' talap ha'm ma'plerine emes, al miynetkeshlerdin' jeke ha'm ja'miyetlik talap, ma'plerinin' qanaatlandırılıwına bag'darlanadı. Miynettin' xarakterinde o'zgeris ju'zege keler eken, endi ol shın ma'nisinde ma'jbu'riy emes, al erkli miynetke aynaladı.

Qullası, en' joqarg'ı adamnın' qa'driyat sıpatında minezlemesi onın' jeke qa'dir-qımbatı menen, jeke miyneti menen o'lshenedi. Aqırı, miynetkeshlerdin' o'zleri ushın o'ndiristi a'melge asırıwı ja'miyetlik ma'p penen ushlasadı, ja'miyet ushın da o'ndiristi a'melge asırıw, miynettin' ha'm sanlıq ha'm sapalıq ko'rsetkishlerine ılayıq aylıq alıwı h.t.b. pu'tkilley jan'a turmıs obrazının' tastıyqlanıwının' fundamenti boladı.

A'lbette bulardın' ha'mmesin teren'irek tu'siniw ushın turmıs obrazında miynettin' ornı ha'm rolin ulıwma tariyxıy protsesstin' kontekstinde qaraw za'ru'rligi payda boladı.

Eger alg'ashqı adamlardın', olardın' turmıs obrazındag'ı miynettin' ornı ha'm roline na'zer salsaq, onda ta'biyiy sharayıtlardan g'a'rezliliktin' basımlıg'ın ko'remiz.

Alg'ashqı adamlardın' turmıs obrazının' spetsifikalıq o'zgeshelikleri sonshelli, ol bu'gingi ko'z-qaraslarg'a hesh ha'm sa'ykes kelmeydi. Bul jag'day tiykarınan adam turmıs obrazında, sonın' ishinde, iskerliginde ta'biy faktorlardın' belgilewshilik ornı ha'm roli menen baylanıslı. İndivid tap usı tiykarda o'zinin' minez-qulıq, iskerlik ha'm qarım-qatnasında qadag'an etiwler menen baylanıslı. Bular u'rip-a'detler, sakrallıq rituallarg'a o'tlesip ketken. Turmıslıq uklad arxaikalıq turaqlılıqqa iye bolar eken, individtin' ta'biyatqa qatnası misli na'sillik a'detleniwler shegarasınan shıg'a almaydı.

Ulıwma alg'anda alg'ashqı adamnın' turmıs obrazın minezleytug'ın eki momentti na'zerde tutıw za'ru'rli. Birinshisi, joqarıda aytıldı, ta'biyattın' adam bolmısına qarata ju'da' ha'm u'stinligi. Bul jag'day alg'ashqı adamlardın' birge

islesiwine ju'da' salmaqlı, sezilerli g'ana da'rejede ta'sir etedi. Bul olardın' o'z turmıs obrazın o'ndiriwi, qayta o'ndiriwi menen tikkeley baylanıslı. A'sirese, alg'ashqı adamlardın' bolmısının' jer menen birlesip ketiwinde ko'riniske iye. Bul protsesstin' u'zliksiz a'melge asırılıwı qanlıq-tuwısqanlıq, obshinalıq qatnaslar shegarasında a'melge asadı.

Qullası, alg'ashqı adamnın' jer menen birge "qosılıp o'siwi" ha'm bul jag'daydın' qanlıq-tuwısqanlıq qatnaslar menen belgileniwi, onın' a'sirese ku'ndelikli iship-jewge, tamag'ın tabıwg'a baylanıslı ta'biyatqa ta'siri ta'biy qa'liplesken ja'ma'a'tlik miynet protsesin a'melge asırıw ushın tiykar boladı.

Alg'ashqı adamlar miynetinin' ha'm turmıs obrazının' ta'biyiy faktordan g'a'rezliligin obektiv aspektte ha'm subektiv aspektte ha'm na'zerde tutamız.

Qanlıq-tuwısqanlıq. til birligi, u'rip-a'detler h.t.b. birliginde ta'biy qa'liplesken qa'wimlik birlik alg'ashqı adamlardın' o'z o'mirinin', tirishiliginin' obektiv sharayıtların g'ana emes, al bul tirishilikti qayta o'ndiriwge bag'darlang'an iskerliktin' de qayta o'ndiriliwi ha'm predmetlik formag'a eniwi boladı. Bul boyınsha, ma'selen, mal bag'ıwshının' – padashının', an' awlawshının', jer menen shug'ıllanıwshının' h.t.b. iskerligin, miynetlerin ajıratamız. Turmıs obrazı ta'biy qa'liplesken bul ja'ma'a'nin' ag'zası ushın jer miynet quralın ha'm, miynet quralın u'zliksiz jetildirip turıwshı ullı laboratoriya ha'm arsenal ha'm jasaw ornı da. Biraq "jer menen birge o'siw" barısında alg'ashqı adamnın' jerge baylanıslı qatnası shın ma'nisinde miynet iskerliginin' o'nimin an'latpaydı. Bul protsess tek g'ana adamnın' ta'biy sharayıtlarg'a beyimlesiwinin' na'tiyjesin an'latadı. Bul sonshelli da'rejede o'tkinshelikke iye, ta'biyiy sharayatlar onın' jeke adamlıq o'lsheminin' obektiv elementler boladı. Ja'miyettin' o'ndiriwshi ku'shleri ha'm adamnın' o'zinin' ja'miyetlik individ sıpatında rawajlanıwı barısında bunday qatan' g'a'rezlilik biraz pa'sen'leydi. Ku'ndelikli bolmıstın' ta'biy o'sip shıqqan strukturasınan ajıralıwı ta'biy emes, al ekonomikalıq tiykarınan jan'a sotsiallıq baylanıstın' jan'a tipinin' qa'liplesiwinin' tariyxıy protsess sıpatında ju'zege keledi.

İndividtin’ miynettegi ta’biyatqa qatnaslı ba’ntleniwi ha’m og’an g’a’rezliligi onın’ turmıs ukladı ha’m tutınıwına psixologiyalıq ustanovkalarına ta’sir etedi. Bul adamlardın’ pu’tkil basqa turmıs obrazının’ qa’liplesiwinin’ ha’m spetsifikalıq belgisi ha’m tiykarg’ı faktorı boladı. Aqıbetinde ja’miyetlik baslama miynette ha’m turmıslıq ukladında ha’m obshinalıq, toparlıq menshik tiykar bolar eken, og’an ta’biy biraz sheklengen forma ta’n. Tag’ı bir momenttin’ ha’m a’hmiyetlililigin atap o’tiw za’ru’rli. Alg’ashqı adamlardın’ obektiv sharayatlarg’a iyelik etiwi, o’ziniki etiwi ha’rbir individtin’ o’z bildiginshe emes, birge islesiwde, ja’ma’a’ bolıp islewde a’melge asadı. Basqasha aytqanda, ja’ma’a’g’a ba’ntleniw, onnan g’a’rezlilik, onın’ ha’miri menen g’ana miynet etiw ku’sheyedi. İndividtin’ turmıs obrazının’ tutas ruw, qa’wimnin’ turmıs obrazı menen sa’ykes keliwi boldırıladı. Og’an onın’ o’ndiris, bo’listiriw ha’m tutınıw boyınsha da sa’ykeslenbeske ilajı joq. Na’tiyje tutaslıqtın’, pu’tinliktin’ individten u’stinlikke iye bolıwı menen baylanıslı. Jeke g’a’rezsizlik ha’m o’z bildiginshelik iskerlik individte ju’da’ sheklengen. Bul onın’ tek miynet sferasına g’ana emes, al onın’ ku’ndelikli bolmısının’ ha’mme sferalarına da ta’n. Bulardın’ ha’mmesi alg’ashqı adamlardın’ miynet iskerligi ha’m oylawının’ bas belgilerinen esaplanadı.

Bunday turmıs obrazın, a’sirese onda miynet iskerliginin’ a’melge asıwının’ spetsifikasın analizley otırıp, onı da’stu’riy turmıs obrazı dese boladı. Da’stu’riylik aktsenti bul jerde traditsiyanın’ ku’ndelikli bolmıstı qosımsha ta’rtipke salıwshılıq roli na’zerde tutılıwı menen sheklenbeydi, al qaytalanıwshılıq, u’zliksiz bir bag’darda is-ha’reket ha’m oylawdın’ o’zgerissiz aynala beriwi adamzat ja’miyetinin’ sotsiallıq sho’lkemlesiwinin’ universallıqqa iye forması bolıwında. A’sirese bul tek g’ana miynet iskerligin, o’ndiristi a’melge asırıwda g’ana emes, al insan qatnaslarının’ turmıslıq h.t.b. sferalarında da birge islesiw ha’m o’z-ara ja’rdem qatnaslarına tiykarlanıw menen xarakterlenedi.

Bunday turmıs obrazı obshinalıq xarakterge iye bolar eken, miynettin’, o’ndiristin’ a’melge asırılıwı ha’m sog’an u’ylesken. Eger adamzat tariyxındag’ı alg’ashqılıqqa ta’n ko’shpeli ha’m mal bag’ıwshılıq turmıs obrazların mısalg’a alsaq, obshina ha’rqashan birlikte, ha’mme situatsiyag’a tutas tayar turadı. Obshina

bul sonday ja’miyet – bul birinen-biri qalmastan birge ju’riwshi, miynetti ha’m ra’ha’tti ha’m birge tatıwshı adamlar, ka’rwan, orda. Olardın’ subordinatsiyasının’ formaları olar keshirip atırg’an usı turmıs obrazı sharayıtlarınan kelip shıg’adı. Obshinalıq turmıs obrazının’, ku’n-ko’ristin’ ko’zi miynet etiwde obshinalıq baylanıslardın’, olardın’ belgilewshilik rolinin’ bekkemliligi, turaqlılıg’ı, qullası, “da’stu’riyligi” sonshelli, ko’shpeli turmıs otırıqshı turmıs penen almasqan jag’dayda ha’m saqlana beredi. Ha’tteki olardın’ turmıs obrazı jeke menshik penen, miynet iskerligi mu’lkiy ten’sizlik jag’dayında a’melge asırılg’anda ha’m individtin’ obshinag’a qatnası menen belgileniwshiligi salmaqlı da’rejede boladı.

Alg’ashqı adamlar ja’miyeti jeke individtin’ obshinadan ajıralmag’anlıg’ı menen xarakterlenedi. Bul rodlıq turmıs, ha’rbir adamnın’ is-ha’reket ha’m oylawı tek g’ana obshinalıq xarakterge iye. İndividtin’ iskerligi, minez-qulqı ha’m sanasında heshqanday o’zinshelik joq. Bulsız, a’lbette adamnın’ elementar da’rejedegi “jeke o’miri” tuwralı ga’p bolıwı hesh ha’m mu’mkin emes. İndividtin’ o’z shan’arag’ı, qon’sıshılıq qatnasları da’rejesinde ha’m ashıq-aydınlıq joq esabı. Olardın’ tiykarg’ı ku’n-ko’risinin’ ko’zi – ba’ntliginin’ xarakteri, turmıs ukladının’ o’zgeshelikleri, ma’selen turaq jay, awqatlanıw, kiyim-kenshek h.t.b. sharayıtlardan g’a’rezli, qalay bolmasın jasap qalıw, bul ushın shıdam, sabır-taqat h.t.b. ha’mmesinen joqarı turadı. A’piwayılıq, onshelli oylanıp, tolg’anıp turıwdın’ joqlıg’ı, turmıs obrazının’ da’stu’riyligi o’ndiriske, miynet ha’m turmıstın’ bar sharayatlarına sa’ykes keledi.

A’piwayı ha’m turpayı awqat, turaq jay, qolaylıqlardın’ minimumlıq da’rejesi, kiyim-kenshektegi a’piwayılıq, sonday-aq u’ydin’ kerek-jaraqlarına baylanıslı a’piwayılıqlar alg’ashqı adamnın’ talap ha’m ma’plerin tolıq qanaatlandıra aldı. Aqırı, joqarıdag’ı aytılg’an a’piwayılıqlardın’ ha’mmesi de onın’ ku’ndelikli tutınıwı ushın norma boldı.

Bul jag’day yag’nıy alg’ashqı adamnın’ talap, ma’ptin’ bul da’rejesi, onı qanaatlandırıwdın’ a’piwayı ha’tteki turpayı formaları, ma’lim avtorlardın’

pikirlewinshe, obshinalıq turmıs ukladının' alg'ashqılıqtan biraz alıslang'an son'g'ı da'wirlerine de ta'n.[32]

Obshinalıq turmıs obrazının' minezlemesi orıs diyqanlıq obshinasının' reformalaw tusındag'ı mısalında B.V.Plexanov ta'repine "tutas turmıs" (sploshnoy bıt) atamasında berilgen. Ma'nisi: diyqan – obshinashının' ta'biyattın' garmoniyalıq nızamınan g'a'rezliligi sonshelli, ja'ma'a' miynet, ja'ma'a' oy, ja'ma'a' iskerlik ku'nde qaytalanatug'ın turmıslıq ta'shwishler ol ushın ta'biylik,[33] heshqanday rawajlang'an individuallıqqa iye emes.

Alg'ashqı adamnın' ku'ndelikli turmısı miynet penen, azannan keshke, ku'ni-tu'ni tek qıymılday beriw menen, jasaw ushın, aman qalıw ushın o'lermenlik penen ha'reket etiw menen qamtılg'an. Miynettin' qanday tu'ri bolmasın, meyli ol an' awlaw ma, mal bag'ıwshılıq pa, diyqanshılıq pa, ha'mmesinde de bir g'ana na'rsege bag'darlanıwı bar. Ol ha'm bolsa alg'ashqı adamnın' materiallıq talap ha'm ma'plerinin' qanaatlandırılıwı. Degen menen, "obshinalıq" adam konkret isti atqarıwda pu'tkil erkin og'an bag'darlawı, erkin ha'm xojeyinlik tutımda onı izine deyin jetkiziwge umtıladı. Miynetkeshlik sabır-taqat, puxtalıq, qolda bardı u'nemlewge umtılıw, tuwrılıq, hadallıq onın' turmıs obrazının', sonın' ishinde miynet iskerliginin' xarakterli belgilerinen esaplanadı. Obshinalıq turmıs obrazındag'ı bul du'zilis olardın' miynet ha'm miynetten tısqarı sferalarındag'ı iskerligi sharayıtlarına ju'da' sa'ykes keledi. A'sirese, en' aldı menen ko'zge taslanatug'ını jeke adamnın' ku'n-ko'risi, iygiligi rodtın' ku'n-ko'risi, iygiliginen g'a'rezli bolar eken, qanday problema payda bolsa da ja'ma'a'nin' da'rejesinde birgelikte sheshiledi. Aytayıq ruwlıq-qa'wimlik struktura da'rejesinde tez-tezden ken'isliklik-territoriyalıq yakiy ulıwma alıs-beriske baylanıslı ba'sekeli ma'seleler tez-tezden konfliktli jag'dayg'a o'tip ketiw faktları boladı. Bundayda ha'm ja'ma'a' da'rejesindegi sheshim g'ana sheshim esaplanadı.

Da'stu'riylikke tiykarlang'an ha'm o'ndirislik iskerlik penen tıg'ız baylanısqan obshinalıq turmıs obrazı obshina ag'zalarının' ha'mmesinin' o'mir su'riwinin', jasawının' sistema jaratıwshı faktorı, pu'tkil obshina ag'zalarının'

---

[32] Кулишер И.М. История экономического быта Западной Европы. М., Л. 1931, Т.1. с. 77.
[33] Қараңыз: Плеханов Г.В. Избр. Философ. Произв. Т. V. М., 1958, с. 63.

sho'lkemlestiriwshi baslaması bola aladı. Bul jag'day da'stu'riy-obshinalıq turmıs obrazının' o'ndiris ha'm aynalıs iskerliginin' za'ru'rli sharayıtın ha'm bul jag'daydın' hu'kim su'riwinin' obektiv sharayıtlarının' sa'wlelenwi ha'm bola aladı. Ma'selege bunday qatnas ha'm tujırım bolıwının' tag'ı bir sebebi bar. Ol ha'm bolsa obshinalıq turmıs obrazı menen klasslıq ja'miyet turmıs obrazının', onda miynet iskerliginin' atqarılıwının' parqı. Bul ma'selen'kiden, a'yyemgi xalıqlardın' o'mir su'riw, jasaw strukturasındag'ı turmıs obrazının' ornı ha'm roli. Klasslıq ja'miyet tusında miynet ha'm tirishilik, miynet ha'm la'zzetleniwdin' bir-birine qarama-qarsı qoyılıwı bir-birinen ajıralıw protsesin ko'remiz.

Qullası, turmıs obrazının' alg'ashqı obshinalıq ja'miyet qatnaslarına, menshiktin' xarakterine sa'ykes keliwi, o'ndiristin', miynettin' bul turmıs ukladı tusında basqasha bolıwı mu'mkin emesligi, demek ja'ma'a' tu'rde azıq-awqatqa, iship-jewge ku'sh salıw bolıwı anıq. Ha'tteki a'yyemgi germanlar menen amerikalı qızıl ren'leslerdin' de turmıs obrazındag'ı, a'sirese miynet iskerligindegi ma'lim uqsaslıqlardın' bolıwı da sonnan. Ma'selen'kiden, a'yyemgi germanlardın' ele turaqlay almag'an turmıs obrazı olardın' otırıqshılıqqa o'tip baslawı tusında bul turmıs obrazına olardın' ja'miyetlik du'zimi tuwrı keledi.

Bunday obshinalıq menshiklik qatnaslardan ajıralmag'an turmıs obrazı basqa qa'wimler menen sıbaylasıwı ha'm o'nimlerdi almastırıwg'a qozg'awshı, ha'tteki ma'jbu'r etiwshi de faktor boldı.

Alg'ashqı obshinalarda g'ana emes, al antikalıq qalalıq obshinalarda ha'm ha'tteki olar quliyelewshilik o'ndiris usılının' alg'ısha'rti bolıwına qaramastan jeke g'a'rezlilikke tiykarlanar eken onnan keyingi ja'miyetlik rawajlanıwdın' ma'lim basqıshlarına ta'n ulıwmalıqtı ko'remiz. Ja'miyetlik turmıstın' qatlamlıq-korporativlik tusında – feodallıq o'ndiris usılı ushın da, qısqası, jeke g'a'rezliliktin' qa'legen antagonistlik emes ha'm antagonistlik formag'a iye qatnasları – da'stu'riy-obshinalıq turmıs obrazı, konkret tariyxıy ja'miyetlik qatnaslardı an'latadı. Adamlardın' praktikalıq iskerliginin' pu'tkil protsesinin' elementi sıpatında olardın' birlesiwin ha'm qarım-qatnasının' xarakterin an'latadı. Biraq bul ulıwma nızamlılıq ha'rqıylı klasslar, qatlamlardın' turmıs obrazının' tiykarında

jatqan ha'rqıylı traditsiyalardın' o'z-ara ta'sirinin' konkret sharayıtlarında ko'rinisi boladı.

Jer menen shug'ıllanıw miyneti sharayatındag'ı o'zgerisler ha'm individtin' ta'biyatqa baylanıslı o'zgerisleri jeke menshiktin', klasslardın' ha'm klasslıq gu'restin' kelip shıg'ıwın boldırıp, adamlardın' da'stu'riy turmıs obrazına ju'da' a'hmiyetli korrektivalardı engize aldı. Obshina ishindegi mu'lkiy ten'sizlik, qala ha'm awıl turmıslarının' ba'ntlik ha'm ma'plerinin' differentsiatsiyalanıwı, individlerdin' obshinag'a baylanıslı o'zligin an'lawı u'lken rol oynadı. Aqırı, obshina o'z ag'zasının' ma'pin qorg'ay almaytug'ın jag'dayg'a keldi. Aqıbetinde, en' baslısı antagonistlik ku'shlerdin' dushpanlarsha bir-biri menen qullar menen qul iyeleri, krepostnoy diyqan menen feodal-pomeshikler h.t.b. bolsın, birinshi klasslıq, ja'miyetlik-ekonomikalıq formatsiyalardın' turmıs obrazının' obshinalıq xarakterli belgileri olardı ko'p tu'rli qarsılıqlar ha'm sınawlardın' aldına qoyadı.

Tek qullar ha'm qul iyelewshilerdin' ma'p ha'm turmıs obrazları arasındag'ı g'ana emes, al hu'kim su'riwshi, artıqmashlıqlarg'a iye topar bolg'an erkin baylar menen erkin jarlılardın' ma'pleri ha'm turmıs obrazları arasında da ma'lim soqlıg'ısıwlar bolıp turadı. Biraq obshina salmaqlı beyimlesiw potentsialına iye bolar eken, bul antagonistlik rawajlanıw sharayıtlarındag'ı o'tip atırg'an o'zgerislerge beyimlesip, ol o'zinin' o'mirshen'ligin tastıyıqlaydı, antiklik polistin' orta a'sirlik obshinalıq, qatlamlıq-korporativlik tipi, german tipi ha'm shıg'ıs slavyan du'nyası tiplerinin' tariyxıy spetsifikalıq formalarında o'zin qayta jan'g'ırtadı. Adamlardın' turmıs obrazının' spetsifikasın sa'wlelendiriwshi jeke g'a'rezlilikke tiykarlang'an qatnaslar o'zinin' g'alabalıq xarakterin saqlar eken, olar o'zlerinin' ja'miyetlik sistemanın' o'mir su'riwinin' ta'rtipke salıwshılıq printsipin a'melge asırıp bara beredi. Mine usı jag'day ja'miyettin' rawajlanıwının' kapitalistlik basqıshına deyingi da'wirlerine ta'n ja'miyetlik-ekonomikalıq formatsiyalarda hu'kim su'riwin dawam etedi.

Afinalıq qul iyelewshilik demokratiya antik polistin' ag'zalarının' praktikalıq iskerliginde ha'm sanasında ju'zege kelgen a'detke aynalg'an patriarxallıq turmıs obrazınan "awıtqıp otırıp", ba'ribir obshinalıq hu'kimdarlıqtın' g'alabalıg'ın

saqlap qaladı. Bul boyınsha jeke menshik obshinalıq menshik penen qıyalanadı, al individtin' obshinag'a qatnaslıg'ı, jasawdın' ha'mme normalarına da'stu'riy, ha'mme ushın minnetli normalardı saqlaw, morallıq ha'm huqıqıy imperativ da'rejesine ko'teriledi.

Obshinanı saqlaw ha'm onın' ma'plerin qorg'aw grekler ushın jeke menshikti, huqıqtı saqlaw ta'shiwishinen go're za'ru'rlirek, a'hmiyetlirek boldı. Bul tu'sinikli, erkin tuwılg'an adam, meyli ol qul boldı ma, bolmadı ma, jeke menshikke obshinag'a ag'zalıg'ına qatnas jasag'anday qatnas jasaydı ha'm onı obshinanın' ag'zası sıpatında saqlaw obshinanın' o'zin saqlaw menen bara-bar. Puqaralıq huqıqlar grekler ta'repinen ha'rbir puqaranın' ma'mleketke qatnaslı o'z wazıypaların o'zi atqarıwı menen bolıwına deyin a'melge asadı, al haqıyqatlıqta ma'lim adam jaman atalıwdan onı nızamnın' qorg'awı toqtaydı. Sofokldin' Antigonası ha'm "hu'jdanı" boyınsha ha'reket etedi, jazılmag'an nızamlardı gu'man astına qoyadı, qatıp qalg'an, joq bolıp baratırg'an da'stu'rlerge ha'm usınday qatnasta boladı.

Qullası, individuallıqtı tu'siniwge umtılg'an ko'z-qaraslardın' qay-qaysısı da o'mir su'rip turg'an du'zimge qa'wip sıpatında qaraldı. Platonnın' afinalıq demokratiyag'a qarsı gu'resi "patriarxallıq eskilik" altın a'sirlerdin' go'zzal a'dep-ikramlıg'ına keyin burılıwg'a shaqırıqlarının' o'zi-aq bunın' gu'wası bola aladı.

Antik adam (erkin adam, qul iyelewshi) tiykarınan siyasiy individ boldı. Tuwısqanlıq ha'm doslıq baylanıslar qalay bahalanbasın, olar emes, al siyasiy, puqaralıq turmısta qatnasıw en' aldı menen onı obshina menen baylanıstıradı. Jeke baylıg'ı onın' razmerine biyg'a'rez onı puqaralıq wazıypadan ha'm minnetlerden, o'zinin' puqaralıq wazıypasın atqarıwdan, ma'mleketten qul iyelewshilik, moral ha'm huqıqtan ayırg'anı joq. Ol tek tolıq, normal jasaw ushın qural boldı, o'mirdin' qa'dir-qımbatı a'dep-ikramlıq – ruwxıy mazmun menen belgilendi.

Bul jerde sonı na'zerde tutıw orınlı haqıyqıy, shın ma'nisinde turmıs obrazına iye bolg'an adamnın' ku'ndelikli bolmısının' ko'rsetkishi sıpatında onın' ja'miyetlik-siyasiy, xojalıq ha'm diniy o'mirge qatnası, onın' ma'p ha'm ba'ntliginin' ko'p tu'rliligi, da'stu'rlerge u'yirseklik qatnası esapqa alınadı. Al

qalay bolmasın baylıq dep umtılıw, baylıqtan basqanı maqset tutpaw ja'miyettin' tikkeley qulawınan basqa heshna'rse bolmadı.

En' xarakterli moment antikalıq ja'miyettegi erkin adamlardın' miynetke qatnası quliyelewshiliktin' gu'llengen da'wirinde olar ushın miynet normal da'rejedegi turmıs obrazınan awıtqıw, shetlew sıpatında boladı. Sonın' menen birge "olarda kewil ko'teriw a'piwayı jumıssızlıq dep ha'm esaplanbaydı. Kewil ko'teriw haq niyetli biykarshılıq esaplanadı".[34] Kewil ko'teriw o'zinin' ishine dem alıstı ha'm zerikkendi ashıwshılıq ha'm ha'tteki ilimiy pikirlesiwge, gu'rrin'lesiwge ajıratılg'an waqıt sıpatında qaraldı. Bul jag'day obshinalıq islerinde, diniy ma'resimlerdi h.t.b. o'tkiziwge qatnasıw ushın o'zlerinin' uqıp, dag'dıların rawajlandırıwg'a qaratıldı. Miynet olar ushın tiykarınan fizikalıq miynet "erkin tuwılg'an" adam ushın pu'tkilley mu'na'sip emes is, ol bir tislem nan ushın ju'rgen qullardın' wazıypası esaplanadı. Sonın' ushın ha'm fizikalıq miynet erkin adamlar ushın jek ko'rinishli ba'ntlik dep tabıladı.

Biraq bul aytılg'anlardan miynet antikalıq da'wirlerde birotola ja'miyettin' jek ko'riwshiligine aynalg'an obekt boldı dep tu'sindiriw ha'm haqıyqatlıqqa kelmeydi. Sol sebepli de miynet antikalıq ja'miyet adamlarının' turmıs obrazına ta'sir etpedi dew nadurıs bolg'an bolar edi. Aytıw kerek, a'sirese jer menen shug'ıllanıwshı aristokratiya ju'zege kelemen degenshe miynetke, a'sirese, diyqanshılıq penen shug'ıllanıwg'a qatnas shın ma'nisindegi turmıs obrazının' a'hmiyeti u'lken belgisi, al qurı biykarshılıq onnan shetlew dep qaraldı. Usı sebepli de miynetke berilgen adamda Gesiod su'riw-su'riw malg'a iye bolıwdı, abadanshılıqta jasawın ko'redi. Ha'tteki, miynet etken adam g'ana qudaylarg'a jag'adı, sebebi olar biykarshılıqtı qa'lemeydi. Miynette tan' qalarlıq heshna'rse joq, adam o'zinin' jalqawlıg'ınan, biykarshılıg'ınan g'ana uyalıwı tiyis.

Solonnın' nızamlarında miynetke qatnas polis ag'zalarının' durıs turmıs obrazına iye bolıwı esaplanadı. Ha'tteki nızam ko'leminde jumısı joq, heshna'rse menen ba'nt emes, jeke qa'rejeti joq adamlar qaralandı ha'm sud juwapkershiligine tartıldı. Tsitseron diyqanshılıq penen shug'ıllanıwdı o'nermentshilikke qarag'anda

[34] Гуревич А.Я. Категории средневековой культуры. М., 1972, с. 193.

adamg'a ju'da' jag'ımlı, erkin adam ushın mu'na'sip ka'sip sıpatında ulıg'laydı. Durıs, Tsitseron o'nermentlikti ma'lim da'rejede maqullamag'anı menen, onın' a'hmiyetin birotala joqqa shıg'armaydı. Ol jazadı: "Eger ju'da' ko'p tu'rli o'nerlerimiz bizge haywanlardın' pu'tkil turmıs obrazınan uzaq, jaqsılang'an turmıstı boldırmag'anında bizin' awqatımız ha'm turmıs obrazımız qanday bolg'an bolar edi?!".[35]

Obshina belgili turmıs obrazın o'ndiriwdin' ha'm saqlawdın' sha'rti ha'm kepili bolıp qalmastan, onın' o'mir su'riwinin', jasawının' na'tiyjesi ha'm aqıbeti boladı. O'mirdin' du'zilisinin' obshinalıq printsipinin' hu'kimdarlıg'ı obshinalıq klasslıq bo'liniwdin' o'tlesiwi menen tamamlanıwg'a keledi. Afina demokratiyası dag'darısı tusında antikalıq obshinanın' sınıwı ha'm antikalıq obshina ag'zalarının' qayta bag'darlanıwı ju'zege keledi. Bul demos penen aristokratiya arasındag'ı turmıs obrazındag'ı polyarlıqtı belgileydi. Adamlardın' territoriyalıq birliktegi jasaw ornın almastırıwı obshinalıq baylanıslardı olar arasındag'ı baylanıslardın' u'ziliwine alıp keledi. Obshinanın' biyliginde azg'ana g'ana ma'selelerdi sheshiw, aytayıq, diniy qurbanlıq ha'm bayramlardı o'tkiziw sıyaqlı ma'seleler g'ana qaladı.

Ja'miyetlik o'ndiristin' qa'nigelesiwinin' ku'sheyiwi menen tovarlıq-aqshalıq qatnaslar obshinanın' da'stu'riy turmıs ukladına ta'sir etedi ha'm burın bolmag'an, og'an jat ma'lim printsipler olardın' turmısında ha'm minez-qulqında bekkemlenip baslaydı. Baylıqqa umtılıw burın puqaralıq ja'miyetke enisiwdin' quralı bolg'an bolsa, endi ol birden-bir maqsetke aynaladı, obshinanın' basqa ag'zalarının' u'stinen hu'kimdarlıq qılıwdın' imkaniyatına aynaladı. Bul boyınsha Platonnın' "ha'r bir qalada bir-birine qarsı ma'mleketler bar: birewi jarlılardiki, basqası baylardiki"[36] dewi ha'm usınnan. Sonday-aq, Platon o'z pikirin biraz konkretlestiredi. Jer menen shug'ıllanıwshılar ha'm basqa da masterler qatlamın qurag'anlardın' turmıs obrazı basqarıwg'a uqıplılardın' turmıs obrazınan ajıralıp turadı.[37]

---

[35] Цицерон. О старости, о дружбе об обязанностях. М., 1974, с. 96-97, 103
[36] Платон. Сочинения. М., 1974, Т.3. ч. I. с. 20.
[37] Сонда, с. 202.

Obshinalıq (polislik) turmıs obrazının' pa'seyiwi emes, al onın' ulıwma insannın' ku'ndelikli o'mir su'riw, jasawınan ısırılıwının' shegarası A'yyemgi Rimde ta'wir-aq sezilerli da'rejege o'tedi. Durıs, ma'lim obshinalıq u'rp-a'detler o'zinin' reallıqqa aynalg'an ku'shin joq ete qoymaydı. Diyqanshılıq penen shug'ıllanıwshı adamlar, qullar ha'm erkinlikke iye adamlar tan'nın' atıwı ha'm ku'nnin' batıwına tınbay jumıs isleydi. O'zlerinin' puqaralıq wazıypaların burıng'ısha atqara beredi ha'm bunı o'zlerinin' obshinag'a ag'zalıg'ının' bas sha'rti dep tu'sinedi. Al sonın' menen birge adamlardın' ulıwma ku'ndelikli bolmısı, turmıs obrazı ko'birek basqa faktorlardın' ta'sirine tu'sedi.

Quliyelewshilik ja'miyet qatnaslarının' plebeyler ha'm patritsiyler arasındag'ı gu'resinin' na'tiyjesi jan'a tomag'a-tuyıq basqarıwshı qatlamnın' – nobilettin', rim aqsu'yeklerinin' kelip shıg'ıwı menen baylanıslı. Olar ko'birek biykarshılıq, jo'nsiz sarp etiwshi topardın' kelip shıg'ıwı menen baylanıslı. Olar ko'p sanlı qullar ha'm xalıqtın' plebeyler qatlamının' miyneti esabınan jasawg'a qushtar ha'm jasaydı da. Miynetke jek ko'riwshilik qatnas erkin tuwılg'anlar arasında da barshılıq. Na'psiqawlıq, ashko'zlik, biylik qumarlıq – "aqshag'a qumarlıq", hu'kimdarlıqqa qumarlıq mu'lkke, vlastqa iyelerde ha'mmesinen joqarı turıp baslaydı. Endi obshinanın' u'rp-a'detleri ha'm da'stu'rleri emes, al imperator sarayının' ta'siri joqarg'ı qatlam ushın qanday turmıs obrazın tan'lawdı belgileydi. Bul jag'day turmıslıq ukladqa, kiyim-kenshekke, u'ydin' sharayatı ha'tteki minez-qulıq manerasın ha'm belgileydi.

Jeke g'a'rezlilikke tiykarlang'an qatnaslar feodallıq ja'miyetlik-ekonomikalıq formatsiya tusındag'ı adamlardın' turmıs obrazında belgili orıng'a iye. Jeke ja'miyetlik individtin' turmıs ukladının' tiykarg'ı belgileri misli quliyelewshilik tusındag'ıday onın' ja'miyettegi statusı menen belgilenedi. Bul statustın' siyasiy-yuridikalıq qabırshag'ında ma'lim toparlardın', qatlamlardın', klasslardın' qarama-qarsılıg'ı, gu'resi jasırıng'an.

Feodallıq turmıs obrazı tiykarınan dvoryanlar, pomeshiklerdin', ruwxanıylar, sawdagerler, diyqanlar, o'nermentlerdin' quramalı ierarxiyag'a iye sho'lkemlesiwinin' turmıs obrazı. Ha'rbir bunday qatlamlıq ha'm qatlam ishindegi

topardın' o'zine ta'n kodeks, huqıq, minnetleri bar. Qarım-qatnas, minez-qulıq normaları bar ha'm bular olar ta'repinen orınlı tu'rde a'melge asırıladı. Ma'selen, o'nermentshilik tsexlar. O'nermentlerdi olardın' ka'sibi birlestiredi. Ba'ntliktin' tu'rinin' birligi olardı miynet iskerliginen baslap turmıslıq ukladına deyingi aralıqta tsexlıq ta'rtip, intizam, "ustav penen" birlestiredi. Bul boyınsha tsex ag'zalarının' jumıs ta'rtibin, dem alısın aytpag'anda atqan adımına deyin reglamentatsiyalang'an. Tsexlik korporatsiya ag'zaları arasındag'ı qarım-qatnaslar, sira' da belgilengen normadan shıg'ıp kete almaydı.

Tsexlik sho'lkemlesiw tek batısevropalıq jag'dayg'a g'ana ta'n emes, al shıg'ıs xalıqları turmıs obrazına ta'n bolg'anlıg'ın aytıwımız kerek. Belgili o'zbekistanlı etnograf ha'm filosof-alım İ.Jabbarov Xorezm qalalarındag'ı tsexlik sho'lkemlerge baylanıslı pikirlewinde olardın' orta a'sirlik batıslıq klassikalıq tsexlik sho'lkemlesiwge baylanıslı ulıwmalıq penen birge parıqqa iye ekenligin aytadı. Parıq sol, Batısta bul tsexlik du'zilis erterek o'z o'mirin tawısqan bolsa, ko'p g'ana shıg'ıs ellerinde, a'sirese Xorezmde XX a'sirdin' 20-jıllarına deyin o'mir su'rdi. Tsexlik sho'lkemnin' turaqlılıg'ı basım bolıwına qaramastan payda bolıp kiyatırg'an kapitalistlik qatnaslar tusına deyin keldi.

"Xorezmdegi o'nermentlik sho'lkemlerdin' bas ayırmashılıg'ı sonda, olar batıstag'ıday qatan' reglamentatsiyag'a, tsexlardın' sotsiallıq-ekonomikalıq siyasatında shekleniwshiliklerge iye bolmadı".[38] Sebebin avtor batısevropalıq ellerde ha'm Shıg'ısta ken' tarqalg'an feodallıq vassalitet institutının' Xorezmde bolmag'anlıg'ı, Xorezm o'nermentlerinin' tsexları a'skeriy sho'lkemler statusına iye bolmag'anlıg'ı, onın' u'stine, jumıs ha'm jumıstan tısqarı waqıttın' ha'dden tısqarı reglamentatsiyası bolmag'anlıg'ı menen tu'sindiredi.[39]

Batısevropalıq sharayattag'ı qatlamlıq-toparlıq turmıs obrazı o'z tiykarında bir g'ana formatsiyalıq-feodallıq o'ndiris usılına iye bolıwına qaramastan bir-birinen ajıralıp turadı. Bul jag'day "senor", "vassal", "sawdager", "krepostnoy", "master" h.t.b. o'ndiris qurallarına ha'm miynetke, feodallıq ja'miyettin' sotsiallıq

[38] Джаббаров И.М. Ремесло узбеков южного Хорезма в конце XIX - начале XX в. (Историко-этнографический очерк) // Занятия и быт народов Средней Азии. "Наука", 1971, 122 б.
[39] Сонда.

ierarxiyasındag'ı ornı menen baylanıslı. Biraq usılarg'a qaramastan olarda ulıwmalıq mol. Bul obshinalıq turmıs obrazının' qatlamlıq-korporativlik xarakteri menen belgilenedi. Traditsiyalar, u'rp-a'detler, a'piwayı, qa'dimgi huqıqtın' roli basım.

Orta a'sirlik adam ha'm misli alg'ashqı obshinalıq ja'miyettin' ag'zası ta'ka'bbil. Klasslıq, toparlıq statuslarg'a iye bolıwına qaramastan o'zin ta'biyattan tolıg'ı menen bo'lekley almaydı. Sırtqı qorshag'an du'nyag'a qatnasında ratsionallıqqa qarag'anda emotsionallıq basım. Jaqsı, jamandı bahalaw ha'm emotsionallıq boyawg'a iye. Bul jag'daydın', a'lbette birinshi gezekte ekonomikalıq faktorlardan g'a'rezli ekenligin aytıwımız tiyis. Qalanın' awıl u'stinen hu'kimdarlıg'ı, diyqanshılıq penen, jer menen shug'ıllanıwdın', o'nermentlik u'stinen hu'kimdarlıg'ı boladı. Sotsiallıq-psixologiyalıq, diniy-etikalıq ko'z-qarastan qarag'anımızda ha'm bul jag'day tag'ı da ayqınlasadı. Ta'biyatqa qatnastag'ı onı Qudaydın' da'rejesi ekenligi, onda adamnın' erkine, sanasına bag'ınbaytug'ın, ko'nbeytug'ın ku'shlerdin' mudamı ha'reket etiwin maqullaw mısal bola aladı.

Haqıyqatında da, adamnın' ta'biyat penen baylanıslarında bul aytılg'anlardı maqullaytug'ın tiykar da joq emes. Ta'biyat naturallıq xojalıqtın' fundamenti, insannın' ha'r ku'ngi joldası, tiykarg'ı o'ndiriwshi ku'shtin' – adamnın' gu'rrin'lesi, misli sırlası. Feodalizm tusındag'ı tiykarg'ı o'ndiriwshi ku'sh – krepostnoy diyqan, onın' turmıs obrazı tomag'a-tuyıq lokal xarakterge iye. Jumıs waqtı, bos waqıt degen joq. Olar birotola bir-birine o'tlesip ketken, tan'nın' atıwı ku'nnin' batıwı – onın' o'miri. Ba'lkim, "tu'n g'a'riptiki" degen so'z sonnan qalsa kerek.

Qorshag'an orta misli burıng'ıday, o'tmishtegidey natural xojalıq ju'rgiziwdin', adamdı qısımda uslaytug'ın xojalıqtın' tırnag'ı sıpatında bolar eken, adamlardın' turmısının', tiykarg'ı ba'ntliginin' ta'biyattın' ırg'ag'ınan g'a'rezli bolmasqa ilajı bolmaydı.

Qorshag'an ortag'a obektiv qatnas miynettin' zatlıq alg'ı sha'rtleri menen birlesip ketiwi menen xarakterlenedi. Ta'biyat penen birge adam o'zin qudaydın' do'retpesi esaplaydı.

Qullası, feodallıq ja'miyet tusında klasslıq-qatlamlıq turmıs obrazının' qaysısında da ma'lim ulıwmalıq belgiler ta'n. Olar: naturallıq tomag'a-tuyıq xojalıq ha'm onın' a'piwayı o'ndirisi, miynet etiwshinin' miynet quralları menen birlesip ketiwi. Usılar menen birge individtin' obshina, tsex, qatlam penen birligi, sotsiallıq ha'm ta'biyiy baslamanın' joqlıg'ı. Bir-biri menen qosıla hu'kim su'rgen turmıs obrazları jasawdın', o'mir su'riwdin' ulıwma strukturasında pu'tinliktin' biraz az bo'lingen tutaslıg'ın an'latadı. Degen menen bunday jag'dayda ha'm klasslıq, qatlamlıq turmıs obrazlarının' bo'liniwin ha'tteki konfrontatsiyalıq xarakterge iye ekenligin an'law mu'mkin. Baylıq penen jarlılıqtın', la'zzetleniw menen miynet etiwdin' bir-birinen ajıralıwı awıl obshinaları, qalalıq kommunalar, o'nermentler tsexları, sawdagerlik yamasa diniy birlespeler, ma'lim tuwısqanlıq awqamları h.t.b. sayasında qalg'anday boladı. Biraq bul protsesste belgilewshi faktor hu'kimdarlıq ha'm bag'ınıw bolıp qala beredi.

Tag'ı bir moment sol, obshinalıq turmıs obrazınan, a'sirese onın' miynet iskerligin a'melge asırıwınan kelip shıg'atug'ın da'stu'riylik. Da'stu'riylik bul da'stu'r adamı ushın a'sirlerden kiyatırg'an qa'driyatlarg'a su'yeniw u'rp-a'detlerge o'tedi. Bolmıstın' en' joqarg'ı, ten'i-tayı joq qa'driyatına aynaladı, durıs turmıs obrazının' tiykarı esaplanadı. Ha'tteki son' ala o'tmish "altın a'sir", du'nyanın' nag'ız ta'biyiy halatı, ideal esaplanadı. Turmısta asketlik ten'lik, ha'mmesin ten' bo'lisip tutıng'an jag'dayda ulıg'lanadı. Miynette ha'm miynetten tısqarı sferalarda da bul "idealdı" ulıg'law an'ızg'a aynaladı. Bul da'stu'riylik u'rp-a'detler, rituallar, qarım-qatnaslıq sistemasının' ha'mme buwınlarında qatan' saqlanatug'ın boldı. A'lbette bunday jag'daydın' ju'zege keliwi orta a'sir obshinasında adamlardın' o'z-ara qatnaslarına ta'n tomag'a-tuyıq jasaw, miynet etiwdin' adekvat sa'wleleniwi bolıp tabıladı.

Usılar menen birge aytıwımız kerek, feodallıq turmıs obrazının' ulıwma minezlemesin og'an deyingi ja'miyetlik rawajlanıwdın' basqıshları menen

ten’lestiriw menen shegaralaw qıyın. Hesh bolmasa bul ja’miyette azg’antay da bolsa quliyelewshilik ja’miyetke qarag’anda adamnın’ iskerligine ha’m individuallıq tan’lawına imkaniyat boldı. Bug’an tsexlıq sho’lkemlesiwdin’ o’zi de mısal emes pe?!

Bul tusta menshikke huqıqtın’ ku’shli bolıwı menen birge, din sıqmarlıqtı, baylıqtan basqag’a umtılmay jasawdı, demek bayıp qalıwdı, jalan’qayalıqtı adamnın’ tiykarg’ı maqsetine aynaldırıwdı qaralaydı. Ha’tteki mu’lkiy ayırmashılıqtı maqullaw menen birge, joqarılar menen to’menler arasındag’ı qatnastı na’zerde tutıw, ha’dden tısqarı kiyiniw ha’m bezeniwdi ha’m maqul ko’rmeydi. Ha’tteki materiallıq iygiliklerdi bas-ko’zine qaramay tutına beriwge ha’m qarsı. Ba’lkim, sonnan da bolıwı kerek, “feodallardın’ saqıylıg’ı” shın ma’nisindegi saqıylıqqa uqsamasa da tek batısevropalıq klassikalıq orta a’sirlik feodallarg’a g’ana ta’n emes, ol shıg’ıslıq orta a’sirlik tusqa da ma’lim da’rejede ta’n. Qazaq jazıwshısı M.A’uezovtın’ “Abay jolı” roman-epopeyasında xalıq awzına qarag’an iri feodal Bojeydin’ ası tuwralı jazılg’an epizodlar bar. As ju’da’ ko’p shıg’ınlar menen atqarıladı. Ko’p u’ylerge qonıq beriledi. Bayraqqa atlar, tu’yeler tigiledi.[40] Adamlar son’ ala qaysı waqıyanın’ ha’tte tuwılıq ha’m o’limnin’ de qaysı jılı bolg’anın umıtsa da, Bojeydin’ asınan qansha waqıt burın ya son’ bolg’anlıg’ın umıtpaydı, orientir – Bojeydin’ ası.

Sonday-aq, feodallıq ja’miyet turmıs obrazında o’z-ara ushırasıw, sıy qon’sılar menen jaqsı qatnasta bolıw h.t.b. a’melge asırıladı.

Ku’ndelikli bolmısında adamnın’ miynet iskerliginin’ jag’dayı onın’ o’ndiris quralları menen birlesip ketiwi na’tiyjesinde naturallıq xojalıqtın’ a’melge asırılıwı, a’piwayı qayta o’ndiriw h.t.b. onın’ turmıs obrazının’ ha’mme ta’repin ha’m belgileydi.

Ekonomikalıq sharayıtlar tiykarında qa’liplesken jeke g’a’rezlilikke tiykarlang’an qatnaslar individtin’ o’z bildiginshe jasawına imkaniyat bolaman degenshe o’mir su’riwin toqtata almaydı. Ja’miyetlik qatnaslardın’ alg’a ilgerilew protsesi ku’sheyiwi menen adam o’zinin’ obshinag’a qatnasın o’zgertip qoymaydı,

[40] Қараңыз: Әуезов М. Абай жолы. I том. 1961, 125-145 б.

obshinanı ha'm o'zgertedi, onı buzadı da. Biraq bul a'melge asaman degenshe obshinalıq turmıs ukladı jeke adamg'a biyg'a'rez uzaq joldı o'tedi. Bul xojalıq turmısının', tsexlik da'wirlerdin' sotsiallıq jag'dayı ja'miyetten g'a'rezliliktin' basqa tipin talap eter eken, demek basqa turmıs obrazın talap etedi. Bug'an ha'm obektiv alg'ısha'rt jasaladı. Bul kapitalistlik o'ndiris usılının' ornıg'ıwı menen baylanıslı. Bul ja'miyet adamlardın' lokal, tomag'a-tuyıq o'mir su'riwinin' aqırın an'latadı. Burıng'ı o'ndiris usılında toqtaw, konservatizm izde qaladı. Mashinalıq miynet adamlardın', jerdin', ta'biyattın' hu'kimdarlıg'ınan azat etedi. Endi og'an jumıs islewshinin' o'ndiris quralları menen qosılıp ketken halatı kerek emes. Bul miynet adamının' ku'ndelikli turmısına, onın' talap, ma'plerin ken'eytetug'ın, dag'dı uqıpların ku'sheytetug'ın jan'a momentlerdi engizedi. Sebebi sanaat miyneti o'ndiris protsesinde o'ndiriwshinin' roline baylanıslı biraz jen'illestiriw, an'satlastırıwdı boldıradı.

Qullası, industriallıq o'ndiris ha'm sanaat miyneti onın' o'zinsheligine, individuallıg'ına jol ashadı. Aqırı, jumısshı yuridikalıq jaqtan biyg'a'rez, erkin adam, o'z rabochiy ku'shine erkli adam. Jumıs beriwshi erkli-erksiz jumısshı menen individuallıq sıpatında esaplasıwg'a ma'jbu'r. Degen menen ma'selenin' basqa ta'repi ha'm bar. Hu'kim su'riwshi tovarlıq-aqshalıq qatnaslardın' ha'dden tıs ku'sheyiwi miynet sferasın insannın' o'zin-o'zi ko'rsetiwi, o'zin-o'zi jeke adam sıpatında a'melge asıwın tolıq boldıra almaydı. Bul ha'm basqa da jaramsız jag'daylardın' ju'z bere beriwinen azat bolıwdın' jolın kommunalistlik ja'miyetten izlew ha'm onı ornıqtırıw qushtarlıg'ı bul ideya wa'killeri ushın problemag'a aynaladı.

Ga'p sonda, ma'lim obektiv ha'm subektiv sharayatlardın' ju'zege keliwi menen bul du'zim burıng'ı Awqam tusında ornadı da. Biraq jetpis jıldan artıq hu'kim su'rgen sovetlik tutım miynet adamının' ja'miyettegi ornı ha'm roline itibar beriwden go're onı kishkene shu'y sıpatında ha'm qaramadı. Aqırı menshiklik qatnaslardın' ma'lim g'ana tu'rleri menen adamlardı ba'ntlew olardın' o'z ma'nisin o'zi ashıwına irkinishten basqa heshna'rse bolmadı. Aqıbetinde bul ha'rbir adamnın' miynet iskerliginin' shın ma'nisinde o'zligin an'latıwına

imkaniyat bermedi. Ka’millik negizinde miynet iskerligin a’melge asırıwdı ulıg’lag’an ustanovka adamnın’ pu’tkil bolmısın tosın jag’daylarg’a duwshakerlestire beredi. Sotsiallıq qatnaslar adamnın’ individuallıq o’mir su’riwi menen ja’miyetlik o’mir su’riwin ushlastırıw ornına olardın’ arasında qarama-qarsılıqtı ku’sheytti. Bul jag’day insannın’ o’mirinin’ ma’nisi bolg’an dag’dı ha’m uqıplarının’ do’retiwshilikke, du’nyanı jaratıwg’a bag’darlang’an imkaniyatlarına irkinish boldı. İnsannın’ turmıs obrazında miynettin’ ku’ndelikli o’mirdi quwanısh ha’m baxıtqa baslaytug’ın ma’nisi bolıp jarımadı. Aqıbetinde jalg’an ja’ma’a’lik ju’zege keldi. Miynet penen miynetten tısqarı sferanın’ birin-biri talap etip turatug’ın gumanistlik ma’nisi buzılar eken, adamnın’ miynetke motivleniwi tek g’ana ku’n ko’riwdin’ shegarasınan shıg’a almadı.

Tek g’ana elimiz g’a’rezsizlikke erisiw menen bul jag’day basqasha tu’r aldı. En’ aldı menen menshiktin’ ha’mme tu’rlerinin’ ju’zege shıg’ıwı na’tiyjesinde adamnın’ bar mu’mkinshiliklerin a’melde erkin ko’rsete alıw imkaniyatı payda boldı. Bul degen so’z, miynet iskerliginde jan’a motivleniw adamlardın’ olardan burın jıraqlag’an bolmısın haqıyqıy o’zleriniki qılıwg’a sharayıt jasaldı.

Bu’ginliginde sol sebepli jan’a turmıs obrazının’ en’ aldı menen miynet sferasında ornıg’ıwı tuwralı ayta alamız. Miynettin’ mazmunı o’zgeriwine qaray adamlardın’ sanasında a’detleniwlerinde ku’ndelikli o’mir su’riw, jasawdın’ jan’a sapasın ko’remiz.

A’sirlerge tatırlıq qısqa waqıttın’ ishinde elimiz xalqı g’a’rezsizlik sharapatında ja’miyetlik turmıstın’ ha’m miynet ha’m miynetten tısqarı sferalarının’ ba’rshesinde de ten’i-tayı joq o’zgerislerge eristi. O’zbekistan Respublikası Prezidenti İslam Karimov O’zbekistan Respublikası Konstitutsiyasının’ qabıl etilgeninin’ 21 jıllıg’ına bag’ıshlang’an saltanatlı jıynalısta bul o’zgerisler tuwralı ayta kelip olar tek ekonomikadag’ı alg’a ilgerilewlerde g’ana emes, al adamlardın’ pikirlew, oylawında, sonın’ ishinde o’z miynetinin’ na’tiyjelerine qatnasında ha’m ko’rinetug’ınlıg’ın aytadı.

“O’zinin’ a’hmiyeti ha’m ma’nisine ko’re hesh na’rse menen salıstırıp bolmaytug’ın turmısımızdag’ı o’zgerisler haqqında aytqanda, a’wele

adamlarımızdın’ du’nyaqarası ha’m keypiyatı, pikir oyı, olardın’ turmısqa, o’z miyneti na’tiyjesine mu’na’sibeti tu’pkilikli o’zgerip, joqarılap baratırg’anı haqqında toqtamastan o’te almaymız”.[41]

Shınında da, adamnın’ o’zinin’ o’zgeriwi, puqaralıq ha’m siyasiy sanasının’, huqıqıy ma’deniyatının’ o’siwi, iyek artıqshılıqtan, “bizdi oylaytug’ın” ko’semler tuwralı oylawdan qutılıwı g’a’rezsizlik tusındag’ı sebep ha’m faktorlardın’, a’sirese miynet iskerliginin’ insannın’ o’zin-o’zi a’melge asırıwı, o’zine o’zinin’ iyelik etiwi, o’z ma’nisin o’zi ashıwı menen baylanıslı.

A’lbette miynet iskerliginin’ turmıs obrazındag’ı ornı ha’m roli tuwralı ga’p bul aytılg’anlar menen tamamlanbaydı. Bul ma’selenin’ tariyxıy protsesstin’ kontekstinde qaralıwın ele de dawamlaw wazıypası g’a’rezsizlik tusında xalqımız turmıs obrazının’ jan’alawında miynet iskerliginin’ ornın ha’m rolin biraz konkretlestiriwdi talap etedi.

---

[41] Қараңыз: Каримов И. Амалга ошираётган ислоҳотларимизни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятни қуриш – ёруғ келажагимизнинг асосий омилидир. Ўзбекистон Республикаси Конституциясининг 21 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузa. 2013 йил 7 декабрь. Т., “Ўзбекистон”, 2013.

## II Bap. G'a'rezsizlik tusında elimiz turmıs obrazının' jan'alanıwında miynet iskerliginin' tu'pkilikli o'zgeriske tu'siwi ma'seleleri

### § 1. Rawajlanıwdın' o'zbek modeli ha'm miynet iskerligi ma'selesi

Ba'rshege ayan, jetpis to'rt jıl hu'kim su'rgen ken'es du'zimi tusında sotsiallıq ten'lik penen qosa, adamlardın' sanasına ma'lim o'zinshelikke iye ieologiyanı sin'diriwge ku'sh salındı. Onın' ma'nisi adam jaqsı isley me, jaman isley me, ba'ribir ma'mleket bag'adı, sebebi bunı islewge ol minnetli. Ha'mme na'rse ma'mleketke tiyisli, ma'mlekettin' menshigi. Bul dogma adamlardın' sanasınan orın aldı ha'm olardı menshikten, xojeyinlik sezimnen ayırdı, biyganalastırdı. O'zinen-o'zi tu'sinikli bolsa kerek, adamda menshikke iyelik etiw, xojeyinlik sezim bolmasa, onın' ku'ndelikli bolmısının' qa'legen komponentinde, a'sirese miynet iskerligin mısalg'a alsaq, qalayınsha aktiv do'retiwshilik penen o'nimdarlı jumıs islewi mu'mkin?! Ko'p g'ana mısallardan sonı an'law qıyın emes, joqarıdag'ı jag'daylar adamnın' miynetke qatnasına ju'da' unamsız ta'sir etti. Miynettin' na'tiyjesine ma'pdarlıq ha'm juwapkershilik sezimine ha'm keri ta'sirin tiygizdi.

Bul jag'daylardın' ha'mmesi de qayta-qayta oy eleginen o'tkizilip, bazar qatnaslarına o'tiw protsesinde adamlardın' ko'n'il-ku'yin esapqa alıw, da'slebinde o'tken da'wirlerden qalg'an unamlı ta'jiriybeni paydalanıw na'zerde tutıldı.

"Ko'p ma'mleketlerdin' ta'jiriybesi bazar qatnaslarına o'tiw jumsaq, sotsiallıq qıyınshılıqlarsız, an'sat ketpesligin ko'rsetedi. Bul obektiv protsess".[42]

Qullası, bazar qatnaslarının' qarar tabıwı, a'sirese mu'lk iyeleri klassının' qa'liplesiwi g'a'rezsiz elimiz ja'miyetlik turmısının' ha'mme sferaları menen tıg'ız baylanıslı bolar eken, rawajlanıwdın' o'zbek modelindegi bes printsiptin' ishindegi – birinshisinin' – ekonomikanın', onın' o'zgerislerinin' u'stinlikke iye bolıwının' jan'a turmıs obrazının' qa'liplesiwindegi adamnın' miynet iskerligi menen tikkeley baylanıslı. Ha'kimshilik-buyrıqpazlıq sistemadan pu'tkilley waz keship, bazar ekonomikasına tiykarlang'an sotsiallıq qatnaslardı qa'liplestirip atırg'anımız

[42] Қараңыз: Каримов И. Узбекистан на пороге XXI века. Угрозы безопасности, условия и гарантии прогресса. Т., "Ўзбекистон", 1997, с. 206.

ja'miyetti reformalawdı a'melge asırıp atırg'anımızg'a ju'da' itibar menen qatnasımızdı an'latadı.

Bizin' bazar qatnaslarına o'tiw modelimiz respublikanın' o'zine ta'n sharayıtları ha'm o'zgesheliklerin da'stu'rler, u'rp-a'detler, turmıs obrazın ha'r tamanlama esapqa alıwg'a, o'tmishtegi ekonomikanı bir jaqlama rawajlandırıw miyrasınan ha'm birotola waz keshedi.

Bu'ginliginde rawajlanıwdın' o'zbek modeli ja'ha'n ta'jiriybesi, ma'mleket ha'm ja'miyetti jan'alaw ha'm o'zgerisler engiziwdin' quramalı jolların basıp o'tken ma'mleketler toplag'an en' jaqsı ta'replerin o'zinde ja'mlegen.

Eger rawajlanıwdın' g'a'rezsizlik jag'dayındag'ı halatın ulıwmalastıra ko'z aldımızg'a keltirsek, rawajlanıwdın' o'zbek modeli ju'da' tiykarlı ha'm durıs bolıp shıqqanlıg'ının' gu'wası bolamız. Qullası, o'mirdin' o'zi eldi reformalawdın' ha'm modernizatsiyalawdın' biz tan'lag'an durıslıg'ın qayta-qayta da'lillemekte. Onı bu'ginliginde ko'p g'ana ekonomikalıq sho'lkemler, ja'ha'nnin' ko'p g'ana ma'mleketleri ta'n almaqta.

Artıg'ıraq bolsa da, tag'ı da aytıp o'temiz, bul modeldin' ma'nisi, tiykarı bes printsipke ja'mlengen. Olar: ekonomikanın' ideologiyasızlanıwı, nızamnın' u'stinliginin' ta'miyinleniwi, eldin' spetsifikalıq o'zgesheliklerin esapqa alg'an halda ku'shli sotsiallıq siyasattın' a'melge asırılıwı, sonday-aq a'melge asırılıp atırg'an siyasiy ha'm ekonomikalıq reformalardın' basqıshpa-basqıshlıg'ı.[43]

Bu'gingi turmısımız, adamlardın' individuallıq ha'm ja'miyetlik bolmısı ken' ko'lemdegi demokratiyalıq, sotsiallıq-ekonomikalıq, siyasiy ha'm sud-huqıqıy reformalar tabıslı bolıwı ushın basqıshpa basqıshlıq, izbe-izlik, miyraslıq ha'm evolyutsiyalıq rawajlanıw jolına ta'n is tutıwdın' aqılg'a ug'raslıg'ın tastıyqlap atır. Onın' u'stine, demokratiyalıq protseslerdi jasalma jol menen tezletiwdin' qa'teligin da'liyllep atır. Revolyutsiyalıq awdarıspaqlar jolı ha'm ja'miyet sferaların ku'shlew mexanizmlerin iske salıp basqarıwdın' o'nimsiz, ha'tteki zıyanlı aqıbetlerge alıp keletug'ınlıg'ın ha'm tastıyqlamaqta.

[43] Қараңыз: Углубление демократических реформ и формирование гражданского общества – основа будущего Узбекистана. (Доклад на торжественном собрании посвященной 21-й годовщине Конституции Республики Узбекистан). Т., "Ўзбекистон", 2013, с. 49.

Haqıyqatında da, ja'miyettin' bolmısının' ha'mme tarawların erkinlestiriw ha'm demokratiyalastırıw, ekonomikanın' turaqlı ha'm bir qa'lipte rawajlanıwı, xalıqtın' abadanlıg'ı ha'm ku'ndelikli o'mir su'riwimizdin', onın' da'rejesi ha'm sapası boyınsha joqarı sheklerdi iyelewimiz – bulardın' ha'mmesi oylanılıp islengen, ha'zirgi milliy ma'mleketshiliktin', onın' nızam shıg'arıw, atqarıw, sud ha'kimiyatlarının' bo'liniw printsipine tiykarlanıwı menen baylanıslı. Al bular adamnın' ma'plerinin', huqıq ha'm erkinliklerinin', u'stinlikleri, sonday-aq insaniyat qabıl etken xalıqaralıq huqıq ha'm normalardı ta'miyinlewge qaratılg'an.

Sonı ha'm aytıwımız kerek, ekonomikadag'ı demokratiyalıq ha'm bazar qatnaslarına baylanıslı tu'pkilikli qayta qurıwlar, kishi biznes ha'm isbilermenlik, fermerlik xojalıqlar ushın jaralg'an qolaylı sharayıtlar, aytayıq, jen'illikler ten'i-tayı joq a'hmiyetke iye. Jeke menshikti ha'm olardın' iyelerin qorg'aw boyınsha nızamlar, sırt el investitsiyası ushın qolaylı ha'm u'mit ku'ttirerlik sharayıtlar, biznesti ju'rgiziw boyınsha ha'rtu'rli huqıqıy ha'm nızamlıq bazalardın' mudamı jetilip barıwı miynet iskerliginin' adamlardın' ku'ndelikli bolmısındag'ı ornın ha'm rolin ha'm bundag'ı onın' belgilewshiligin taqıyqladı.

Aytıw kerek, elimizde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik ushın qolaylı ha'm u'stinlikke iye sharayıtlardın' jaralıwı, jeke menshiktin' alg'a su'rilgen jag'dayı onın' tek g'ana ekonomikanın' o'siwinin' a'hmiyetli deregi emes, al adamlardın' tabıslarının' ha'm ba'ntliginin' de o'siwinin', orta klasstın' qa'liplesiwinin' de deregine aynalıp otır. Orta klass bu'ginliginde demokratiyalıq reformalardın' tayanıshı ha'm ha'reketke keltiriwshi ku'shi sıpatında o'z ornına iye.

Durıs, reformalardı a'melge asırıw ha'm ja'miyetti demokratiyalastırıw ha'm jan'alaw bir g'ana retlik, bir saparı g'ana iske tu'sip tamamlanatug'ın protsess emes. Ol u'zliksiz dawam ete beredi. Sonın' ushın da ol xalıqqa tu'sinikli ha'm xalıq ta'repinen qollap-quwatlanıp bara beretug'ın protsess. Sonın' ushın reformalardın' reformalar ushın, al onın' adam ushın a'melge asırılıp atırg'anın elimiz, xalqımız sanasında, oylaw obrazında, ku'ndelikli turmıslıq ustanovkalarında orın alg'anlıg'ı haqıyqatlıq.

Ken’ ko’lemdegi ma’mleketlik, ja’miyetlik-siyasiy, sotsiallıq-ekonomikalıq qurılıstag’ı reformalar ha’m demokratiyalıq qayta qurıwlar, aytayıq bilimlendiriw sferasın tu’pkilikli da’rejede qayta qurıw ha’m jan’alaw, xalıqtın’ turmısının’ da’rejesi ha’m sanasının’ dinamikalıq o’siwi xalıqtın’ ko’n’il-ku’yin, du’nya tanımın g’ana o’zgertip qoymastan, elimizdin’ jer ju’zlik birge islesiwdegi ornın ha’m rolin burıng’ıdan beter ku’sheytip jiberdi.

Aqırı, eger son’g’ı jigirma eki jıldag’ı g’a’rezsiz rawajlanıw tusındag’ı o’zgerislerge na’zer salsaq, ja’miyettin’ sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwındag’ı a’sirlerge ten’ o’zgerislerdin’ ju’zege kelgeninin’ gu’wası bolamız.

Aytayıq, elimiz ekonomikası bul da’wirde 4,1 esege o’sti. Eger onı jan basına esaplasaq, u’sh ma’rtebeden kem bolmag’an ko’rsetkishke iye. Ga’p sonda, bul aralıqta xalqımız sanı 9,7 milliong’a o’sti, bu’ginliginde ol 30,5 milliondı quraytug’ın bir payıtta ekonomikanın’ bunday da’rejege ko’teriliwi tan’lap alıng’an joldın’ – rawajlanıwdın’ o’zbek modelinin’ qanshalıqlı da’rejede ha’mme ta’repleme oylanılıp, jeti o’lshep bir kesilgenligin an’latadı.

Aytıw kerek, jer ju’zlik masshtabtag’ı finanslıq-ekonomikalıq krizistin’ ta’siri bolıp turg’ang’a qaramastan ha’r jılg’ı ishki ulıwma o’nimnin’ o’siwi bug’an gu’wa. Ol 2008-2013-jılları 8 protsentten assa, 2014-jılda bul ko’rsetkishtin’ 8,1 protsentke ko’teriliwi ku’tilmekte Al jan basına bo’lgende real g’alab tabıslar g’a’rezsiz jılları 8,2 esege o’sti.[44]

Ma’mlekettin’ sırtqı qarızı bolsa ulıwma ishki o’nimge qarata 16 protsentten aspadı, al ishki qarız nollik a’hmiyetke iye, eksporttın’ ha’m altın valyutalıq rezervleri ko’lemleri aspaqta.

G’a’rezsizlik jılları tek bular emes, basqa da jetiskenliklerdin’ tsifralardın’ “tiline” o’tkizgenimizde ha’m ulıwmalastıra qarag’anımızda, ja’miyetlik turmıstın’ ha’mme sferaların qamtıg’an toqtawsız o’siwdin’, rawajlanıwdın’ gu’wası bolamız. Bul a’hmiyetli ha’m sheshiwshi o’zgerisler, artıg’ıraq bolsa da

[44] Қараңыз: Каримов И. Углубление демократических реформ и формирование гражданского общества – основа будущего общества. Доклад на торжественном собрании, посвященном 21-й годовщине Конституции Республики Узбекистан. 7 декабря 2013 года. Т., “Ўзбекистон”, 2013, с. 51-52

qaytalaymız, adamlardın' ku'ndelikli iskerlik ha'm oylaw obrazında, a'sirese olardın' turmısqa, jasawg'a, burıng'ı Awqam tusında o'zlerinen jıraqlag'an, biyganalasqan, bu'ginliginde o'zlerinikine aynalg'an, o'zleriniki bolg'an miynettin' na'tiyjesine qatnasının' o'zgerisin an'law qıyın emes. Nege degende, elimiz g'a'rezsizliginin' tabıslarının' insang'a, onın' iygiligine, jarqın keleshegine bag'darlang'anlıg'ın jemisin tatıwın, bul tiykarda insannın' puqaralıq ha'm siyasiy pozitsiyasının' shın ma'nisinde ulıwmainsanıylıq ustanovkalar menen bekkemlengenligin ko'remiz ha'm Awqam tusındag'ı iyek artıwshılıq psixologiyasınan qutılg'anlıg'ı taqıyqlanadı. Onın' u'stine o'zinshe oylap biletug'ın, zamanago'y bilimge ha'm onı du'nyanı biliwge qollana alatug'ın, uqıplı, keri tartpa eskiliklerden, o'tmish stereotiplerinen azat, eldin' keleshegi ushın juwapkershilikti ekilenbesten o'zine ala alatug'ın jaslardın' ju'zege shıg'ıwı o'z aldına.

Bul ha'm basqa da sheklerge jetisiwdegi obektiv protseslerdin' ornın ha'm rolin aytıw menen birge xalqımızdın' qanday qıyınshılıqlar gezlesse de, olardı ma'rtlik penen, turaqlı tu'rde taban tirep, sanalı tu'rde qaysarlıq penen jen'iwin ha'm na'zerde tutamız. Usı sebepli de jan'a turmıs obrazının' du'zilisindegi a'sirese adamlardın' miynet iskerligindegi za'ru'rli faktor sanalılıq bolıp tabıladı. Ol adamlardın' o'z baslaması menen, intası menen jumıs islewin za'ru'rli tu'rde sho'lkemlestiriwshilik imkaniyatına iye. G'a'rezsizlik tusında adamlardın' turmıs obrazı tek g'ana ku'ndelikli o'mir su'riwdin', materiallıq sharayatlarınan g'ana emes, al o'zligine adamnın' sanası, ha'rekettin' ha'mmesin de qamtıg'an ruwxıy sharayatlardan da g'a'rezli boladı. Sana adamnın' turmısının', o'mir su'riw, jasawının' real a'meldegi sha'rtine aynaladı. Basqasha aytqanda, bul ma'selege ele de ken'irek tu'sinik bersek, adamnın' oylawında ha'm real jasawında, o'mir su'riwinde ha'm ma'deniyattı, ma'deniyatlı turmıs obrazına iye bolıwdı ko'remiz. Sonın' ushın da sana problemasi sotsiallıq-filosofiyalıq qatnasta individtin' tariyxıy protsesstin' subekti sıpatında qaralıwı menen baylanıstırıladı.[45]

---

[45] Крутова О.Н. Проблема человека в социальной философии. М., "Наука", 1990, с. 48-49

Usılay eken, jan’a turmıs obrazının’ sapalıq belgileri en’ aldı menen miynet sferasında, miynet adamının’ miynettin’ mazmunının’ o’zgerisi menen onın’ sanasında ha’m ku’ndelikli iskerliginin’ a’detleniwlerinde ko’riniske iye boladı. İnsan iygiligine bag’darlang’an ja’miyetimiz bul, so’z joq, miynet adamlarının’ ja’miyeti. Miynetkeshlerdin’ birge islesiwinin’ ha’m iskerligi usılının’ ta’biyatın a’dette eki moment belgileydi. Bul birinshiden, miynettin’ xarakteri, onın’ ja’miyetlik forması ha’m sotsiallıq a’hmiyeti. Ekinshiden, adamlardın’ miynetke, miynet protsesine qatnasıwına qatnası. Bular a’dette jan’a turmıs ukladı, ja’miyetlik qatnaslardın’ barlıq sisteması ha’m ta’rbiya ta’repinen jaratıladı. Elimiz g’a’rezsizlikke erisiw menen shın ma’nisinde miynettin’ qa’dir-qımbatına ılayıq turmıs obrazın jaratıwdı maqset etip qoydı. So’ytip, jan’a ja’miyet sanalı tu’rde o’zinin’ tikleniw ha’m sotsiallıq rawajlanıwı ushın tiykar jarattı. Aqırı, rawajlanıwdın’ o’zbek modelinin’ en’ birinshi printsipi ekonomikag’a u’stinliktin’ beriliwi, onın’ siyasatlaspawının’ o’zinen aq bunı tu’siniw qıyın emes. Kommunizm ideyasın a’meliyatqa engiziwge urıng’an sovetlik du’zim menshiktin’ eki g’ana formasın - ma’mleketlik ha’m kolxoz-kooperativlik menshikti g’ana betke tutıp, onın’ basqa formaların qurttı. Ha’tteki, gu’nde, paznasınan basqa heshna’rsesi joq bolsa da, ku’n ko’ristin’ ko’zin bilip ha’reket etkenlerdi kulak sıpatında ayıplap, su’rginge aydadı ya qattı plan menen ba’ntlep qoydı. U’lkemiz o’tmish mısallarınan ma’lim, g’alaba kollektivlestiriw a’melge asırılg’an o’tken a’sirdin’ 20-30-jılları basqalar, ma’selen paxtanı onı tsentnerden tapsırsa, gu’nde, paznası, al ko’ligi bar ya joq, 15 tsentnerden tapsırıwı tiyis. Bul orınlanbasa, tu’rme ya su’rgin… Bul ma’seleler menen arnawlı shug’ıllanıp ju’rgen qaraqalpaq tariyxshısı Sh.Babashevtin’ izertlewlerinde bug’an ko’p mısallar tabıw mu’mkin.

Olardın’ birinde artıqmash heshna’rsesi bolmasa da dindar “jatıp isher” bolg’anı ushın Shımbay rayonı turg’ını Yusup iyshan Sa’yeke ulı usınday jazag’a tap bolg’an, su’rgin sebepli su’yegi g’ayrı jurtta qalg’an.[46]

[46] Қараңыз: Бабашев Ш. Юсуп ийшан Сәйеке улы ҳаққында // Қарақалпақстан жаслары, 2010-жыл 23-октябрь

Ha’tteki usı taqıletles adamlardın’ birazına kapitalistlik ellerdin’ tın’shısı ayıbı da tag’ılg’an. Jalg’annan, biygu’na adamlardı quwdalaw saldarınan shın ma’nisinde jerge diyqanlıq qatnastın’ ustanovkaları da pa’seydi.

G’a’rezsizlik sharapatında jan’a ja’miyet adam bolmısının’ norması sıpatında miynet turmıs obrazın ja’riyalay otırıp, sanalı tu’rde insan shın ma’nisinde jaqsı jasawı, o’mir su’riwi, iship-jewi, kiyiniwi, u’y-u’skenesine iye bolıwı ha’m la’zzetlene dem alıwı ushın jumıs islewi kerekligin ulıg’lag’an a’piwayı ulıwmainsanıylıq printsipti basshılıqqa aldı ha’m onı praktikag’a engizdi. Bul boyınsha jan’a ja’miyet sonday wazıypanı o’z juwapkershiligine aladı, ol ha’m bolsa ja’miyetlik paydalı miynetti heshkim ekinshi birewdin’ iynine salıwg’a imkaniyatı bolmaydı.

Miynet etse g’ana ra’ha’tlenetug’ınlıg’ı, otırıs-turısı, ku’n-ko’risi jayında bolatug’ınlıg’ın ku’ndelikli praktika negizinde ajırata aladı. Bul jag’day “miynet tu’bi – ra’ha’t” dep aytılg’an dep alıw so’zdin’ qaytadan jan’g’ırıwı boladı. Miynet etiw minneti ja’miyet turmıs obrazının’ birden-bir qa’desine ha’m ha’rbir adamnın’ talabına aynaladı. Bul boyınsha g’a’rezsizlik miynetke jan’a qatnastı payda etedi. Miynet etiw ha’mme ushın ten’ minet ha’m miynet birinshi o’mirlik talap bolar eken, olar bir g’ana jan’a ja’miyet miynetinin’ qa’liplesiw protsesinin’ eki ta’repi bolıp tabıladı.

Ju’da’ ulg’aytpay aq sonı aytıw mu’mkin, jan’a ja’miyet turmıs obrazı so’z joq, shın ma’nisinde miynettin’ ja’miyetlik rolin, onın’ insannın’ individuallıq ha’m ja’miyetlik bolmısındag’ı haqıyqıy ornın ha’m rolinin’ artıqmashlıg’ın g’alaba maqullawdan baslanadı. Durıs, adam materiallıq talapların qanaatlandırıw ushın miynet iskerligin a’melge asırıwg’a ma’jbu’r. Biraq bul protsesste adam sanalı tu’rde ulıwma payda eldin’, xalıqtın’ paydasın ısırıp taslamaydı. Aqırı, ol miynet etiwdin’ jaqsı jasawdın’ birden-bir deregi ekenligin sanalı tu’rde tu’siner eken, o’zi ushın miynetti basqalar ushın miynet penen ten’ qarawg’a bag’darlang’an rawajlang’an uqıp, dag’dını talap etedi. Bu’ginliginde jan’a ja’miyet ag’zalarının’ ko’pshilik bo’legi o’z miynetinin’ jemisin, ja’miyettin’ iygiliginen shette qaramaydı. Sebebi menshik formalarının’ pa’rawan hu’kim

su'riwinen ha'm bul ushın sharayatlardın' jaratılıwı miynet adamında erkinlikti boldırar eken, erkinlik juwapkershiliksiz bolmaydı, a'lbette.

Burıng'ı Awqam tusındag'ı adamnan xojeyinlikti ayırıw, o'z miynetinin' na'tiyjesinin' o'zine qaytpawı, biyganalasıwı erksiz miynettin' a'melge asırılıwı miynet adamına unamsız ta'sir etkenligi sonshelli, miynetke nemquraydılıqtı, ku'n o'tse boldıg'a, initsiativasızlıqqa alıp kelgen edi. Bul geyde ma'lim adamlarda artıq qıyınshılıqlardan qalay bolmasın azat bolıwdı, imkaniyatı barınsha azıraq islep, ko'birek alıw psixologiyasın ha'm qa'liplestirmewi mu'mkin emes edi de. Juwapkershilikke bunday jag'daylarda shın ma'nisinde g'ana a'melge asıw joq.

Bu'ginliginde jan'a ja'miyet tusında miynetke qatnas jalqawlıq, ta'rtipsizlik, biypa'rwalıq, a'lbette juwapkersizlik penen sıyıspaydı. Adamnın' en' birinshi puqaralıq wazıypasın atqarıwına nemquraydılıg'ı endi jayg'aspaydı. Basqasha aytqanda, jan'a ja'miyet adamının' miynetke uqıbı burın eskertkenimizdey-aq o'zine ha'm ja'miyetke ha'm bir waqıtta islewdi biliw menen ha'rbir adamnın' abadanlıg'ı tutas eldin' baylıg'ı ha'm qu'direti menen baylanıslı ekenligin an'lap jetiwge barıp taqaladı. Sonın' ushın da adamnın', onın' a'dep-ikramlıq sapalarının' ha'm sanalılıg'ının' da'rejesi jan'a ja'miyet qurılısına qosqan miynetlik u'lesi menen ha'm basqalardın' miynetine ha'm hu'rmeti g'a'rezsizlik rawajlanıwımız bolmısının' tiykarg'ı belgisi ha'm da'stu'ri bolıp otır.

Sonı da aytıwımız kerek, miynet islewge erkinlik ha'm adamnın' shın ma'nisinde ku'ndelikli normasının' normasına aynalıwı jan'a ja'miyettin' miynetti azat etiwdegi pu'tkil missiyasın tamam ete almaydı. G'a'rezsiz rawajlanıw aldına qoyg'an wazıypalar mudamı miynetlerdin' sapasın ko'teriw ha'm miynet etiwshilerdin' atqarılıp atırg'an miynettin' xarakteri menen qanaatlanıwı misli nızamlılıq ha'm tendentsiya boladı. Miynetke baylanıslı sanalılıq qanday joqarı bolg'anı menen ol adamnın' jumısqa baylanıslı qanaatlanıwsızlıg'ının' ornın basa almaydı. Nege degende, bul qanaatlanıwsızlıq ko'birek minimallıq da'rejede do'retiwshilik potentsialdı, ju'da' ayta qalarlıq intellektuallıq ku'sh-quwattı, arnawlı tayarlıqtı, jeke adam ma'nawiyatının' belgili da'rejesin talap etpeytug'ın miynet, a'lbette adamdı qanaatlandıra bermeydi. Miynet jeke adamnın' o'zin-o'zi

a'melge asırıwının' a'hmiyetli sferası ha'm onın' sotsiallıq aktivligin xoshametlewdin' quralı bolar eken, miynet iskerliginin' xarakterinde ha'm mazmunındag'ı o'zgerisler elimiz xalqının' turmıs obrazının' keleshektegi rawajlanıwının' tiykarg'ı sharayıtın quraydı.

Zamanago'y ilim ha'm texnikadag'ı progresti g'a'rezsiz rawajlanıwdın' artıqmashlıqları menen ushlastırıw miynet xarakterinin' o'zgerisi ushın u'lken perspektivalardı ashadı. Aqırı, o'ndiriske jan'a sho'lkemlestiriwshilik-texnologiyalıq qatlamlardı engiziw miynet adamının' kvalifikatsiyasına ha'm ulıwma ma'deniyatına joqarı talaplar qoyadı. Aytayıq tutas mexanizatsiya g'ana emes, al o'ndiriste ma'lim da'rejede avtomatlastırıwdın' o'zinde qol, mexanikalıq ha'm avtomatlasqan miynettin' ara-qatnası o'zgeredi. Fizikalıq ha'm aqıl miynetinin' o'z-ara qatnası sira' o'zgeredi ha'm bul o'z gezeginde bilimlilik, mobillik, jeke adamlıq da'rejedegi qarım-qatnasıqtın' miynet kollektivindegi jag'dayına tikkeley qatnaslı boladı. İlimiy-texnikalıq progress so'z joq, o'nimdarlı isleytug'ın jumısshının' tipin – joqarı ka'sibiy tayarlıqqa, ken' bilim o'risine iye do'retiwshilik penen oylaytug'ın ha'm initsiativalıq penen ha'reket etiwshi o'ndiristin' ma'deniyatına ha'm basqarılıwına joqarı talap penen ha'reket etiwshi adamdı keltiredi. Bunday jumısshı ushın miynet "o'mirlik za'ru'rlik" (o'mir su'riwdin', jasawdın', miynet haqının' quralı) bolıw menen birge onın' do'retiwshilik potentsialının' ku'sheyiwi menen kem-kem "o'mirlik talapqa, za'ru'rlikke" aynaladı. Basqasha aytqanda, jeke adamnın' o'zin-o'zi a'melge asırıwının' sferası ha'm quralı boladı.

Usı sebepli g'a'rezsiz elimiz turmıs obrazının' rawajlanıwında ilimiy-texnikalıq progress ashqan perspektivalar liniyasınan, adamnın' miynet penen qanaatlanıwı, atqarıp atırg'an miynet penen qanaatlanıwı a'hmiyetli problema esaplanadı. Durıs bulardı bir jıl eki jılda a'melge asırıw qıyın. Biraz waqıttı talap etedi. Onın' u'stine, miynetti ha'm o'ndiristi sho'lkemlestiriwdin' jan'a, zamanago'y printsiplerin a'melge asırıw kerek boladı. Bul boyınsha a'sirese adamnın' miynetke belsendiligin xoshametlew za'ru'r. Bul jag'day joqarı ekonomikalıq talaplardın' (o'ndiristin' joqarı o'nimdarlıg'ı ha'm produktsiyanın'

joqarı sapası) ja’miyettin’ gumanistlik maqsetleri menen (miynettin’ sharayıtların jen’illestiriw ha’m jan’alaw) organikalıq ushlastırıw, o’ndiris ha’m jumısshılarg’a xızmettin’ ma’deniyatın joqarılatıw, monotonlıq miynet, a’sirese ko’p miynet talap etetug’ın jumıs ushın kompensatsiya h.t.b. bolıwı tiyis. Bul ja’miyetlik o’ndiristin’ rawajlanıwının’ zamanago’y situatsiyasın esapqa ala otırıp, praktikada bazar qatnaslarına tiyisli tiykarg’ı printsiplerge tolıq juwap beredi.

Tag’ı bir a’hmiyetli problema sotsiallıq waqıttın’ dinamikası menen baylanıslı. Sebebi jumıs waqtına qarag’anda qansha aytqan menen bos waqıttın’ biraz ko’beyiwi tikkeley jan’a ja’miyettin’ gumanistlik maqsetlerdi a’melge asırıw boyınsha talaplarınan kelip shıg’adı. Qashannan aytıladı: waqıt – bahası joq sıy. Biraq onı g’a’rezsizlik tusında g’ana ja’miyettin’ baylıg’ı sıpatında qaraw na’zerde tutıladı. Bos waqıt penen ko’binshe materiallıq ha’m ruwxıy baylıqlardı do’retiwshi ha’rbir adam paydalanıp biledi.

Durıs, heshbir ja’miyet, sonın’ ishinde bizin’ ja’miyetimiz turmıslıq da’rejesi, turmıs obrazı ha’m “qunlıq”, “zatlıq” ha’m “aqshalıq” tu’sinikleri qollanılatug’ın o’lshemler ha’m parametrlerden waz keshe almaydı. Waz keshiwge za’ru’rlik ha’m joq. Degen menen sonı aytıwımız kerek, ja’miyettin’ materiallıq talaplarının’ qanaatlanıwının’ ku’sheywi menen de olar birotola joq bolıp ketiwi mu’mkin emes. Olar quramalasıp ku’sheyip bara beredi. Biraq Adam o’mirinin’ baylıg’ı ha’m ma’nisi sıpatında waqıtlıq o’lshem talaplardın’ ko’teriliw nızamının’ bas parametrlerinin’ biri sıpatında ju’zege keledi. Bul bir jag’ınan tu’sinikli de. Sebebi tap usı parametr adamnın’ uqıplarının’, do’retiwshilik ku’shlerinin’ ashılıwın qanaatlandırıw ushın za’ru’rli. Sonın’ ushın da ol usı uqıp ha’m do’retiwshilik ku’shlerdin’ real imkaniyatların bahalaw o’lshemi bolıp tabıladı. Aqırı, adamnın’ ruwxıy ha’m ma’deniy talaplarının’ bul protsesste ornı ha’m roli ayrıqsha.

Jumıs waqtı menen jumıstan tısqarı waqıttın’ araqatnası, onın’ aqılg’a muwapıqlıg’ı ma’selesi ju’da’ aktuallıqqa iye. Jumıs ha’m jumıstan tısqarı waqıttın’ durıs araqatnasqa iiye bolıwı miynet adamlarının’ ja’miyetlik aktivliginin’, siyasiy ha’m ma’deniy o’siwinin’ ju’da’ a’hmiyetli deregi bolıp tabıladı.

Ayrıqsha waqıttın' sotsiallıq funktsiyasın sanalı tu'rde an'law ja'miyetlik miynettin' o'nimdarlıg'ın ku'sheytiwdin' na'tiyjesinde ju'da' mol imkaniyatlarg'a iye bolar eken, bul imkaniyatlar waqıttın' du'zilisine ma'lim da'rejede korrektivlar engiziwi ta'a'jip emes. Bul o'zgerisler keleshekte insan ma'plerin esapqa alg'an halda waqıttın' strukturasına, aytayıq, ku'nge, ha'ptege, ayg'a ılayıq o'zgerisler boldırıwı mu'mkin.

Turmıs obrazının' du'zilisinde tiykarınan eki demalıs ku'ni menen 40 saatlıq jumıs ku'ni saqlang'an. Bul jaqsı. Biraz joqarı ko'terilgen iskerlikti a'melge asırıwg'a imkaniyat beredi. Jumıs waqtın u'nemlep paydalanıw tek ekonomikalıq ko'z-qarastan g'ana bahalı dep esaplaw nadurıs bolg'an bolar.

Aytayıq, jumıs waqtın u'nemlewde ja'miyetlik o'ndiristin' effektivligi ha'm miynettin' o'nimdarlıg'ının' joqarılıg'ı iske asadı. Biraq bul protsesstin' ju'da' a'hmiyetli ekinshi ta'repi ha'm bar. Ol ha'm bolsa sol, adamnın' jeke adamlıq, shaxslıq rawajlanıwının' tiykarg'ı sha'rtlerinin' biri bolıwı. Bul degen so'z, jan'a ja'miyet turmıs obrazının' rawajlanıwı, adamlardın' ekonomikalıq, sotsiallıq-siyasiy, ma'deniy ha'm turmıslıq iskerliklerinin' o'z-ara baylanısın talap etedi. Sonda jumıs waqtının' bos waqıtqa tikkeley abstrakt qarama-qarsılıg'ına hesh orın qalmaydı.

Waqıtlıq ken'isliktin' mudamı ken'eyiwi ha'rbir miynet etiwshinin' ruwxıy o'siwi ha'm jetiliwi miynet penen oqıwdı birge alıp barıw menen de baylanıslı. Durıs, bu'gingi ku'nde sırttan ya keshki oqıw praktikası toqtadı. Biraq xalıq xojalıg'ının' en' o'zek tarawlarına qolaylastırılg'an arnawlı sırtqı bo'limler saqlanıp qalındı. Ma'selen, Qon'ırat soda zavodı qasındag'ı Tashkent ximiya-texnologiya institutının' filialı. Onı bakalavr jo'nelisi ha'm magistraturanın' 5 qa'nigeligi boyınsha tiykarınan sol zavodta isleytug'ın qız-jigitler jılda pitkerip turıptı.

A'lbette, o'ndiristi oqıw menen birge alıp barıw jas a'wladtın' o'zi menen o'zi bilim alıwı, ilimiy-texnikalıq do'retiwshilikke, ko'rkem ha'weskerlikke aktiv qatnasıw ha'm kiredi.

İlimiy-texnikalıq progress ha'm og'an tiykarlang'an materiallıq o'ndiristin' rawajlanıwı obektiv tu'rde adamnın' sotsiallıq waqıtqa taza funktsionallıq yamasa instrumentallıq qatnastın' shegarasınan shıg'ıwın belgileydi. Bul protsess bos waqıttı burıng'ısha kewil ko'teriwdin' ramkasındag'ı paydalanıwdan, onı biraz ko'terin'ki iskerlik penen shug'ıllanıwg'a, ol ha'm bolsa jan'a ja'miyet tusında, a'lbette do'retiwshilik miynet penen tikkeley baylanıslı boladı. Basqasha aytqanda, adamlardın' jan'a ja'miyettegi ku'ndelikli bolmısının' jetekshi tendentsiyası sotsiallıq waqıttın' ma'deniy-mazmunlı paydalanılıwı ha'm og'an miynet iskerligine unamlı ta'sir boladı.

Sotsiallıq waqıttın' ratsionallıq bo'liniwi ma'lim qıyınshılıq ha'm problemalardı sheshiwdi ha'm talap etedi. Jumıs waqtının' azayıwı o'ndiriske, miynettin' o'nimdarlıg'ına ma'lim da'rejede unamsız ta'sir etiwi ha'm mu'mkin. Bul miynettin' ma'deniyatın, miynet aktivligin ha'm ha'rbir miynet etiwshinin' juwapkershiligin asırıwdı talap etedi. Bunnan onlag'an jıl burın Qaraqalpaqstan televideniesi arqalı "Urılar" atlı smarhum T.Matmuratovtın' instsenirovkası boyınsha tayarlang'an teleminaatyura ko'rsetildi. Onda jumıs adamlarının' o'ndirislik waqıttı talan-taraj etiwi, urlawı na'zerde tutılg'an. Miynetke baylanıslı ma'deniyatsızlıq qatnastın' tek bul emes, basqa da tu'rlerinin' ju'zege keliwi ja'miyetke, adamnın' o'zine, onın' jeke adam sıpatında qa'liplesiwine ju'da' unamsız ta'sirge iye. Jumıs waqtının' qa'dir-qımbatı, bahalılıg'ı, ma'selesinin' problemaların sheshiwdi tek g'ana ta'rbiya yakiy adamnın' o'zin-o'zi ta'rbiyalaw menen shegaralaw onshelli durıslıqqa kelmese kerek. Jumıstag'ı sanalılıq ha'm ta'rtipliklikti ha'tteki ha'kimshilik-buyrıqpazlıq tutım menen de jo'nge salıw jen'il bolmaydı. Nege degende bul ma'seleler ma'lim da'rejede o'ndiristin' sho'lkemlesiwi, miynet sharayıtların ha'm jumıs islewimizge xızmet etiw sistemasın jaqsılaw, xoshametlew sistemasın jetildiriw h.t.b. baylanıslı.

Tag'ı da o'tkirligi biraz sezilerli problemalar bar, olar ko'binshe bos waqıt penen baylanıslı. Jan'a ja'miyet tusında adamnın' ha'rta'repleme rawajlanıwı ha'm bul ushın o'zin-o'zi tastıyqlawı, o'zin-o'zi a'melge asırılıwı, o'zinin' insan sıpatında an'lawı misli o'mirdin' maqseti ha'm ma'nisi sıpatında qaralıp,

praktikag’a ener eken, qa’nigeligin arttırıw, oqıw, ma’deniy jekelik, dem alıw h.t.b. ken’ jol ashıladı. Bul jag’day qol bos, sawa waqıtqa ta’n individuallıqtın’ ma’lim da’rejede ku’sheyiwin belgilemewi mu’mkin emes. Ga’p sonda, ku’ndelikli individuallıq ha’m ja’ma’a’lik bolmıs usılı o’zin sezilerli da’rejede ko’rseter eken, adamnın’ individuallıg’ına, onın’ “jeke o’mirine” onshelli aralasa bermew menen birge biykarg’ı ju’rgen ha’m ruwxıy sheklengen turmıs obrazına iye adamlarg’a ja’miyettin’ aralasıwına huqıqı barlıg’ın na’zerde tutamız. Onın’ u’stine, menshiktin’ ha’mme tu’rleri hu’kim su’rip turg’an ja’miyetimizde jumıs beriwshi menen jumıs alıwshının’ mu’na’sibetleri ha’m bul aytılg’anlardı atlap o’te almaydı. İndividuallıq ha’m ja’ma’a’lik bolmıs usılının’ tiykarg’ı ustanovkaların basshılıqqa aladı.

Qullası, bos waqıttın’ qa’dir-qımbatın, bahalılıg’ın ko’teriw jan’a ja’miyetimiz turmıs obrazının’ pu’tkil perspektivasına tiyisli problema sıpatında qaraymız. Bunı, sonın’ menen birge talaplardın’ ma’deniyatın ta’rbiyalaw, individuallıq ha’m ja’ma’a’lik o’mirdin’ o’zgeristegi jan’a ja’miyet adamı talap ha’m ma’plerine sa’ykesligin na’zerde tutamız.

Juwmaqlastıra aytıwımız tiyis, miynet iskerligine baylanıslı aytılg’anlardı, aytayıq, miynettin’ xarakteri, mazmunı, ma’lim ja’miyetke ta’n miynettin’ kontseptsiyası, jumıs ha’m bos waqıttın’ ja’miyet rawajlanıwına ta’n o’zgeshelikleri, olardın’ tiykarg’ı tendentsiyaları ma’selesi, a’lbette bul aytılg’anlar menen tamamlanbaydı. Onın’ u’stine, olardı biraz konkretlestiriw talap etiledi. Bul boyınsha elimizde miynet iskerliginin’ ha’zirgi halatı ha’m tendentsiyalarına ta’n konkret-sotsiologiyalıq izertlewlerdin’ juwmaqları ha’m a’hmiyeti. Usını na’zerde tuta otırıp, jumısımızdın’ kelesi paragrafında miynet iskerliginin’ ha’zirgi halatı ha’m tendentsiyaları boyınsha o’tkerilgen sawaldın’ juwmaqları tuwralı so’z etemiz.

## § 2. Elimizde miynet iskerliginin' ha'zirgi halatı ha'm tiykarg'ı tendentsiyaları

Turmıs obrazı problematikasında ulıwmalıq, ayrıqshalıq ha'm jekelik da'rejelerdi bo'lip ko'rsetiw mu'mkinligin jumıstın' baslarında aq aytqanbız. Sonda ha'm qaytalaw – oqıwdın' anası printsipine ju'gine, bul jag'daydın' pu'tkil ja'miyetti qurawshı adamlardın' turmıs obrazın, sonday aq ma'lim sotsiallıq, etniklik, demografiyalıq h.t.b. toparlardın' turmıs obrazın ha'm individuallıq turmıs obrazın izertlewge imkaniyat beretug'ınlıg'ın eskertip o'temiz. Ja'miyet da'rejesinde turmıs obrazın analizlewde dıqqat orayında en' aldı menen adamlardın' ku'ndelikli o'mir su'riwinin', jasawının' ja'miyet ag'zalarının' ha'mmesine derlik ten' ha'm o'ndiris qurallarına obektiv qatnasları ha'm basqa da qatnasları menen baylanıslı xarakterli belgiler na'zerde tutıladı ha'm bular ja'miyettin' rawajlanıwının' belgili basqıshına ta'nlik penen tiykarlanıladı. Bul da'rejede izertlewshi adamlar arasındag'ı klasslıq, qatlamlıq h.t.b. o'zgesheliklerden abstraktlasadı, biraq olardı ne birlestirip tursa, sonı izertleydi. Klasslar, sotsiallıq, etnikalıq, demografiyalıq toparlar turmıs obrazı izertleniwge o'tkende olardın' ku'ndelikli o'mir su'riw, jasawının' ulıwma belgileri ju'zege shıg'adı. Bul jag'day klasstın' yakiy basqa sotsiallıq toparlardın' ishindegi adamnın' professionallıq, regionallıq, sotsiallıq-demografiyalıq o'zgesheliklerine ılayıq turmıs obrazın ha'rqıylı tiplerge bo'lip izertlewge tiykar boladı. İndividlerdin' ma'lim sotsiallıq toparlardın' ag'zaları sıpatında ku'ndelikli o'mir su'riw, jasawın izertlew olar ushın ulıwma tiplik belgilerdi bo'liw ushın empiriyalıq informatsiya alıwg'a imkaniyat beredi.

Biz jeke adamdı onın' baylanıslarında yamasa ja'miyetti onın' sotsiallıq toparlarg'a, klasslar ha'm individlerge qatnaslarında qarag'anımızda, ju'zege kelip atırg'an qatnaslardı (olardın' intensivligine qaray) ja'miyettin' real turmısına ta'sir etiw ko'z-qarasınan ha'rqıylı talaplar ja'rdeminde sıpatlawshı sotsiallıq subektlerdi minezley alamız. Talaplardın' jıyındısı tek turmıs obrazın sa'wlelendirip qoymaydı, ol arqalı ju'zege de keledi ha'm tiykarınan onı qa'liplestiredi. Bar

talaplar, olardın' dinamikası boyınsha biz turmıstın' sapasının' real mazmunı, onın' tendentsiyaları haqqında pikirlew ju'rgiziwimiz mu'mkin.

Bul negizde turmıs obrazının' birden-bir komponenti bolıp tabılatug'ın miynet iskerligi tuwralı pikirlew ha'm praktikalıq ha'm ilimiy aspektlerde ju'da' qunlı. Durıs, burınıraqta da aytqanbız, miynet iskerligi ha'rqıylı ilimler: ekonomikalıq teoriya, huqıq, sotsiologiya, etika, filosoiya h.t.b. pozitsiyasınan izertlenedi.

Sonlıqtan da miynet iskerliginin' turmıs obrazı teoriyası kontekstinde izertleniwi bul ilimler juwmaqlarına su'yeniledi. Onın' u'stine, miynet aktivligi adamzattın' basqa aktivligi menen tıg'ız baylanıslı.

Ja'miyetlik o'ndiristi intensifikatsiyalaw ha'm miynet ha'm miynet aktivligin joqarılatıwdın' strategiyalıq wazıypası menen baylanıslı kelip shıg'atug'ın izertlew problemalarının' biri – miynet iskerligin, onın' aktivliginin' ha'zirgi halatın ha'm tendentsiyaların anıqlaw bolıp tabıladı. Bul problemanı izertlewge qatnaslar ha'm ha'rqıylı. Birewlerinde miynet aktivligin miynettin' o'nimdarlıg'ı ha'm ulıwma produkt (ishki ulıwma o'nim), ekinshilerinde jumısshılardın' morallıq-psixologiyalıq sanasın bahalaw menen baylanıstırıw bar.

A'lbette bul ma'sele – miynet iskerligine baylanıslı ma'sele bizdi onın' turmıs obrazının' quramlas bo'legi sıpatında sotsiallıq-filosofiyalıq aspektte qızıqtırar eken, bizin' aldımızda bul qubılıstı tariyxıy protsesstin' kontekstinde qaraw wazıypası turadı. Sol sebepli de miynet iskerliginin' adamlardın' ku'ndelikli bolmısındag'ı ornı ha'm roline ta'n o'zgesheliklerdi joqarıda aytıp o'ttik, ulıwmalıq, ayrıqshalıq ha'm jekeliktin' birliginde sa'wleleniwi tiyis.

Usı teoriyalıq-metodologiyalıq ustanovkalardı basshılıqqa ala otırıp, g'a'rezsiz elimiz rawajlanıwı jag'dayında miynet iskerligi ma'selesin, a'sirese onın' bu'gingi halatı ha'm tendentsiyaların konkret-sotsiologiyalıq izertlewdin' ma'lim metodı bolg'an sawal o'tkiziw arqalı mag'lıwmatlar toplaw tiykarında qarap shıqtıq. Sawalg'a eliw u'y xojalıg'ı tartıldı. Olardın' ha'mmesi de respublikamız paytaxtı Jiydeli baysın ha'm Samanbay puqaralıq jıyını turg'ınları.

Belgili, bir esaptan jer ju'zlik tariyxtın' o'zi adamnın' adamshılıq miynetinin' tuwındısı. Onın' u'stine, g'a'rezsiz rawajlanıw tusında miynetke qatnastın'

tu'pkilikli o'zgerisinin' ju'zege keliwi paytında adamnın' ku'n-ko'riske, jasawg'a ha'm qatnası o'zgermewi mu'mkin emes. "Ku'n-ko'riske baylanıslı pikirin'iz" degen sorawg'a baylanıslı respondentler bılay juwap beredi. "Ku'n-ko'ris ushın jag'day mol" (30%), "İsleymen desen' jumıs ko'p" (50%), "Basqa pikir" (20%). Birinshi gezekte, a'lbette adamnın' jasawının', materiallıq jag'daylarının' normada bolıwı, onın' pu'tkil ha'reket ha'm oylaw obrazın belgilemewi mu'mkin emes. Usı bag'darda respondentler turmıstın' real faktlarınan shıqqan halda olarg'a bahalaw bere aladı. Bunı respondentlerdin' tag'ı bir sorawg'a juwapları a'dben tastıyqlaydı. Ol: "Menshiktin' tu'rleri ko'p. Bul boyınsha ko'z-qarasın'ız. Respondentlerdin' 54% "Endi qanday bolıwı kerek?! Zamannın' talabı sonday" dep juwap berse, 40% "İtibarsız bolmay, shıntlap bala-shag'anı baqqın' kele me, qa'legen jumısın'a bar. Erkinlik…" dep juwap bergen. Tek 6% g'ana basqa pikir menen sheklengen.

Shınında da, menshiktin' ha'mme tu'rlerinin' ju'zege keliwi rawajlanıwdın' o'zbek modelinin' iske asırılıwının' na'tiyjesi ekenligi dawsız. Bul bir. Ekinshiden, menshiktin' ha'mme formalarının' ju'zege shıg'ıwında ulıwmainsanıylıq ustanovkalardan kelip shıg'ıw bar. Aqırı xalıqtın' turmıs ukladı g'a'rezsizlikten burıng'ı g'a'rezlilik qatnaslarg'a tiykarlang'an ja'miyetler, a'sirese Awqam tusında adamnın' o'zin-o'zi iyelewine imkaniyat bermegen edi. O'zine o'zi iyelik etiwdin' bolmawı jıynaqı ja'miyetlik produkttan u'lesi bolmawın belgiledi. Onın' negizi, tiykarı miynettin', miynet produktının' insannan biyganalasıwı, jatlasıwı. Bu'ginliginde ol awhal joq. Menshiklik qatnaslar ekonomikanın' - o'ndiris, bo'listiriw, almastırıw, tutınıwdın' o'zegi. Menshiklik qatnaslardag'ı erkinlik tek ekonomikadag'ı emes, al pu'tkil ja'miyettin' ha'mme sferalarındag'ı normal jag'daydı belgileydi. Sonın' ushın ha'm respondentlerdin' juwaplarındag'ı olar tayanar tayanısh shınında da adamlardın' ku'n-ko'risi ushın basqasha bolıwı mu'mkin emesligin an'latadı. Aqırı, menshiktin' ha'mme tu'rinin' arenag'a shıg'ıwı ondag'ı potentsialdın' insan iygiligine xızmet etiwinin' alg'ısha'rti ekenligin ja'miyetlik pikirdin' qanshelli da'rejede aqlag'anlıg'ın ko'rsetedi.

A'lbette menshiktin' ha'mme tu'rlerinin' pa'rawan, erkin a'melge asırılıwı olardag'ı burın a'melge asırılmag'an potentsialdı insan belsendiligi ja'rdeminde

ju'zege shıg'arıw bolar eken, ol qarım-qatnasıqtı (obshenie) talap etedi. Basqasha aytqanda insanlar arasında olardın' materiallıq ha'm ruwxıy iskerliklerinin' almasıwı protsessi a'melge asıwı tiyis. Bul protsesste ten'lik hu'kim su'redi. Bul qarım-qatnasıqtın' normal a'melge asıwı, alıs-beristegi ten'sizliktin' ya basqa tu'rli jaramsız jag'daylardın' ju'z bermewindegi o'lshem bazar qatnasları, a'lbette.

A'lbette bazar ekonomikası qatnaslarına insannın' ko'z-qarası birdey bolıwı qıyın ha'm bul sha'rt te emes. Nege degende, bazar qatnasları o'z nızamlılıg'ına ılayıq keshedi. Basqarıwshılıq-buyrıqpazlıqtın' basımshalıg'ına ko'ne bermeydi. Ma'lim da'rejede onın' ha'm o'zi ma'lim problemalardı ju'zege shıg'aradı. A'sirese baslanıw da'wirinde ol ma'lim jaramsız momentlerdi, aytayıq basqalardın' birden ko'teriliwi, tabıslardın' da'rejesindegi u'ziklik, usı tiykarda ja'miyettin' qatlamlarg'a bo'liniwinin' ku'sheyiwi h.t.b. boldıradı. Bularg'a baylanıslı psixologiyalıq tayarlıq ha'm bag'darlanıwlardag'ı qıyınshılıqlar ha'm bar. Ha'tteki g'a'rezsizliktin' da'slepki jıllarına ju'rgizilgen ma'lim sotsiologiyalıq izertlewler juwmag'ında soralg'anlardın' 31,9% diyqan xojalıqlarda jallanba jumısshılardı paydalanıwg'a keskin qarsı shıqsa, 7,8% tek azg'ana sondag'ı jallanba kerekligin, 35,8% jallanıp islewshilerdi tek nızam ta'repinen sheklengen da'rejede qabıllaw za'ru'rligin, 14,2% bir na'rse dewge qıynalatug'ınlıg'ın bildirgen.[47]

Bu'ginliginde jag'day o'zgerdi. Menshik ha'm menshiklik qatnaslarg'a jumıs beriwshi ha'm jumıs alıwshıg'a baylanıslı qatnaslar ha'm o'z arnasına tu'sken jag'dayda a'melge asıp atır. Ja'miyetlik turmıstın' ha'mme sferaların reformalawdı teren'lestiriw ha'm puqaralıq ja'miyetti qa'liplestiriw wazıypaları ekonomikanın' turaqlı ha'm stabilli rawajlanıwı, xalıqtın' abadanlıg'ın, molshılıg'ın ta'miyinlew menen tikkeley baylanıslı bolar eken, bulardın' ha'mmesi de xalıqtın' oylaw, ha'reket obrazına enispekte. Degen menen sonı ha'm aytıwımız kerek, ja'miyetti reformalaw, demokratiyalastırıw ha'm jan'alaw, Prezidentimiz tiykarlap

---

[47] Қараң: Умаров Б. Не всем же жить хозяевами. // Народное слово, 1993, 27 января

bergenindey aq, bul bir saparg’ı, bir momentlik is emes, al u’zliksiz dawam etetug’ın protsess.[48]

“O’z-o’zinen tu’sinikli, ju’da’ teren’lesip baratırg’an reformalar na’tiyjesinde erisiletug’ın ju’da’ muhim o’zgerisler heshqashanda bir ku’nde, kimnin’dur buyrıg’ı yakiy qa’lewi esabınan bolmaydı. Bunın’ ushın a’lbette waqıt kerek, en’ tiykarg’ısı – bul reformalardın’ mazmunı ha’m maqsetlerin ja’miyetimiz, xalqımız teren’ an’lap alıwı ha’m qollap-quwatlawı hal qılıwshı a’hmiyetke iye”.[49]

Bazar ekonomikası qatnasıqlarının’ adamlardın’ miynet etiwine, demalısına ta’siri tuwralı soralg’anda respondentlerdin’ 16% “Miynet etpesen’, nan joq” dep juwap berdi, 22% nin’ juwabı ha’m usı taqıletles: “Qolın’nan is kele me, nanın’ı tawıp jeysen’”. Respondentlerdin’ yarımına shamalas (46%) o’nerli adamg’a bazar ekonomikası tusında qaytama qardar ko’p ekenligin aytsa. 12% bazar ekonomikası qatnasıqları tusında ko’p g’ana xojalıqlardın’ qıyın awhalg’a tu’skenligin tastıyqlaydı. Respondentlerdin’ 2% basqa pikir menen sheklendi. Aytıw kerek, respondentlerdin’ qalg’an bo’legi (2%) “Adamlar tentirep ku’n ko’riwge qaradı”. Shınınd da, burıng’ı Awqamnın’ qulawı ha’m ha’rbir awqamlas respublika o’z aldına ma’mleketshilikke iye bolıw menen migratsiyalıq protsessler ju’da’ ku’sheydi. Bunın’ bir g’ana sebebi joq. Olar barshılıq. Olardın’ ha’mmesin analizlew bizin’ tiykarg’ı wazıypamızg’a kirmeydi. Biraq aytıwımız kerek, ekologiyalıq apatshılıqtın’ o’zeginde jaylasqan Qaraqalpaqstan xalqı ushın a’sirese 2000-2002 suwsızlıq jılları ju’da’ awır boldı. Burınnan ha’m ekologiyalıq apatshılıq qıyınshılıqları xalıqtın’ pu’tkil sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ma’deniy rawajlanıwına ko’p zıyan tiygizip otırg’an bolsa, suwsızlıq jıllarındag’ı migratsiyalıq protsess ha’m onın’ aqıbetleri usı jag’daydın’ misli burq etken na’tiyjesi dese lap bolmas. Konkretlirek aytqanda, adamlardın’ ku’ndelikli o’mir su’riw, jasaw bolmısının’ sotsiallıq-ekonomikalıq ha’m ekologiyalıq sharayıtlarının’ to’menlewi anaw ya mınaw da’rejede o’zlerinin’ a’zelden qonıs basqan jerlerin taslap ketiwge ma’jbu’r boldı. 1990-2000 jılları o’zlerinin’ jasaw

[48] Қараң: Каримов И. Углубление демократических реформ и формирование гражданского общества – основа будущего Узбекистана. Доклад на торженственном собрании, посвященном 21-й годовщине Конституции Республики Узбекистан 7 декабря 2013 года. Т., Узбекистан, 2013, 50 б.
[49] Сонда, с. 6.

ma'kanların 273,1 mın' adam yamasa xalıqtın' 20% o'zgertken bolsa, sonın' ishinde 84,3 mın' adam respublikanın' territoriyasınan shıg'ıp ketti.[50]

Bu'ginliginde bul jag'day joq, ha'tteki suw ma'selesinin' normallasıwı biraz toqtadı ha'm. Degen menen, xalıqtın' sırtqa – Qazaqstan, Rossiya h.t.b. barıp jumıs islep qaytıwı ele toqtag'anı joq. Biraq ju'da' burıng'ıday emes. Sebep, o'zlerimizde de jumıs orınları ulıwma ba'ntliktin' ha'm tu'rleri ko'beyip atır. Ba'lkim usınnan da bolar, ko'p g'ana shan'araqlardın' bu'gingi halatının' to'menligi sonday-aq "tentirep ku'n ko'riwdin'" barlıg'ın ko'rsetiwi respondentlerdi 2% g'ana tutadı.

Aytqanbız, adamlardın' turmıs obrazı, olardın' o'ndiriske qatnasının' xarakteri menen g'ana emes, al olardın' miynetke qatnası menen de xarakterlenedi. Sonın' ushın turmıs obrazın minezlewde en' a'hmiyetli moment miynettin' sotsiallıq forması ha'm ma'lim ja'miyette qabıl etilgen ha'm irkinishsiz ha'reket etip turg'an miynettin' kontseptsiyası esaplanadı. Bul ko'z-qarastan biyg'a'rez elimizdegi miynet iskerliginin' ekonomikalıq, yuridikalıq h.t.b. tiykarlarının' insan iygiligine bag'darlang'an gumanistlik ma'nisi ha'm onnan kelip shıg'atug'ın negizgi ustanovkalar ha'm bahalaw orientirlerinin' roli basım. Respondentlerdin' bul ma'seleni – adamlardın' islep atırg'an jumıslarına qatnası soralg'anda olardın' juwapları to'mendegishe boldı. "Ta'wir ko'rgen ka'sibim bolg'annan son' shıg'ar, jigirma jıldan berli usı jumıstaman" (22%), "Jumısım jaqsı, tek komissiyası menen qosa qag'azpazlıq ko'beyip ketti demesen'…" (46%), "İlajsız ju'rmen, joqarı bilimim bar, qa'nigeligim boyınsha jumıs joq, og'an qatnası joq jumıstaman" (32%), "Basqa pikir" (6%).

Aytıw kerek, jumısta bolıw, miynet ta'rtibin saqlaw bul ha'm miynetke, miynet iskerligine qatnastın' ju'da' a'hmiyetli elementi. Ol qatan' saqlanbasa, jumıstın' bereketi bolıp jarımaydı. Onın' u'stine ayırım mekemelerde jumıs ornının' qolaysızlıg'ı: qısta salqın, jazda hesh bolmasa a'piwayı shamallatqısh-ventilyatsiyanın' kemisligi, bul ma'selede ju'da' kesent beredi. Awıl xojalıq jumıslarına qatnasıw, komissiyanın' jiyiligi, toy-sadaqa h.t.b. jumıs adamının'

[50] Қараң: Аширбеков У. Экологические и социально-экономические аспекты Южного Приаралья // Вести Каракалпакстана, 28 мая 2002 года

jumıs ornında mudamı bola bermewin belgileydi de. Respondentleren “Ha’r ku’ni azanda, tu’ski demalıstan son’ jumıs ornın’ızda bolasız ba?” dep soralg’anda, olardın’ 38% “A’lbette”, 16% “Haw, nan jep otırg’an jerimde bolmay, qayaqta bolaman?!”, 6% “Jumıs ornımda bolmaw uyatg’oy” dese, 36% “Jumıs ornı degendey onın’ da sa’ni qalmadı. Jazında paxta menen, gu’zinde onın’ terimi menen ba’nt bolg’annan son’ jumıs ornın’a ara-tura barasan’” dep juwap berdi. Al respondentlerdin’ 8% nin’ juwabı: “Jiyi-jiyi komissiya. Birewimiz anag’an, birewimiz mınag’an shabamız”.

Jumısqa, miynetke qatnastag’ı shalag’aylıq ha’tteki nemquraydılıqlar ha’m joq emes. Bul ko’binshe jumıstı atqarıwshı kishi topar – miynet kollektivinin’ uyımlasıwındag’ı qa’liplesken “keshiriwshilik” psixologiyası menen baylanıslı. Baslıq qarawındag’ılardı, qarawındag’ılar onı keshiredi ha’m usılay jumıs ıg’ısıp bara beredi. En’ jamanı miynetlik aktivlik pa’seyedi ya ol ulıwma joq jag’dayg’a keldi degen so’z. Adamnın’ ja’miyetlik turmısının’ ha’mme sferalarına ja’miyetlik-siyasiy, ma’deniy-biliwlik, semyalıq-turmıslıq h.t.b. tiyisli iskerlikti garmoniyalastırıwdın’ alg’ısha’rti pa’seygeni ya joqqa kelgeni boladı. “Sawalnamada” soraw bar: “Birewler qurılısta, birewler mektepte oqıwshılar menen ba’nt, vrachlar nawqaslardı emleydi. Sırttan qarag’anda ha’mmesi kewildegidey. Biraq tap sonday ma?”. Bug’an respondentlerdin’ juwapları: “Kewildegidey is tutılıp atırg’an jerler de bar, onın’ joq jerleri de bar” (52%), “Ba’ri kewildegidey bolg’anda qurılısshının’ salg’an jayı nege avariyalıq halatqa tu’se beredi?, Kolledj, litsey pitkergenlerdin’ joqarı oqıw orınlarına kiriwi de ju’da’ jaqsı emes. Vrach-xirurg tek operatsiya isleymen deydi de turadı” (48%).

Miynettin’ na’tiyjesi, onın’ sapalılıg’ı ha’rqashan jumıs adamının’ jumısqa juwapkershilik qatnasının’ belgisi, ko’rsetkishi. “Qatnas” tu’siniginde psixolog-alımlar adamnın’ materiallıq ha’m sotsiallıq orta menen sapalı tan’lang’an baylanısının’ sa’wleleniwin tu’sinedi. A’dette bul baylanıslar onın’ iskerliginde a’melge asırıla otırıp, adamnın’ psixikalıq qa’siyetlerin ha’m sapaların belgileydi.[51]

---

[51] Психология личности и малых групп. Л. 1987, с. 7.

Bul ko'z-qarastan qarag'anda miynetke qatnastı biliwlik, emotsionallıq ha'm minez-qulıqlıq ta'replerinin' birliginde u'yrengen maqul. Onın' u'stine, miynet iskerligine baylanıslı joqarıda qaralg'an ma'selelerdin' hesh biri de miynetke qatnastın' qaysı ta'repine de ma'lim da'rejede baylanıslı.

Sawalnamada miynetke qatnastın' bul parametrlerin o'z ishine qamtıw imkaniyatına iye sorawlar bar. Olar: "Miynettin' na'tiyjesine ko'z-qarasın'ız", "Miynet tu'bi – ra'ha't deydi…", "Miynetke belsendilik qatnas talap etiledi…", "Miynet ta'rtibi, og'an juwapkershilik penen qatnas jasaw tuwralı Sizin' ja'ma'a'tin'izde tez-tezden ga'p bolıp tura ma?", "Jumıstın' sapalı na'tiyje beriwi ushın nelerdi za'ru'rli dep oylaysız?".

Miynettin' na'tiyjesine baylanıslı respondentlerdin' ko'z-qaraslarında adamnın' miynetke, onın' sapasına qatnastın' adamnın' miynet protsessindegi ornın ornıqlı aqlawı, miynet iskerliginin' maqsetleri, motivleri ha'm normalarının' individ ta'repinen o'zlestirilgenligi olardın' juwaplarında sa'wlelengen: "A'ne, a'ne ga'p usında" (16%), "Miynettin' na'tiyjesi ko'rsetedi, senin' kim ekenin'di" (52%), "Miynettin' juwmag'ı g'oy, aqırı ol" (6%). Qullası, respondentlerdin' 74% miynettin' sapasının' qanshelli da'rejede a'hmiyetli, adam menen ja'miyettin' birligindegi onın' ornın ha'm rolin jaqsı an'lag'an. Degen menen, respondentlerdin' 26% jumıstın' sapasına itibardın' ma'lim jag'dayda bola bermeytug'ınlıg'ın, sonda ha'm sang'a ilinip kete buratug'ınlıg'ın ku'yine bildiredi: "Ko'p jumıslar durıslı pitpey ha'm qaladı g'oy. Sonda da pitkenge esaplanıp kete beredi".

"Miynet tu'bi ra'ha't" ekenligin respondentlerdin' basım ko'pshiligi (64%) maqullaydı. Sonın' menen birge bug'an alternativ pikirler ha'm bar. Respondentlerdin' derlik u'shten biri (36%) miynetsiz ha'm ra'ha'tke bo'lenip otırg'anlardın' barlıg'ın aytadı.

Joqarıda miynetke belsendiliktin', demek miynetke aktivliktin' adamnın' ja'miyetlik turmıstın' qaysı sferasında da onın' iskerligin ha'rta'repleme rawajlandırıw o'zin-o'zi a'melge asırıwg'a, o'zin-o'zi tastıyqlawg'a alg'ısha'rt bolatug'ınlıg'ın ayttıq. Bul momentlerdin' ma'lim da'rejede sa'wleleniwin

miynetke belsendilik, aktiv qatnas, iskerlik talap etiliwine baylanıslı juwaplardan ko'riw mu'mkin: "Ju'da' durıs islenedi" (26%), "Miynetke nemquraydı qatnastag'ı adamnın' nanı juqa" (26%), "Miynetke moyıntawlıq qıla berdin' ne, ja'ma'a' ortasında abırayın' joq bolg'anı" (12%), "Miynet ta'rtibin bir buzarsan', eki buzarsan', bir ku'ni bolmasa bir ku'ni nızam menen g'ana jumıstan shıg'ıp ketip qalasan'" (20%), "Adamlar ko'p g'oy… Waqtı jumıstan go're u'yinde, toy-sadaqa, shaqırıspaq, otırıspaqlarda o'tedi. Olar da aylıq aladı. Ku'n-ko'risi basqalardıkindey" (14%), "Basqa pikir" (2%).

Shınında da jumıs ta'rtibi nızamlı ra'wishte yuridikalıq hu'jjetler tiykarında sa'wlelengen ha'm onı buzıwshı juwapkershilikke tartıladı. Bul ma'sele yag'nıy jumıs ta'rtibi ma'selesi ja'ma'a'de geyde rejege ılayıq, geyde sharayıtqa qaray rejeden tısqarı ha'm qaraladı. "Miynet ta'rtibi, og'an juwapkershilik menen qatnas jasaw tuwralı Sizin' ja'ma'a'n'izde tez-tezden ga'p bolıp tura ma?" degen sorawg'a berilgen respondentlerdin' juwapları: "A'lbette bolıp turadı. Olsız jumıs bola ma?" (18%), "Ja'ma'a'de ol tuwralı za'ru'rlikti onshelli sezbeymen. Ha'mmede bir adamday islew uqıbı da, uyatı da bar" (50%), "Basqa pikir" (2%).

A'lbette jumıstın' sapalı na'tiyje beriwi bir g'ana faktordan, tek g'ana alatug'ın sıylıqtın' razmerinin' ko'pligi ha'm waqtında beriliwi g'ana emes, basqa da faktorlar menen tikkeley baylanıslı. Respondentlerdin' 36% jumıstın' sapası na'tiyjege iye bolıwında aylıqtı birinshi plang'a shıg'aradı, al 14% jumıs ornının' qolaylıg'ına ko'birek itibar beredi, 12% ushın jumıs ornında miynet saz bolıwı sha'rt, al qalg'an respondentler o'z juwapların to'mendegishe bo'lisedi: "Ha'rbir jumıstı atqarıwshı shın ma'nisinde qa'nige bolıwı sha'rt" (22%), "Na'tiyjesi az, ha'tteki joq komissiyalardı toqtatıw kerek" (10%), "Basqa pikir" (6%).

Juwaplardın' ha'rqıylı bolıwı ya uqsas bolıwı miynet iskerligine, a'lbette, ma'lim bahalıq qatnaslardın' bolıwınan, olardın' insannın' oylaw ha'm ha'reket obrazında ornıg'ıwı sebepli. Miynettin' sotsiallıq bahalılıq sıpatında spetsifikası, sonın' ushın da, tek miynet belsendiligi menen g'ana emes, al jaqsı, mazmunlı jasaw, o'mir su'riw menen de baylanıstırıladı. "Jaqsı jasawdın' tiykarı – miynet. Sonda da… Pikirin'iz" degen sorawg'a respondentlerdin' juwapları bılay

bo'lingen: "A'lbette miynet etsen', jaqsı jasaysan'" (20%), "O'zin' ta'wir ko'rgen ka'sip bolsa, jaqsı jasaysan'" (18%), "Jaqsı jasawdın' o'zi adamg'a ne kerek, ba'rinin' jetip turıwı eken, og'an jetiw ushın tınım tappaysan', tek qıymılday beresen'. Ku'n demeysen', tu'n demeysen'. Jumıstan bosawdan tag'ı bir jumıstı baslap kete beresen'" (16%), "Jaqsı jasaw bul tek qarınnın' toqlıg'ı, u'stin' pu'tinligi, to'ben'de jayın'nın', astın'da mashinanın' bolıwı g'ana emes, al shan'arag'ın'nın' amanlıg'ı, jumıs adamıman degen maqtanıshın', el-jurtın'nın' baxıtın o'zin'nin' baxıtın' menen ushlastırıp jasay biliw" (46%).

A'lbette adamnın' waqtı tek jumıs penen shegaralanbaydı. Bul degen so'z, adamnın' turmıs obrazı miynet iskerligi menen birge ja'miyetlik-siyasiy iskerlik, ma'deniy-bilimlendiriw, turmıs iskerlikleri a'melge asırıladı. Olardın' ha'm ha'rbirinin' du'zilisin qarag'anımızda o'z aldına du'nya. Olardı arnawlı qaraw ha'm pikirlewler ju'rgiziw bizin' tiykarg'ı wazıypamızg'a kirmeydi. Biraq sonı aytıwımız kerek, adamnın' jumıs waqtı menen jumıstan tısqarı waqtı bir-biri menen organikalıq birlikte. Jeke g'a'rezlilik qatnaslarg'a tiykarlang'an ja'miyetlerdin' birde-birewinde jumıstan tısqarı waqıt, bos waqıt tu'siniginin' o'zi bolmag'an. Bul zatlıq g'a'rezlilik qatnaslar baslang'an ja'miyetten, demek kapitalizm du'zilisinin' ornawı menen ju'zege keledi. Biraq jumıstan tısqarı waqıttın' ma'nisi, mazmunı ha'rqashan onın' shekli erkinligine qaramastan ba'ribir miynet iskerliginin' tiykarg'ı parametrleri menen belgilenedi. Eger jumıs ju'da' a'piwayı, do'retiwshilikti, adam o'zi u'stinde islewin talap etpeytug'ın bolsa, bos waqıttın' qızıg'ı mayda, "nervtin' keskinlesiwin" qaytaratug'ın ba'ntlik penen mashqul bolıwı ta'a'jip emes. Eger olay emes, miynet adamnan do'retiwshilikti talap etetug'ın bolsa, onda insannın' bos waqtı "nervtin' keskinlesiwin" qaytaratug'ın ba'ntlikten, aytayıq alkogoldi qollanıw h.t.b. uzag'ıraqta boladı. O'mir, bos waqıt shan'araq, bala-shag'a, ag'ayın-tuwısqan, jora-joldas h.t.b. qarım-qatnasıqtın' qızıg'ı menen o'tedi. Usı sebepli de sawalnamada bir-biri menen sıbaylas bir-eki-u'sh soraw berilgen. Olar: "Jumıstan tısqarı waqıtta ne menen shug'ıllanasız?", "Qara ku'shti, sog'an ılayıq uqıp, dag'dını g'ana emes, al aqıldı, ma'lim da'rejede onın' do'retiwshilik penen birligin ju'da' talap etken

jumısqa ko’z-qarasın’ız”, “Jumıslar baslamalarg’a tolı. Olarsız miynette tabısqa jetiw qıyın. Pikirin’iz”, “Ja’miyetlik jumıslarg’a qatnassan’ız kerek? Ol ko’z-qarasın’ızdın’ ko’zi bolg’an tiykarg’ı jumısın’ızdın’ atqarılıwına ta’sir etpey me?”. Birinshi soraw boyınsha respondentlerdin’ u’shten birinen sa’l ko’birek bo’legi (34%) jumıstan tısqarı, bos waqtında jumısta u’lgere almag’anların isleytug’ının bildiredi. Respondentlerdin’ 14% juwabı usı taqıletles. “Jumıs paytında geybir pikirlewler tamamlanbaydı, juwmaq jasalmaydı. U’yge kelip, o’zimde bar arnawlı a’debiyatlardı ko’rip shıg’aman”. Qalg’an juwmaqlar to’mendegishe: “Balalarımnın’ u’y tapsırmaların orınlawına ja’rdemlesemen” (16%), “Gazeta-jurnallar oqıyman” (20%), “Televizor ko’remen” (12%), “Qon’sılar menen ara-arasında domino, shaxmat oynayman” (2%), “Basqa pikir” (2%).

Qara ku’shti, sog’an ılayıq uqıp, dag’dı menen sheklenbesten, aqıl, do’retiwshilikke tiykarlang’an miynetke baylanıslı respondentlerdin’ pikirleri ishinde adamdı ko’birek oylanıwg’a, do’retiwshilikke qaray bag’darlang’an jumıstın’ qızıqlı ekenligin respondentlerdin’ derlik yarımı tastıyqlaydı (44%). Qalg’an juwaplar da miynettin’ qaysı tu’rinde de onın’ sapalıq ta’repine ko’birek itibar qaratıladı: “Ku’nde qaytalanıp turg’an jumıs ta jaman emes” (18%), “Ga’p qanday jumıs, meyli ol a’piwayı aq bel, ketpennin’ do’gereginde atqarıla qoysın, ba’ribir, ol sapalı bolıwı ushın ta’jiriybege ta’jiriybe qosıp barasan’” (26%). Jumısta ulıwma miynet iskerligi baslamasız bolmaydı. A’sirese bunda liderliktin’ ha’m roli ayrıqsha. Ja’ma’a’degi yakiy topardag’ı jeke adamlar arasındag’ı qatnaslar sistemasındag’ı iske ta’n problemanı sheshiwge baylanıslı “professional” liderdin’ roli, onın’ baslamasının’ a’hmiyetliligi menen xarakterlenedi.[52] Eger joqarıdag’ı kimlerdendur ko’rsetpe berilip, buyrıqpazlıq metodı menen iske asırılatug’ın baslamalar bolsa, ol onshelli uzaqqa barmay o’tedi. Sonın’ ushın baslamalar aldın-ala sho’lkemleskenlik (zaorganizovannost) da’rejesinde emes, ja’ma’a’nin’, topardın’ oylasıg’ı, pikirlesiwi na’tiyjesinde qaynap pisken baslama bolıwı tiyis. Sol sebepli ha’m “Jumıslar baslamalarg’a tolı. Olarsız miynette tabısqa jetiw qıyın. Pikirin’iz” degen sorawg’a respondentlerdin’ 44% “A’lbette

[52] Краткий психологический словарь. М., 1993, с. 162.

baslama kerek” dep juwap berse, 26% “Baslama aldın-ala kimlerdu’r ta’repinen sho’lkemleskenlik da’rejede bolmawı tiyis”, 30% “Baslamanı ja’ma’a’nin’ o’zi, onın’ liderleri ko’terip shıg’ıwı tiyis” dep juwap beredi.

İnsannın’ sotsiallıq qatnaslarının’ onın’ u’stinen hu’kim su’riwi, adamzat tariyxınan belgili, onın’ miynet islewine, miynetten tısqarı waqıtta adamg’a uqsap normal da’rejede erkin is-ha’reketti a’melge asırıwına mu’mkinshilik bermedi. G’a’rezsiz rawajlanıwdın’ gumanistlik ma’nisi onın’ insan erkinligin, insan iygiligi ma’selesin birinshi plang’a qoyıwı menen ha’m sheshiwi menen baylanıslı bolar eken, insannın’ o’zinin’ sotsiallıq qatnasların o’ziniki etiwge shın ma’nisinde imkaniyat ju’zege keldi. Basqasha aytqanda, adamlardın’ ja’miyetlik-siyasiy aktivligi ku’sheydi. Ja’miyetlik-siyasiy iskerlik ja’miyetlik ha’m ma’mleketlik islerin basqarıwda qatnasıwının’ da’reje ha’m xarakterlerin sa’wlelendire otırıp, insan bolmısının’ miynet ha’m miynetten tısqarı sferalarının’ ha’mmesine de enisedi. Adamlardın’ ja’miyet ha’m ma’mleket islerine aktiv-ma’pdar qatnası jan’a ja’miyettin’ pu’tkil ukladı menen qa’liplesedi ha’m g’a’rezsiz elimiz xalqının’ ko’pten arzıw-a’rmanı bolıp tabıladı.

Aqırı, ol adamlar ja’miyetlik ha’m jeke o’mirinin’ birligin belgiler eken, insannın’ ba’ntliginin’ tu’rine unamlı ta’sir etedi. Respondentlerdin’ 24% bul ta’sirdi tastıyqlasa, olardın’ derlik yarımı (46%) “Ja’miyetlik jumıslarg’a qatnasıw barısında ko’p na’rseni u’yrenesen’. Jaqsını ha’m jamandı biledi ekensen’” deydi. Al respondentlerdin’ 26% juwabı usı taqıletles: “Qansha aytqan menen tiykarg’ı jumısqa biraz belsendi qatnas boldırıwg’a paydası joq emes”. Respondentlerdin’ 4% basqa pikir menen sheklendi.

Sawalnamada adamnın’ miynetke qatnasın bahalawın o’z ishine qamtıg’an sorawlar ha’m barshılıq. Adamnın’ o’z jumısına qanaatlanıwı bul miynetke qatnastın’ emotsionallıq aspekti. O’ndirislik aktivlikti onın’ na’tiyjeleri menen salıstıra otırıp, biz jeke ha’m ja’miyetlik ma’plerdin’ miynet sferasında sa’ykes keliwinin’ o’lshemin shıg’arıw imkaniyatına iye bolamız. Al jeke ha’m ja’miyetlik ma’plerdin’ sa’ykes keliwi jeke adamnın’ o’ndiristegi o’zin-o’zi a’melge asırıwı bolıp tabıladı. G’a’rezsiz elimiz mısalında bul a’sirese ma’nawiylik penen

materiallıqtın' bir-birin talap etiwi, birisiz-biri bolmawın, o'z-ara ta'sirde rawajlanıp barıwın ha'm bunın' ha'mmesi insan ma'plerine sa'ykes keletug'ının tu'sinip alamız.

"Sonın' ushın da, - dep jazadı Jurtbasshımız, - bu'gingi ku'ni a'ne usı protsesslerdin' mazmunında reforma – reforma ushın emes, en' da'slep insan ushın, onın' abadan turmısı ushın xızmet etiwi kerek, degen maqset ja'mlengenligin ha'm onın' a'meliy ko'rinisin barlıq tarawlarda ko'riw, baqlaw qıyın emes".[53]

"Aytın'ızshı, islep atırg'an jumısın'ızg'a qanaatlanasız ba?" degen sorawg'a respondentlerdin' 24% "A'lbette qanaatlanaman", 34% "Ko'pten isleymen, u'yrenip kettim", 14% "Jumısqa u'yrengenim sonshelli, demalıs ku'nleri u'yge sıymay ketemen" dep juwap berse, 24% jumısqa qanaatlanıwshılıq sezimi onshelli emes: "Qanaatlanbag'anda ne qılamız?! Ku'n ko'riw kerek". Tag'ı bir juwap ha'm usı taqıletles: "A'ytewir eki qolg'a bir jumıs emes pe?" (2%).

Jumısqa qanaatlanbawdın' sebepleri barshılıq. Biraq ko'p jag'dayda bul jumıstın' kvalifikatsiyasının' joqlıg'ı yamasa dım az kvalifikatsiyalıg'ı menen baylanıslı. Sawalnamada "Kvalifikatsiyasın joqarılawı menen jumıs adamındag'ı miynetke qatnastı qalay bahalar edin'iz?" degen soraw ha'm bar. Bug'an juwaplardın' basım ko'pshiligi kvalifikatsiyanın' adamnın' jumısqa qatnasına unamlı ta'sirin tastıyqlaw menen birge, bul jag'daydı ma'lim kimseler ushın ta'siri shamalıg'ın, derlik joq ekenligin aytadı. "Qa'dimgishe. Adam u'yrengen sayın o'zinin' olqı jerin jaqsı sezedi. Onı endi boldırmawg'a umtıladı" (46%), "Bul jag'day jasqa da baylanıslı 45-50 jasqa jarmasqanda jan'alıqtı qag'ıp alıw ha'm onı iste qollanıw jen'il bolmaydı" (20%), "Bir emes, bir-eki ret tayarlawdan o'tken jap-jas jigitler, qız-kelinshekler bar, bayag'ısı bayag'ı" (34%).

A'lbette soralg'anlardın' u'shten birinen ko'bireginde kvalifikatsiyasın joqarılatıwg'a baylanıslı, a'sirese jaslarg'a tiyisli unamsız bahalaw tekten-tek emes, oylap shıg'arılg'an juwmaq emes. Bunday faktlar barshılıq. Bul ma'selenin' normag'a tu'siwi ushın a'lbette nızamdı qollanıw menen shekleniw jetkilikli emes.

[53] Қараңыз: Каримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. Т., "Маънавият", 2008, 105-106 б.

Jumısqa juwapkershilikke baylanıslı da'stu'riy miyraslanıwdın' ornı o'zgeshe ekenligin, a'sirese a'wladlar arasındag'ı miyraslıqqa itibardı qaratıwımız kerek ekenligin tu'siniw mu'mkin. "Jumıs babında jası u'lkenlerdin' jumısqa juwapkershilikliginen u'lgi alıw imkaniyatı barma?" degen sorawg'a respondentlerdin' yarımına jaqını (46%) tastıyqlaw menen juwap berse, 22% bug'an onshelli isenimi joq, al 2% basqa pikirge iye ekenligin bildirdi.

Miynet iskerligi normal iske asıwı ushın jumıs ornının' qolaylılıg'ı a'sirese qa'wipsizlik texnikası, ka'rxananın' yakiy mekemenin' pult penen basqarılıwı h.t.b. a'hmiyetli. Usılarg'a baylanıslı sorawlarg'a respondentlerdin' juwapları bir tekli emes. Ma'selen, jumıs ornının' miynet iskerligi ushın qolaylılıg'ına baylanıslı respondentlerdin' juwapları: "Qolaylı, mekememiz jag'dayına jarasa bar" (22%), "Jazg'a qaray awırlaw, ventilyatsiya durıs islemeydi" (12%), "Qısında jaqsı emes, batereyalar durıslı qızbaydı" (8%), "Tolıq talapqa juwap beredi dep ayta almayman" (58%). Respondentlerdin' juwaplarınan sol na'rse ayan, jumıs ornının' qolaylıg'ına baylanıslı kemshilikler jeterlik da'rejede. Sol na'rseni tu'siniw kerek, o'ndiristin' a'sirese sanaat ta'sirinin' adamnın' densawlıg'ına ilgerilep bara beriwi o'ndirislik turmıstı jaqsılawdı talap etedi.[54]

Qa'wipsizlik texnikasına baylanıslı ha'm respondentlerdin' onshelli kewli tolmaydı: "Bul boyınsha biraz jumıs islengen jerler de bar, jumıs islenbegen jerler de bar" (44%), "Nebir u'p-u'lken mekeme yakiy ka'rxanada qum toltırılg'an shelek te ko'zge tu'speydi" (4%), "Bul ma'selege itibardı ju'da' ku'sheytpese bolmaydı" (50%), "Basqa pikir" (2%).

İlim ha'm texnikanın' bir arnag'a quyg'an a'sirinde, elektronika, avtomatlastırıw, kompyuterlestiriw zamanında jasap atırmız. O'ndiristin' qaysı tu'ri bolsa da, onı pult penen basqarıw tan' bolmay qaldı. Pult penen basqarıw ha'mme ta'repleme - o'ndirislik, ekonomikalıq, ma'deniy h.t.b. a'hmiyetli. A'sirese bazar ekonomikası qatnasları tusındag'ı iskerliklerdin' almasıwının' intensifikatsiyasın a'melge asırıwdı ku'sheytiwde pult penen basqarıw qanday operatsiyanın' bolsa da tabıslı keshiwin qadag'alay aladı. "Siz isleytug'ın

[54] Алиханов Б.Б. Экологическая безопасность в Центральной Азии и катастрофа Аральского моря // Экологический вестник. 2008, №9, с. 5

ka’rxananın’ pu’tkil iskerligin pult penen basqarıw iske tu’sken be?” degen sorawg’a respondentlerdin’ 60% “joq” dep juwap berdi. Qalg’anlarının’ juwapları bılay bo’lingen: “Qon’ırattag’ı soda zavodında isleymen, a’ne sol jerde pult penen basqarıw bar” (2 %), “Pult penen basqarıwdı kompyuterlesken jag’dayda qa’legen ka’rxanada, mekemede, oqıw ornında iske asırıw bu’ginliginde qıyın bolmasa kerek, tek inta kerek, a’lbette qa’rejet kerek te” (28%), “Bir na’rse dewge qıynalaman” (16%).

Miynet, miynet iskerliginin’ insannın’ ku’ndelikli turmıs obrazı sıpatında ja’miyetlik o’mirdegi ornı, roli haqqında informatsiyanı alıp turıwg’a, a’lbette insan qızıqpawı mu’mkin emes. Aqırı, o’mir bir orında turmaydı, mudamı ha’rekette, ag’ısta. Ku’ndelikli ku’n ko’ris, jasaw, o’mir su’riwdin’ parametrleri, bu’ginliginde ju’da’ quramalasqan geyde qıyınlasıp ha’m baratırg’anday. Bundayda insan o’mirdin’ maqseti, ma’nisin qayta-qayta elekten o’tkiziwge tayar. Ol ku’ndelikli jumıs ha’m jumıstan tısqarı waqıttı analizlewdi talap eter eken, bul jag’daydın’ tez-tezden qosımsha informatsiyag’a iye bolmay mu’mkin emesligi anıq. Qullası adam informatsiyasız jasay almaydı. Respondentlerdin’ ko’pshiligi (66%) bunday informatsiyanı televidenie arqalı alatug’ınlıg’ın tastıyqlasa, 24% gazeta-jurnallar, 4% ilimiy, ilimiy-ko’pshilik basılımlar, 6% xızmet babındag’ı materiallardan paydalanatug’ınlıg’ın aytadı.

Sonday aq soralg’anlardın’ 40% miynet iskerligine tiyisli informatsiyanı “O’zbekistan”, “Ëshlar”, 16% Qaraqalpaqstan, 44% “ORT”, “Vesti” (Rossiya) telekanalları arqalı alatug’ınlıg’ın tastıyqladı.

Sawalnamada miynet, miynet iskerliginin’ ha’zirgi halatı, og’an soralg’anlardan basqa shan’araq, miynet ja’ma’a’si bahalawları, sonday aq Qaraqalpaqstan, pu’tkil elimiz ko’leminde miynet iskerliginin’ keleshegi tuwralı pikirleri soralg’an sawallar bar.

Miynettin’, miynet iskerliginin’ ha’zirgi halatı respondentlerdin’ 40% qanaatlandıradı, 6% tolıq qanaatlandıradı, 44% onshelli qanaatlandırmaydı, 10% basqa pikirge iye.

Sonday aq soralıwshılar jasap atırg’an aymaqtag’ı shan’araqlar, miynet ja’ma’a’lerinin’ miynet iskerligine qatnasına respondentlerdin’ bahalawı: “Jaqsı” (60%), “Jaqsı emes” (36%), “Basqa pikir” (4%).

Qaraqalpaqstan, pu’tkil elimiz ko’leminde miynet iskerliginin’ keleshegi tuwralı respondentlerdin’ 42% onın’ bu’gingiden anag’urlım jaqsı bolatug’ınlıg’ına isenim menen qaraydı. 36% miynetti materiallıq ha’m morallıq xoshametlew ku’sheyedi dese, 22% kompyuterlesiw, avtomatlastırıw ha’wij alatug’ınlıg’ın tastıyqlaydı.

Solay etip, miynet iskerligine baylanıslı o’tkerilgen sawaldın’ (oprostın’) mag’lıwmatların na’zerin’izge usına ha’m onı ma’lim da’rejede analizlew, ulıwmalastıra otırıp, miynet iskerliginin’ ha’mme parametrlerin tolıq qamtıw imkaniyatı bolmag’anlıg’ın aytıwımız ha’m bunı tolıqtırıp barıw keleshektin’ keshiktirip bolmaytug’ın izertlew obekti ekenligin na’zerde tutamız. Sonın’ menen birge juwmag’ında to’mendegilerdi esapqa alıwdı maqul dep oylaymız.

1. Miynet iskerligin, onın’ normal keshiwine elimiz siyasatı da’rejesindegi ilajlardın’ xalıqtın’ turmıs obrazındag’ı ornı ha’m roline unamlı ta’sirin hesh ha’m biykarlamastan, bul boyınsha islenetug’ın jumıslardın’ ele de barshılıg’ın, a’sirese kishi biznes, isbilermenlikti rawajlandırıwda kvalifikatsiyalıq miynettin’ o’risinin’ ele ken’eyiw za’ru’rligi bar.
2. Miynet iskerliginin’ kewildegidey a’melge asırılıwı jumıs ornının’ qolaylıg’ı menen baylanıslı bolar eken, sawal juwmaqlarına su’yensek, ol boyınsha islenetug’ın jumıslardın’ mol ekenligin an’ladıq.
3. Soralıw juwmag’ı boyınsha Qaraqalpaqstan telekanalı arqalı miynet iskerligine tiyisli informatsiyanın’ biraz to’menligi sezilerli. Bug’an itibar beriliwi tiyis.

## Juwmaqlaw

İzertlew jumısımızdın’ na’tiyjeleri boyınsha to’mendegi juwmaqqa kelemiz.

1. Turmıs obrazı, a’sirese onın’ birden-bir quramlas bo’legi – miynet iskerliginin’ ilimiy izertleniwi ha’rqıylı ilimiy bag’darlar ta’repinen a’melge asırıladı. Miynet iskerligi insannın’ turmıs obrazının’ basqa elementlerinen erterek ju’zege kelgen, sol sebepli onın’ o’mir su’riw, jasawının’ ha’mme halatına ha’m da’wirine ta’n bolg’anlıqtan, mazmun, ma’nisi boyınsha sotsiallıq xarakterge iye. Bul onın’ ju’zege keliw, o’mir su’riw, rawajlanıwının’ negizgi tendentsiyaların ashıwdı aktuallastıradı.

Turmıs obrazına sotsiallıq-filosofiyalıq qatnastı biraz konkretlestiriw za’ru’rligi ol tuwralı jarıq ko’rgen miynetlerdin’ teoriyalıq-metodologiyalıq aspektte birdey emesligi menen baylanıslı.

“Turmıs obrazı” tu’sinigin anıqlawda tu’siniktin’ o’zinin’ ne ekenligin anıqlaw za’ru’rligi payda boladı. Bul boyınsha teoriyanın’ empiriyag’a qarama-qarsı qoyılıwınan shıg’a otırıp, turmıs obrazın izertlewdin’ tiykarg’ı punkti sotsiallıq filosofiya bolmawı mu’mkin emesligin anıqlaymız.

2. Turmıs obrazı tu’siniginin’ mazmunın sotsiallıq-filosofiyalıq aspektte, demek bul fenomennin’ sa’wleleniwin jer ju’zlik tariyxtın’ kontekstinde qaray otırıp, onın’ du’zilisinin’ adamlardın’ miynet iskerligi, ja’miyetlik-siyasiy iskerligi, ma’deniy-bilimlendiriw iskerligi ha’m turmıs iskerliginin’ tiplik momentleri quraytug’ınlıg’ın konkretlestirip anıqlama beremiz.

Turmıs obrazı bul ja’miyetlik rawajlanıwdın’ ma’lim sharayıtındag’ı individlerdin’ turmısının’ ma’lim tipii, ol iskerliktin’ tu’rleri ha’m usıllarının’ birligi, adamlar arasındagı baylanıs ha’m qatnaslardın’ birligi menen, sonday aq olardın’ oylaw obrazı ha’m ruwxıy kelbeti menen xarakterlenedi.

3. Turmıs obrazın izertlewshiler og’an ha’rqıylı anıqlamalar berip ha’m onın’ ta’replerin ha’rqıylı tu’sindiriwine qaramastan, olardın’ derlik basım ko’pshiligi miynet sistemasının’ turmıs obrazı strukturasında bas orıng’a iye ekenligine hesh ha’m gumanlanbaydı.

a) Miynettin’ ma’nisi, tiykarı onın’ maqsetke muwapıq iskerlik bolıwı menen baylanıslı.

b) Miynet adamnın’ o’mir su’riwinin’, jasawının’ ta’biy sha’rti, qa’legen sotsiallıq formadan biyg’a’rez, adam ha’m ta’biyat arasındag’ı zat almasıwdın’ sha’rti.

4. Miynettin’ adamzat tariyxındag’ı ornı ha’m rolin mu’lkiy ten’sizlikke tiykarlang’an, tiykarlanbag’an da’wirlerge ta’n jeke g’a’rezlilikke tiykarlang’an qatnaslar, zatlıq g’a’rezlilikke tiykarlang’an qatnaslar, sotsiallasıw tiykarında qaralg’anda ashımayrıqlanadı. Aytayıq, miynettin’ o’nimlerinin’ adamnan biyganalasıwı, jatlasıwı ya kerisinshe h.t.b. Alg’ashqı-obshinalıq, quliyelewshilik, kapitalizm ha’m burıng’ı Awqam mısalında bunı anıqlaw mu’mkin.

a) A’sirese jeke g’a’rezlilikke tiykarlang’an qatnaslar hu’kim su’rgen da’wirlerde adamnın’ ta’biyat penen birlesiwi ju’da’ ku’shli. Aqırı, ta’biyat naturallıq xojalıqtın’ fundamenti, insannın’ ha’r ku’ngi joldası, tiykarg’ı o’ndiriwshi ku’shtin’ – adamnın’ gu’rrin’lesi, misli sırlası.

b) Feodallıq turmıs obrazının’ ulıwma minezlemesin og’an deyingi ja’miyetlik rawajlanıwdın’ basqıshları menen ten’lestiriw menen shegaralaw qıyın. Hesh bolmasa bul ja’miyette azg’antayda bolsa quliyelewshilik ja’miyetke qarag’anda adamnın’ iskerligine ha’m individuallıq tan’lawına imkaniyat boldı. Bug’an tsexlıq sho’lkemlesiw gu’wa.

v) İndustriallıq o’ndiris ha’m sanaat miyneti onın’ o’zinsheligine, individuallıg’ına jol ashadı. Aqırı, jumıstı yuridikalıq jaqtan biyg’a’rez, erkin adam, o’z rabochiy ku’shine erkli adam jumıs beriwi erkli-erksiz jumısshı menen individuallıq sıpatında esaplasıwg’a ma’jbu’r.

g) Burıng’ı Awqam tusında miynet adamının’ ja’miyettegi ornı ha’m roline itibar beriwden go’re onı kishkene shu’y sıpatında ha’m qaramadı. Aqırı, menshiklik qatnaslardın’ ma’lim g’ana tu’rleri menen adamlardı ba’ntlew olardın’ o’z ma’nisin ashıwına irkinish bola berdi. Adamnın’ miynetten, onın’ o’niminen jatlasıwı ku’sheydi.

d) Tek g’a’rezsizlikke erisiw menen menshiktin’ ha’mme tu’rlerinin’ ju’zege shıg’ıwı na’tiyjesinde adamnın’ bar mu’mkinshiliklerin a’melde erkin ko’rsete alıw imkaniyatı payda boldı.

5. Jetpis to’rt jıl hu’kim su’rgen ken’es du’zimi tusında sotsiallıq ten’lik penen qosa adamlardın’ sanasına ma’lim o’zgeshelikke iye ideologiyanı sin’diriwge ku’sh salındı.

6. Ha’mme na’rse ma’mleketke tiyisli, ma’mlekettin’ menshigi degen dogma adamlardın’ sanasınan orın aldı ha’m olardı xojeyinlik sezimnen ayırdı, biyganalastırdı. Bul miynetke qatnasqa unamsız ta’sir etti.

7. Elimiz biyg’a’rez rawajlanıw jolına tu’siwi menen menshiktin’ ha’mme formaları pa’rawan a’melge astı ha’m insan o’zinin’ kim ekenligin, individuallıg’ın an’lap basladı.

8. G’a’rezsiz rawajlanıw tusında miynettin’ rawajlanıwı rawajlanıwdın’ “o’zbek modelinen” kelip shıg’adı.

9. Ekonomikadag’ı demokratiyalıq ha’m bazar qatnaslarına baylanıslı tu’pkilikli qayta qurıwlar, kishi biznes ha’m isbilermenlik, fermerler ushın sharayıtlar, aytayıq, jen’illikler ten’i-tayı joq a’hmiyetke iye.

10. Jan’a, g’a’rezsiz elimiz ja’miyeti adam bolmısının’ norması sıpatında miynet turmıs obrazın ja’riyalay ha’m ornıqtıra otırıp, sanalı tu’rde insan shın ma’nisinde jaqsı jasawı, o’mir su’riwi, iship-jewi, kiyiniwi, u’y-u’skenesine iye bolıwı ha’m la’zzetlene dem alıwı ushın jumıs islewi kerekligin ulıg’lag’an a’piwayı ulıwmainsanıylıq printsipti basshılıqqa aldı ha’m onı praktikag’a engizdi.

11. Zamanago’y ilim ha’m texnikadag’ı protsessti g’a’rezsiz rawajlanıwdın’ artıqmashlıqları menen ushlastırıw, miynet xarakterinin’ o’risi ushın u’lken perspektikalardı ashadı. Aqırı, o’ndiriske jan’a sho’lkemlestiriwshi-texnologiyalıq qatlamlardı engiziw miynet adamının’ kvalifikatsiyasına ha’m ulıwma ma’deniyatına joqarı bahalar qoyadı.

12. Tag’ı bir a’hmiyetli problema sotsiallıq waqıttın’ dinamikası menen baylanıslı. Sebebi jumıs waqtına qarag’anda bos waqıttın’ biraz ko’beyiwi tikkeley

jan’a ja’miyettin’ gumanistlik maqsetlerdi a’melge asırıw boyınsha talaplarınan kelip shıg’adı. Qashannan aytıladı: waqıt – bahası joq sıy.

13. Konkret-sotsiologiyalıq izertlew (opros) na’tiyjeleri boyınsha ma’lim juwmaqlar ha’m usınıslar na’zerde tutılıwı tiyis.

## Paydalanılg’an a’debiyatlar dizimi


1. Конституция Республики Узбекистан. Т., 2012
2. Конституция Республики Каракалпакстан. Н., 2006
3. Каримов И. Узбекистан национальная независимость, экономика, политика, идеология. Т.: Ўзбекистон, 1996
4. Каримов И.А. Родина священна для каждого. Соч. Т.3. Т.: Ўзбекистон, 1996
5. Каримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. Т.: “Маънавият”, 2008
6. Karimov I. Amalga oshirayotgan islohotlarimizni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyati qurish – yorug’ kelajagimizning asosiy omilidir. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasining 21 yilligiga bag’ishlangan tantanali marosimdagi maruza. 2013 yil 7 dekabr. T., 2013
7. Karimov I. Mamlakatimizda demokratik islohotlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish kontseptsiyasi: O’zbekiston Respublikasi Oliy Majlisi Qonunchilik palatasi va Senatining qo’shma majlisidagi maruza. 2010 yil 12 noyabr. T., “O’zbekiston” NMİU, 2010
8. Каримов И. Узбекистан на пороге XXI века. Угрозы безопасности, условия и гарантии прогресса. Т., “Ўзбекистон”, 1997
9. Каримов И. Углубление демократических реформ и формирование гражданского общества – основа будущего Узбекистана. Т., Узбекистан, 2013
10. Тынышлық ҳәм татыўлық – елимиз раўажланыўының ҳәм халқымыз пәраўанлығының тийкары // Еркин Қарақалпақстан, 2014-жыл 13-май
11. Абилов У. Оптимизм и пессимизм в диалектике развития, научно-философской мысли. Т.: Фан, 1992
12. Абдимуратов П. Қарақалпақ халқының үрп-әдет, дәстүрлери ҳәм оның жаслар тәрбиясындағы әҳмийети. Н., “Билим”, 1997
13. Алиханов Б.Б. Экологическая безопасность в Центральной Азии и катастрофа Аральского моря // Экологический вестник. 2008, №9

14. Алимбетов Ю. Турмыс образы. Н., 1992
15. Алимбетов Ю. Взаимодеиствие национального и общечеловеческого // Мустақил Ўзбекистон: фалсафа ва ҳуқуқ фанларининг долзарб муаммолари. Т.: “Фан”, 1994
16. Артемов В.А. Изменение условий и образ жизни // Социологические исследования. 1995, №1
17. Алимбетов Ю. О структуре образа жизни народа. // Вестник Каракалпакского отделения АН РУз. 2006 №2.
18. Алимбетов Ю. Некоторые теоретико-методологические вопросы, исследования образа жизни народа. // Вестник Каракалпакского отделения АН РУз. 2009 №1.
19. Аширбеков У. Экологические и социально-экономические аспекты Южного Приаралья // Вести Каракалпакстана, 28 мая 2002 года
20. Әуезов М. Абай жолы. I том. 1961
21. Бабашев Ш. Юсуп ийшан Сәйеке улы ҳаққында // Қарақалпақстан жаслары, 2010-жыл 23-октябрь
22. Бутенко А.П. Образ жизни: проблемы и суждения. М., 1978
23. Бутенко А.П., Колесниченко Ю.В. Менталитет россиян и евразийство: их сущность и общественно-политический смысл // Социологические исследования 1996 №9
24. Возмитель А.А. Образ жизни: от старого подхода к новому // Социально-политические наука – 1992 №1
25. Гельдыева А.Ч. Национальная культура и личность. Т.: Ўзбекистон, 1993
26. Гуревич А.Я. Категории средневековой культуры. М., 1972
27. Джаббаров И. Ўзбек халқи этнографияси. Ўқитувчи. Т., 1994
28. Джаббаров Ж.Д. Язык как фактор развития духовной культуры народов. Т., 1991
29. Джаббаров И.М. Ремесло узбеков южного Хорезма в конце XIX - начале XX в. (Историко-этнографический очерк) // Занятия и быт народов

Средней Азии. “Наука”, 1971
30. Дробницкий О.Г. Понятие морали. Историко-критический очерк. М., 1974
31. Здравомыслов А.Г. Методология и процедура социологических исследований. М., 1989
32. Кулишер И.М. История экономического быта Западной Европы. М., Л. 1931, Т.1.
33. Келле В.Ж., Ковальзои М.Я. Теория и история. М., 1981
34. Крутова О.Н. Проблема человека в социальной философии. М., “Наука”, 1990
35. Краткий психологический словарь. М., 1993
36. Крапивенский С.Э. Социальная философия. Волгоград. 1994
37. Қудайбергенова П.Т. Миллий турмуш тарзи, унинг мустақиллик йилларида тараққиёт хусусиятлари. Автореферат. Т., 2005
38. Леонтьев А.Н. Деятельность, сознание, личность. М., 1995
39. Лапин П.В. Социальные ценности и реформы в кризисной России // Социологические исследования. 1999, №9
40. Наджимов Г.Н. Народные традиции и культуры. Т., Ўзбекистон, 1992
41. Нишанов М.Н. Обновления духовной жизни наций. Фан. Т., 1992
42. Новейший философский словарь Минск, 1999
43. Отамуратов С. Национальное самосознание и интернациональное воспитание. Т., Ўзбекистон – 1991
44. Плеханов Г.В. Избр. Философ. Произв. Т. V. М., 1958
45. Платон. Сочинения. М., 1974, Т.3. ч. I.
46. Психология личности и малых групп. Л. 1987
47. Умирзакова О.П. Общечеловеческие ценности: национальные традиции и обычаи в развитии // Общественные науки в Узбекистане. 1991, №2
48. Умаров Б. Не всем же жить хозяевами. // Народное слово, 1993, 27 января
49. Савруцкая В.Н. Образ жизни и исторические формы общения. К., 1989

50. Сабурова Д. Женщины Каракалпакстана: труд, быть, равноправие. Нукус, Каракалпакстан. 1989
51. Сагындыков Ж. Проблема совершенствования форм досуга и духовного общения сельских тружеников. Нукус, Каракалпакстан, 1990
52. Трактат о взглядах жителей добродетельного города. В кн: Григорян С.Н. Из истории Средней Азии и Ирана VII-XII веков. М., 1960
53. Фалсафа. Қомусий луғат. Т., 2004
54. Цицерон. О старости, о дружбе об обязанностях. М., 1974
55. Шодиметов Ю. Научно-технический прогресс, образ жизни и здоровые. Т.: Ўзбекистон, 1987
56. Штофф В.А. Проблемы методологии научного познания. М., 1987
57. www.ziyonet.uz
58. www.anthropology.ru
59. www.google.uz